

**ISHENGERO RY'ABADVANTISTE B'UMUSI  
W'INDWI**

**INIYO Y'UBURUNDI**

**IGISATA C'ISHURE RY'ISABATO**



**INDONGOZI YO KWIGA BIBILIYA Y'ABAKUZE**

**IGIKORWA C'IMANA CO KURONDERA ABAZIMIYE**

**IGIKORWA CANJE CO KURONDERA ABAZIMIYE**



**Igice ca kane**

**GITUGUTU – MUNYONYO - KIGARAMA 2023**



**URUKURIKIRANE RW'IBIKORWA N'UMWANYA: IMINOTA 80**

<b>9:00 à 9 : 15</b>		<b>UMWANYA WO GUTAZIRA IMAMA</b>	<b>Indirimbo: Abantu bose. Umuntu umwe, abantu babiri, Umugwi w'abaririmvyi. Indirimbo z'agacerere (Amakaseti, Ikinanda).</b>
<b>9:15 à 9:35</b>	<b>20</b>	<b>GUTANGURA ISHURE RY'ISABATO</b>	<b>Kwakira abashitse + Indirimbo+ Isomo Isengesho. Icegeranyo c'Ivyakozwe kw'Isabato iheruka Inkuru z'Ivugabutumwa mw'isi. Indirimbo Yatoranijwe.</b>
<b>9:35 à 9:45</b>	<b>10</b>	<b>Mu Tugwi Gukomeza Ubucuti</b>	<b>Guhamagara Amazina. Kwakira Abashitsi. Integuro yo Gusura Abarwaye n'Abasivye</b>
<b>9:45 à 9:55</b>	<b>10</b>	<b>Mu Tugwi Gushinga Intahe</b>	<b>Intahe y'Imihezagiro yo muri iyi ndwi Intahe y'Ibikorwa vy'Ivugabutumwa. Integuro y'Ivugabutumwa mu ndwi iza Isengesho ryo mu Mugwi.</b>
<b>9:55 à 10:30</b>	<b>35</b>	<b>Mu Tugwi Kwiga Indongozi</b>	<b>Iminota 35 : Kubaza Ibibazo no Kwishura Ibibazo Bijanye n'icigwa</b>
<b>10:30 à 10:35</b>	<b>5</b>	<b>GUHERAHEZA ISHURE RY'ISABATO</b>	<b>Kurangiza. Indirimbo : Abantu Bose. Isengesho ryo Kurangiza.</b>

## URUTONDE RW'IVYIGWA

1. Igikorwa c'Imana co kuza kuturondera: Igice ca 1 (30 Nyakanga – 06 Gitugutu 2023)
2. Igikorwa c'Imana co kuza kuturondera: Igice ca 2 (07 – 13 Gitugutu 2023)
3. Akamo k'Imana ko kuja kurondera abazimiye (14 – 20 Gitugutu 2023).
4. Gusabikanya igikorwa c'Imana (21 – 27 Gitugutu 2023)
5. Inzitwazo zo kutaja kurondera abazimiye (28 Gitugutu – 03 Munyonyo 2023)
6. Igishika no kwitegurira kuja kurondera abazimiye (04 – 10 Munyonyo 2023)
7. Igikorwa ku mubanyi wanje (11 – 17 Munyonyo 2023)
8. Kujana ubutumwa mu bari mu ngorane (18 – 24 Munyonyo 2023)
9. Igikorwa c'Imana ku bahambaye (25 – 01 Kigarama 2023)
10. Igikorwa c'Imana ku batarashikirwa : Igice ca 1 (02 – 08 Kigarama 2023)
11. Igikorwa c'Imana ku batarashikirwa : Igice ca 2 (09 - 15 Kigarama 2023)
12. Esiteri na Morodokayi (16 – 22 Kigarama 2023).
13. Iherezo ry'igikorwa c'Imana (23 – 29 Kigarama 2023)

## ***Icigwa c'amagara: AMAZI YO KUNYWA***

Bavukanyi, Benedata na Bashiki banje, ndabaramutsa. Amahoro y'Imana Data wa twese abane namwe aho iwanyu muherereye. Abarundi barayamaze bati: "Ubwiza buca mu kanwa". Barongeye kandi bati: "Amagara aramirwa ntamerwa".

Muri kino cigwa, turaja gushimikira cane ku mazi yo kunywa. Amazi n'iki? Angana gute kw'ino si yacu? Utumaro tw'amazi n'utwahe? Ni ryari twonywa amazi? Twonywa amazi angana gute? Mbe amazi twanyoye yoba asohoka gute? Mbe kunywa amazi akanye harico bidufasha? Ngibi bibazo bitandukanye tuja kugerageza guca hirya no hino muri kino cigwa.

### **Amazi n'iki?**

**Amazi n'ikintu kidasubirizwa mu bikorwa ajejwe. Abafaransa bayita "Solvant universel."**

### **Angana gute kw'ino si yacu?**

Ivyigwa vyakozwe vyarerekanye ko amazi angana n'ibice 75 kw'ijana vy'uburinganire bw'umubumbe w'Isi. Birumvikana rero ko hariho icatumye Imana ishira amazi angana gutyo.

### **Utumaro tw'amazi n'utwahe?**

Amazi arakoreshwa mu bintu vyinshi. Ehe raba namwe! Amazi arakoreshwa:

- **Isuku:** ry'umubiri (kwoga, kumesura, gukaraba), ibikoresho vyo mu nzu
- Gukinjika/ Guteka
- Kwubaka
- Kuvomera
- Kunywa

### **Ni ryari twonywa amazi?**

Amazi twonywa igihe cose twumvise inyota. Abahinga baravugako ari vyiza cane kunywa amazi umusi wose makemake. Ariko rero kunywa amazi umaze kwumva inyota ntabwo ari vyiza na gato kuko biba bimeze nk'isafuriya umuntu atekamwo ibanza kuduza umwotsi imbere yuko ivyo watetse bizigira. Inyota ni ikimenyamenya ntabanduka yuko umuntu agire atangure kuzigira.

- 1. Amazi rero ni vyiza ko twonywa mu gitondo tukivyuka.** Aha rero ni vyiza ko tworara twiyugumuye kugira amazi tunywa mu gitondo agire akamaro cane.
- 2. Kunywa amazi iminota 30 imbere yo gufungura canke amasaha abiri twahejeje gufungura.** Dukwiye kwibagira kunywa amazi turiko turafungura kuko bifise ingaruka mbi ku magara yacu. Bituma umushishito usya bigoye

imfungurwa kuko ubanza gukuramwo amazi, hanyuma ukabona gusya. Ikindi naco nuko bimwe bimwe mu vyo umubiri wari ukeneye biheza bikayongera mu mazi.

Hari bindi biringo vyiza cane abahinga b'amagara y'abantu bavuga ko umuntu yokwihereza amazi. Ivyo biringo navyo n'ibi:

- ✚ Kwihereza ibirahuri 2 vy'amazi ucikangura bituma ibihimba vy'umubiri vy'imbere bikangurirwa gukora neza;
- ✚ Kunywa ikirahure kimwe c'amazi iminota 30 imbere yo gufungura bituma umushishito usya neza ivyo bifungurwa wihereje;
- ✚ Ikirahure 1 imbere yuko woga biragabanya imirindi y'amaraso;
- ✚ Ikirahure kimwe imbere yuko usinzira biragabanya ingorane z'imeneka ry'imitsi mu bwonko canke y'umutima;
- ✚ Kunywa amazi imbere yuko turyama biranagabanya kugira imbwa zifata amaguru.

### **Twonywa amazi angana gute?**

Iki kibazo nic'inkora mutima cane. Urugero rw'amazi ruratandukana ku mvo zimwe n'izindi. Nk'akarorero: ibiro, imyaka, ibikorwa ukora, aho umuntu aba (Hakanye canke hashushe).

Icitonderwa muri ibi vyose, twomenya ko atari vyiza ko turinda kugira inyota kugirango ubone kunywa amazi. Umuntu anywa amazi neza ntiyigera agira inyota na rimwe. Kugira inyota bisobanurako urugero rw'amazi mu mubiri rwagabanutse rugeze ku bice 60%. Ariko ku muntu akuze, ntawokwigera aja musu y'amalitiro 2 y'amazi buri musu.

### **Utumaro two kwihereza amazi akwiye**

Kunywa amazi akwiye buri musu bituma:

- (1) utameneka umutwe,
- (2) utagumbiza,
- (3) amaraso atembera neza,
- (4) gukora neza kw'iyungiro ry'amagufa,
- (5) gusohora imyanda iri mu mubiri,
- (6) udakama amazi mu mubiri (Déshydratation),
- (7) kutarwara umushishito,
- (8) ukutagira inguvu,
- (9) umutima ukora neza,
- (10) ugira urukoba ruremvyeye,

- (11) utagira ibivyimba,
- (12) imikoyo ntibe ihinze canke wumve ikaze cane ku maso
- (13) Kwoza ibihimba vy'umubiri

**Igihamya:** Umuhanuzikazi Ellen G. White yaranditse mu gitabo **Inama ku mirire n'ivyo kurya** ati: “Ntimukigere mwihereza caba icayi, yaba ikawa, yaba inzoga, yaba imitobe canke ibindi vyo muri ubwo bwoko. Amazi nico kintu giseseka kibereye kugira ngo coze ibihimba vy'umubiri.”

- (14) Kuvura ubushuhe imbere yuko dushika kwa Muganga.

**Igihamya:** “Mu gihe c'ubushuhe, iyo baja guhereza abo barwayi amazi nk'ikinyobwa, kandi bakongera bakabashirako ibintu bikanye, imirango hamwe n'amajoro vy'imibabaro vyari gushobora kuba kure yabo kandi ubwo buzima buba bwarashoboye kurokoka. Abantu benshi barahitanywe n'umururumbo. Bapfuye inyuma y'ububabare budasanze, iyo baja kuronka akaryo ko kunywa amazi inyota iba yaraheza kandi bagakira. Hama hakoreshwa amazi mukuzimya imiriro yadutse iba ibangamiye inyubakwa ariko tugashira amazi ku ruhanda mu gihe ashoboye kuzimya umuriro uba uriko uratongora inguvu zikenewe z'ibiremwabantu.”

- (15) Kuturinda indwara

**Igihamya:** “Ku barwayi hamwe n'abatarwaye, amazi meza n'umwe mu bintu vy'igiciro kadasanzwe vyatanzwe n'ijuru. Ugukoreshwa kwayo neza bizana ubuzima. N'ikinyobwa ciza Imana yahaye abantu n'ibikoko. Muyanywe agwiriye. **Arafasha umubiri mukwirinda indwara.**” The Health Reformer, Janvier 1871 727.

### **Ingaruka zo kunywa amazi ukarenza urugero**

Kunywa amazi menshi birafise ingaruka mbi ku magara yacu. Kuvyimba kw'uduhimba tw'amaraso bigatuma ubwonko bukora nabi, kugabanuka kw'icunyunyu Sodium (**hyponatremie**), ingorane z'amafyigo, kuvyimbagira, ivumbuka ry'imirindi y'amaraso mu bwonko.

### **Mbe amazi twanyoye yoba asohoka gute?**

Amazi tunywa asohoka mu buryo bukurikira:

- ✓ (1) Mu masobe,
- ✓ (2) Mu vyuya,
- ✓ (3) Mu mwanda mukuru,
- ✓ (4) Impwemu dusohora,
- ✓ (5) Amosozi

## Mbe kunywa amazi akanye harico bidufasha?

Kunywa amazi akanye ni bibi cane. Umushishito ntabwo ushobora kwemerera ikintu gikanye canke gishushe ngo kirengane kitabanje kuba gifise ubushuhe bungana n'ubw'umubiri. Amazi akanye rero bisaba ko umushishito ubanza kuyashusha. Niyo mpamvu ushobora kubona umuntu anyoye amazi akanye agira ivyuya vyinshi kubera inguvu umubiri uriko urakoresha kugira uyashushe. Amazi abereye kandi meza cane ku mubiri wacu ni amazi y'akazuyazi.

Mpwemu w'ubuhanuzi aduhanura ati: “Benshi bakora ikosa ryo kunywa amazi akanye bariko barafungura. Iyo uyafashe uriko urafungura, aragabanya cane isukwa ry'amate mu kanwa; kandi uko amazi aba ayakanye, niko umushishito uhasinzikarira. Amazi hamwe n'ibintu vyose bikanye bifashwe umuntu ariko arafungura bihagarika ugusya ivyo twihereje gushika aho umubiri uhereza kubanza kubishuhiriza mu mushishito kugira ngo umushishito ubone gutangura igikorwa cawo.”

Twumve neza yuko igihe cose tunyoye amazi akanye, uko bigenda iyo twayanyoye turiko turafungura ni nakwo bigenda iyo twayihereje yonyene akanye. Imbere yuko arenga mu mushishito, ni ngombwa umubiri ubanze ushusha umushishito urimwo ya mazi maze amaze kugera ku bushuhe bwiza bw'umubiri umushishito ubone kuyarekura abandanye urugendo rwayo.

Imana idushoboze kubungabunga umubiri wacu.

Iki cigwa mwagiteguriwe na Mwene so **Dany NTIHABOSE**

## Reka amajambo mutangure kugira ikintu mukoze!

Mu myaka iheze, kimwe mu binyamakuru vyacu vy'Abadvantiste, cigeze gusohora umugani wavuga ibijanye n'ikidengeri c'amazi giteye ubwoba. Mu gihe abantu baba bariko baca mu nzira yaca muri co, kenshi na kenshi barananirwa maze bagahera muri co. Amajwi yabo yo gucikana yakunda kwumvikana mu gisagara cose cari i ruhande y'aho hantu. Vyari bibabaje.

Abantu bahavuye bakoranya inama nkuru y'igisagara. Uko biri, barakunda gukoranya amanama menshi nk'ayo. Ivyiyumviro vyinshi hamwe n'ibitabo vyinshi vyarihweza imvo n'ibindi bintu bishobora gutorera inyishu ico kibazo. Ariko nta kintu na kimwe cakorwa uretse gusa kuguma bakorana kandi bavuga. Ibiganiro nk'ivyo vyamaze ikiringo c'imyaka myinshi. Abantu mbere barandika n'ibitabo kur'iyi ngingo. Mbere baranatumizako abarimu bo gushikiriza ivyigwa. Abantu baragurisha n'ivyo batunze kugira ngo begeranye amahera yo kuronderera ibifungurwa abantu bamara amasaha menshi bicaye mur'ayo makoraniro.

Erega, hari n'amahera yatozwa kugira ngo bazohave bubaka inzu y'amakoraniro y'izo nama kugira ngo amajwi y'abantu bagwa mur'ico kidengeri ntazoshobore kuzibiranya ababa bicaye mur'ivyo biyago vyaguma bikorwa. Ariko nta muntu n'umwe yagerageza kugira ico akora kugira ngo afashe abantu baba bari mur'izo ngorane. Kandi nta muntu n'umwe yagira ico akora kugira ngo abuze ko abantu benshi baguma bagwa mur'ico kidengeri. Baguma gusa bavuga.

Rero ishengero ryose muri rusangi canke umugwi wanyu w'ishuri ry'Isabato mu buryo bw'umwihariko ntirishaka kuba nk'abo bantu bo mur'ico gisagara. Turakunda ikiringo cacu co gusengera hamwe, kwiyumvirira hamwe, gusabikanya no guhanahana ivyiyumviro. Ariko turondera gushika kure kugira ngo tugire ico dukorera abantu badukikije. Dushaka kuzana amahinduka aho tubaye no kw'isi yose. Dushaka ko igikorwa kirangira, kandi dushaka ko Yesu agaruka.

Indongozi yo kwiga Bibiliya yo muri ano mezi atatu yagenewe kudukangurira gushira ivyiyumviro vyacu ku kungene twosohoka tukaja ahantu hanaka maze tukagira ikintu dukora. Tuzokwihweza inkuru nyinshi zo muri Bibiliya. Tuzosoma ibintu vyinshi binejereje vyagiye bishika kandi tubone n'uburorero bwinshi. Tuzokwiga ibijanye n'ibikoresho dufise vyo kudufasha mu gihe co kuja kubwira ubutumwa ababanyi bacu (cane cane barya bantu batigeze baba Abakristo). Ariko ivyo bizoba akaryo gusa ko kurabirako no kudusunika. Umwitwarariko nyakuri, intimatima nyakuri ya buri cigwa, ni vyo tuzogenda dusangizwa ku misi ya gatanu ya buri yinga – akamo ko kuja kuvuga ubutumwa, nk'uko biri, no kugira ico dukora.





Tuzosabikanya ivyigwa vy'iyobokamana kandi dutange n'ivyiyumviro hamwe n'ibikoresho muzokoresha. Kandi buri gace kose k'icigwa co ku wa gatanu kazogira ico kavuga ku kuntu ivyo bibazo biriko bitorerwa inyishu. Bizotangura vyoroshe. Ariko uko ayo mezi atatu azogenda yegereza ku mpera yayo, ni ko hazogenda haboneka ibindi bibazo. Ihangiro ni iry'uko umwe wese muri twe agira izo ngorane iziwe, asenge kugira ngo Mpwemu Yera atuyobore, yongere kandi afate umwanya wo kwinjira mu bintu bizohanahanwako ivyiyumviro mw'iyinga rikurikira. Uyu si umwanya wo kwishira hejuru, ariko ni umwanya wo gusabikanya n'abandi – haba mu vyagenze neza canke mu bitagenze neza. Mu gihe duhanahana ivyiyumviro, ni ko umugwi wacu ugenda wunguka ibindi vyiyumviro. Imitwaro yo gusengera nikwo izogenda yongerekana (iy'umuntu ku giti ciwe n'iy'umugwi wose muri rusangi).

**Icipfuzo cacu ni uko twozofata iki cigwa c'aya mezi atatu nk'aho ari muri ca gihe Mpwemu Yera yahingura neza ibikorwa vyacu biciriritse hama akabikoresha mu kurondera abazimiye mu buryo bw'igitangaza kugira ngo aheshe izina ry'Imana icubahiro n'iteka**

Mu kurangiza, icipfuzo cacu ni ic'uko ivyigwa vyo muri ano mezi atatu vyokwama vyibukwa atari kubera ivyiyumviro vyarimwo gusa, inkuru zari ziryoshe, canke ivyigwa vyimbitse vyo muvy'iyobokamana. Ibi bishobora kuzobamwo – ariko dukeneye vyinshi cane nk'ivyo. Icipfuzo cacu ni uko twozofata iki cigwa c'aya mezi atatu nk'aho ari muri ca gihe Mpwemu Yera yahingura neza ibikorwa vyacu biciriritse hama akabikoresha mu kurondera abazimiye mu buryo bw'igitangaza kugira ngo aheshe izina ry'Imana icubahiro n'iteka

Ibigo vy'ubutumwa bwiza kw'isi yose ubwa mbere vyabanje gushingwa na Konferanse Jenerale mu 1980. Vyakorera muni y'uburongozi bw'ibiro bijejwe Ubutumwa kw'isi yose vy'Abadivantiste muri Konferanse Jenerale. Gushika ubu hariho ibigo bitandatu. Inshingano yavyo ni iyo gufasha amashengero kugira ngo atanguze imigwi mishasha y'abizera mu bantu bo mu karere kanaka badasanzwe ari Abadivantiste mw'isi yose.

Igihe iki cigwa candikwa, abarongozi bakuru b'ivyo bigo (*Petras Bahadur, Richard Elofer, Kleber Gonçalves, Clifmond Shameerudeen, Doug Venn, Amy Whitsett, Greg Whitsett*), bafashijwe na *Homer Trecartin* (umurongozi w'ikigo kimwe ca Misiyo Globale), hamwe na *Jeff Scoggins* (umurongozi ajejwe gukora integuro muri Misiyo Globale), abo bose hamwe ni bo baduteguriye iyi Ndongozi yo kwiga *Bibiliya* yo gukoresha mw'ishuri ry'Isabato. Ukeneye kumenya vyinshi, ja ku rubuga [www.GlobalMissionCenters.org](http://www.GlobalMissionCenters.org).

# Icigwa ca 1

30 NYAKANGA – 06 GITUGUTU 2023

IGIKORWA C'IMANA CO KUZA KUTURONDERA: IGICE CA 1



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 30 NYAKANGA 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Itanguriro 3:9–15; Itanguriro 28:15; Kuvayo 29:43, 45; Matayo 1:18–23; Yohana 1:14–18; Yohana 3:16; Yohana 14:1–3.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE: “Uhoraho Imana ahamagara uwo muntu, aramubaza, at’Uri hehe?”** (*Itanguriro 3: 9*).

Igikorwa co kurondera abazimiye gifise intango n’intumbero yaco mu Mana honyene. Iki gikorwa co kurondera abazimiye nticatanguranye n’ihamagarwa rya Adamu (*Itanguriro 12: 1-4*) canke n’akamo ko Kuva muri Egiputa (*Kuvayo 12: 31-42*). Mbere nticatanguranye na Yesu Kristo kw’isi (*Matayo 1: 18-25*) canke n’ingendo z’ivugabutumwa za Pawulo (*Ivyakozwe n’Intumwa 13: 4-14: 26*). Iki gikorwa co kurondera abazimiye catangujwe n’Imana ubwayo, igihe yarema ijuru n’isi n’ibiri muri vyo vyose hama mu kurangiza ikarema umuntu (*Itanguriro 1: 26, 27*).

Mu Vyanditswe Vyera, tubonamwo ko Imana yafashe iyambere mu kuja kurondera no kwipfuzwa kubana n’abana bayo. Mbere na mbere, yabanje gushiraho imigenderanire myiza hagati yayo na Adamu na Eva. Mbere n’aho icaha cinjiriye mw’isi, yashishikaye ico gikorwa cayo co kurondera abazimiye, ariko ubu ho kijanye no kwongera gushinga imigenderanire yayo n’ikiremwa muntu cose. Impera n’imperuka, igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye kizorangira (*Ivyahishuriwe Yohana 21; 22*), ivyo akaba ari vyo bituma dukwiye kwijukira igikorwa co kwamamaza ubutumwa bwiza buhoraho kw’isi yose (*Ivyahishuriwe Yohana 14: 6, 7*).

Umushinge wo kurondera gukora igikorwa ico ari co cose, nk’uko biri, utegerezwa kwenena ku migenderanire n’Umuremyi no ku gutahura neza inkomoko na kamere vy’igikorwa cayo co kurondera abazimiye. Ariko imbere y’uko dutahura ico gikorwa cayo co kurondera abazimiye, ni ngombwa kubanza gutahura iyo Mana Nyen’igikorwa.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 07 Gitugutu 2023.*

### YA MANA YAZA KUTURONDERA

Imana yaturemye mw'ishusho yayo kandi dusa na yo. Yaduhaye isi itunganye, kandi intumbero yayo yari iy'uko tubaho twifatanije na yo mu buryo bwiza, iyo migenderanire yategerezwa kwenena ku karanga kayo keza: urukundo. Ariko kugira ngo urwo rukundo rwayo rube impamo, Imana yongeye kandi iduha iyindi ngabire y'igicro kinini: kwishira no kwizana – umwidegemvyo wo guhitamwo inzira dushaka gucamwo. Nk'uko biri, Imana yabanje kugabisha Adamu na Eva ku bijanye n'ingorane zishobora kubashikira zitewe n'ubugaba bwabo (*Itanguriro 2: 16, 17*). Satani, ku rundi ruhande narwo, kubw'uburyarya bwinshi ahenda Eva ngo arashobora kurya icamwa co kuri ca giti kimenyekanisha iciza n'ikibi, ariko ngo nti hagire ingaruka mbi zimushikira. Ahubwo, yabamenyesheje ko ngo bashobora guca "bamera nk'Imana, mukumenya iciza n'ikibi" (*Itanguriro 3: 5*). Ikibabaje, Eva yahavuye ahitamwo kurya no guhako Adamu ico camwa, uwo na we yemera gukora nk'ukwo nyene. Vya vyaremwe vyari vyiza cane, kuva ubwo, bica vyanduzwa n'icaha.

Ico gihe icaha caciyeye gihindura integuro n'intumbero kama vy'Imana ko bizongera kubaho mw'isi nshasha izoremwa. Igikorwa c'agakiza, ca kindi cari caratunganijwe kera "imbere y'iremwa ry'isi" (*Abanyefeso 1: 4*), noneho ubu hari hageze ko gishirwa mu ngiro.

**Soma *Itanguriro 3: 9-15*. Mbega ni ayihe majambo ya mbere na mbere Imana yabwiye Adamu aho we na Eva bamariye kugwa mu caha, kandi ni kubera iki iryo tangazo rihambaye cane mu bijanye n'iyobokamana na n'uyu musi?**\_\_\_\_\_

Neza na neza, Imana yari isanzwe izi aho baherereye. Kubwo gutekerwa n'ubwoba bwinshi, Adamu na Eva ni bo bari bakeneye kubona uko ibintu vyariko bigenda. Ariko kandi bari bakeneye no kubanza guca mu ngorane kugira ngo babone gutahura ingaruka mbi z'icaha cabo. Satani na we nyene yari akeneye kuneshwa. Kubw'ivyo, ico gihe Imana yaciye itangura kwerekana integuro yayo: integuro y'agakiza (*raba Itanguriro 3: 14, 15*) – ivyizigiro vyonyene vyo "kwiuzuzura n'abari mw'isi" (*2 Ab'i Korinto 5: 19*).

Dutegerezwa kuraba neza cane, nk'uko biri, bivanye n'ukwo kuntu imbere yo guhangana na Satani n'umuzo w'isezerano ry'umwuzuzo, Imana ni yo yabanje kuza kurondera uwo muntu yari yaguye mu caha. N'ubwo mur'ico gihe wamengo ntavyizigiro bikiriho, ahanini Imana yatoreye inyishu ibibazo bibiri muri kirya kibazo cayo yabajije Adamu: aho icaha cari cadushikanye na kamere yayo yo kurondera

icazimiye. Twarazimiye kandi turakeneye cane gucungurwa. Ni yo ubwayo yaje kuturondera igambiriye kudukiza no kubana na twe.

**Kuva kera hose, Imana ibandanya kubaza, iti: “Mbega uri hehe?” Mu buzima bwawe bwite, mbega ibi bishaka kuvuga iki kubwawe, kandi ni gute wayishuye?**

## **Ku wa kabiri**

**02 GITUGUTU 2023**

### **YA MANA IRONDERA KUBANA NA TWE**

**Soma *Itanguriro 17: 7; Itanguriro 26: 3; n’Itanguriro 28: 15*. Mbega ni iyihe yari intumbero nyamukuru y’Imana muri rirya sezerano yahaye Aburahamu n’abazomukomokako bose mur’iyi mirongo? \_\_\_\_\_**

Mu nkuru ivugwa mw’Isezerano rya Kera, Imana yabandaniye ikora yisunze kamere yayo yo kurondera icari carazimiye kugira ngo ishitse intumbero zayo. Nk’akarorero, inyuma y’umwuzure abantu b’i Babeli bafashe ingingo yo kuguma bari mu kibanza kimwe ngo bubake igisagara n’umunara uzoshobora gushika ku majuru. Vyabaye ngombwa ko Imana ihaseruka, iyoberanya indimi mu ntumbero yo kubasanzaza hirya no hino mw’isi (*Itanguriro 11: 1-9*). Kuva ico gihe yaciye yagura igikorwa cayo co kurondera abazimiye, mu guhamagara Aburamu (wa wundi mu nyuma yahavuye yitwa Aburahamu) ngo abe umuyoboro w’imihezagiro yayo kw’isi yose (*Itanguriro 12: 1-3*). Isezerano Imana yahaye Aburahamu n’abazomukomokako bose ryari riri mu buryo bwinshi, ariko muri ubwo bwose bumwe gusa ni bwo bwigaragaza cane. Mu biringo vyinshi Imana ahanini yagiye ibabwira, iti: “Nzoba Imana yanyu.” “Nzobana namwe.” “Ehe ndi kumwe namwe.” (*raba Itanguriro 17: 7, 8; Itanguriro 26: 3; Itanguriro 28: 15*).

Nk’uko kahise kabandanya kavuga, Yosefu yapfiriye muri Egiputa, ariko yapfuye nk’igikoresho c’agakiza k’abantu b’Imana. Muri buri ntambuko yose y’ubuzima bwa Yosefu – mbere no mu bihe bigoye cane vyo mu buzima bwiwe – Bibiliya yemeza ko “Imana yabanye na we” (*Itanguriro 39: 2, 21, 23*). Mu runganwe rwinshi rwakurikiye, mw’irangurwa ry’igikorwa cayo co kurondera abazimiye, mur’ico gihe Imana yarungitse Mose kwa Farawo nk’umutabazi w’abantu bayo ngo bave mu buja bwo muri Egiputa. Mu kiringo cose Mose yamaze ari “intumwa,” Imana yama imubwira, iti: “nzoba ndi kumwe na we” (*Kuvayo 3: 12*). Umwanya ku mwanya, Yehova yama na ntaryo ashimangira icipfuzo ciwe cimitse co kuba hamwe n’abantu biwe.

Soma *Kuvayo 29: 43, 45*. Mbega ni iyihe yari inshingano imwe nyamukuru ya rirya hema ryo mw’Isezerano rya Kera? Imana yama nta ntaryo ifata ingingo yo kubana n’abantu bayo mu buryo butandukanye. Ico gihe yumvishije Mose icipfuzo cayo co gushaka kuba hagati mu bana bayo b’Abisirayeli mur’iyo nyubakwa y’ihema

ryeranda no mw'ishingwa ry'ubwoko bw'umugirwa udasanze werekeza ku gikoresho kiruta ibindi vyose mur'ico gikorwa cayo co kurondera abazimiye: Yesu Kristo.

“Amashikanwa y'ibimazi, n'igikorwa c'ubuherezi bw'Abayuda, vyari vyashiriweho kugereranya urupfu n'igikorwa c'ubuhuza ca Kristo. Iyo migirwa yose ntiyagira ubusobanuro n'intumbero, itabaye itumberejwe kuri Kristo.” - Ellen G. White, *Advent Review and Herald of the Sabbath, December 17, 1872.*

Mbega ni mu buhe buryo wiyumvamwo ko Imana iri kumwe na we mu buzima bwawe? \_\_\_\_\_

## Ku wa gatatu

03 Gitugutu 2023

### YA MANA YAHINDUKA IMWE NA TWE

Isezerano rya Kera ryerekana ukuntu Imana yatanguye gushira mu ngiro integuro yayo iciye mu bantu bafatwa nk'aho baserukira akaranga kayo n'intumbero yayo kw'isi. Buri kintu cose Imana yakora caba kijaniranye n'inzira zayo zo kurondera umuntu yazimiye. Biciye m'umuvugishwa n'Imana Yesaya, Imana yavuze iti: “Ni jewe Mana, nta yindi duhwaye. Mpera kw'itanguriro nkavuga ibitaraba; nkavuga nt'Imigabo yanje izohama, kand'ivyo nzogomba vyose nzobishitsa” (*Yesaya 46: 9, 10*). Mw'Isezerano Rishasha, na ho kandi, icipfuzo c'Imana co kubana n'abantu cefashe intumbero nshasha. Biciye mu gikorwa ca Kristo co kwiyambika umubiri, ico na co kikaba cari co sezerano rimwe rudende ryatangiye mu Murima wa Edeni (*Itanguriro 3: 15*) ryaciye riba impamo.

**Soma ivy'irya nkuru y'itangazo ryamenyekanisha ivuka rya Yesu muri *Matayo 1: 18-23*. Mbega ni ibihe bintu ngirakamaro iyo nkuru itubwira mu bijanye n'Imana?** \_\_\_\_\_

“Imana iri kumwe na twe.” Imanuweli. Imana yari yarabanye n'abantu bayo biciye mw'ihema ry'ibonaniro, noneho ubu isigaye ibana na bo biciye mu mubiri wa Yesu Kristo w'i Nazareti. Rero, kubw'ivuka rya Yesu, Imana yerekanye icese icipfuzo cayo co gushaka kuguma ibana na twe muri kamere no mu gikorwa cayo co kuturondera: uwo Mwana w'Imana yari umuntu ijana kw'ijana kandi yar'Imana ijana kw'ijana nyene, kandi ni na we yashimangiye, ati: “ ‘Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo: ntawushika kuri Data ntamujanye’ ” (*Yohana 14: 6*).

Imana yabandanije itera ija imbere mu gikorwa cayo co kurondera abazimiye kandi mur'ico gihe, biciye muri Yesu Kristo, yari kumwe n'abana bayo mu buryo bw'umubiri. “Kand'uwo Jambo yihaye umubiri, abana natwe, twitegereza ubwiza bwiwe, n'ubwiza bumeze nk'ubw'Umwana w'ikinege ava kwa Se, yuzuye ubuntu

n’ukuri” (*Yohana 1: 14*), ni we yashikije ubuhanuzi bwo mw’Isezerano rya Kera kandi, yisunze integuro y’Imana, yahindutse umwe na twe, Imana yiyambitse umubiri. Ya Mana yama irondera abantu yabandanije ishitsa ya ntumbero yayo.

**Niwiyumvire kuba urukundo Imana idufitiye ari runini cane gushika n’aho vyabaye ngombwa ko iza kuri twe mu mubiri wacu wa kimuntu. None ni gute dukwiye kwishura kuri urwo rukundo, cane-cane mu bijanye n’igikorwa cacu natwe co kurondera abandi bazimiye?**\_\_\_\_\_

---

## **Ku wa kane**

**04 Gitugutu 2023**

### **YA MANA IBANDANYA KUBANA NATWE**

Ubuzima n’igikorwa vya Yesu ryari ihishurwa ntavuguruzwa ry’Imana. Mu kiringo c’imyaka yababa itatu, Imana yashoboye guhishura neza ico yamye iri n’ico igikorwa cayo co kurondera abazimiye cari gitumbereye kuruta ubundi buryo ubwo aribwo bwose yamye ibikoramwo mu runganwe rwa kera.

Kristo ni we yari “ishusho itunganye y’Imana itaboneka,” wa wundi muri we, “Imana yahimbawe n’uk’ukunengesera kwayo kwose kuba muri we. . . . izanishije impore amaraso yo ku musaraba wiwe” (*Ab’i Kolosayi 1: 15, 19, 20*). Muri Kristo, inkomoko y’igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye cari kigiye ku mugaragaro ijana kw’ijana. Yesu ubwiye ni we yahishuye igikorwa ciwe, mu kuvuga, ngo: “Kand’Umwana w’umuntu yazanywe no kurondera no gukiza icari carazimiye” (*Luka 19: 10*).

**Soma kandi ukoreshe ubwitonzi bwinshi mu kwiyumvira ku bivugwa muri *Yohana 3: 16*. Mbega ni gute ubona ko urukundo n’igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye bifitanye ihuriro ngaha?**

---

Mu nyuma mu gikorwa ciwe, igihe Yesu yari yegereje indwi yiye ya nyuma hano kw’isi mu buzima bwiwe, iherezo ry’ubuzima bw’ikiremwa muntu niryoyashirwa imbere. Ibintu vyakorwa mur’iyo misi vyafataniriza hamwe ivyaha vyitezwe muri kahise n’ivyizigiro vyo muri kazoza. Mu birori vyo kwigina Pasika – iyi na yo ikaba yatumbereza kuri ca gihe co kuva muri bwa buja bwo muri Egiputa – uwo Yesu Kristo, wa wundi yari Imana yiyambitse umubiri, yatanze ubugingo bwiwe kugira ngo aducungure ingoyi y’icaha. Intumwa Pawulo yanditse, ati: “Umwe atigeze kumenya icaha, Imana yamuhinduye icaha kubwacu, kugira ngo muri we duhinduke ukugororoka kw’Imana” (*2 Ab’i Korinto 5: 21*).

**Soma *Matayo 28: 18-20*. Mbega ni irihe sezerano dushobora gukura mur'iyi nshingano nyamukuru? Mbega ni gute iduha ihumure mu gihe twitabira ico gikorwa c'Imana co kurondera abazimiye?**

---

---

Urufu rwa Kristo cari igice kimwe ca kirya gikorwa c'umwuzuzo, si rwo rwari iherezo ryaco. Mu muzuko wiwe, Yesu yanesheje rupfu na kuzimu maze aca aronka “ ‘ububasha bwose mw'ijuru no mw'isi’ ” (*Matayo 28: 18*). Yishimikije kuri uku kuri, yaciye aha inshingano abo bose bamukurikiye yo kuja guhindura abigishwa mw'isi yose, akoresheje iri sezerano, ngo: “ ‘Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi’ ” (*Matayo 28: 20*).

**Mbega ni mubuhe buryo wabonyemwo iri sezerano rya Yesu ryo kubana nawe imisi yose rija mu ngiro mu buzima bwawe bwite mu gihe witabira igikorwa ciwe co kuja kurondera abazimiye?**

**Ku wa gatanu**

**05 Gitugutu 2023**

**YA MANA IZOGARUKA KUTUJANA**

**Soma *Yohana 14: 1-3*. Mbega ni mu buhe buryo ibi bifitaniye isano n'ubutumwa bw'igihe c'iherezo dusanga mu Vyanditswe Vyera?**

---

---

Mu gihe c'igikorwa ciwe ngaha kw'isi, rimwe mu masezerano y'agaciro kanini kuruta ayandi yose ya Kristo, ivyizigiro bihezagiye, ryakayanganisha ubugira kandi icipfuzo c'Umuremyi co gushaka kubana natwe ibihe bidashira. Yesu yashimangiye, ati: “ ‘nzogaruka kubajana i wanje, ngw'aho ndi namwe abe ari ho muba’ ” (*Yohana 14: 3*).

Nk'uko intumwa Yohana abivuga, impera n'imperuka iryo sezerano rizoteba rishika. “Numva ijwi rirenga, rivuye kuri ya ntebe, rit'Eh'ihema ry'Imana riri kumwe n'abantu, kand'izogerera muri bo, na bo bazoba abantu bayo, kand'Imana ubwayo izobana na bo, izoba Imana yabo” (*Ivyahishuriwe Yohana 21: 3*).

Ellen G. White, yanditse ati: “Igikorwa c'icungurwa kizorangira. Mu kibanza aho icaha cagwiriranye, ubuntu bw'Imana bwaciye burushiriza kugwirirana aho nyene. Isi ubwayo, ka karere Satani yatangaza ngo ni akiwe, ntitegerezwa gucungurwa gusa ahubwo izoshirwa hejuru. . . . Ngaha, ha handi Umwana w'Imana akora igikorwa c'ubuhuza mw'ihema ryo mw'ijuru ku neza y'ikiremwa muntu; ha handi Umwami w'icubahiro aba kandi yababarijwe kandi agapfira, - aha nyene, ca gihe azohindura ibintu vyose bishasha, ni ho ihema ry'Imana rizobanira n'abantu. . . . Hama mu bihe

bidashira, mu gihe abacunguwe bazongendera mu muco w'Umwami, bazomutazira kubw'ingabire yiwe atakoyovugwa, - Imanuweli, 'Imana iri kumwe natwe.' ” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 26.

Aha tuhabona ishusho nziza cane y'igikorwa c'Icungurwa. Ya Mana, ya yindi irajwe ishingira no kurondera icazimiye impera n'imperuka izoshitsa icipfuzo cayo co kubana n'abana bayo ibihe bidashira. Mbega amahigwe atagira uko angana yo kuba mur'ivyo birori!

**Akamo ka buri ndwi:** Mur'iki cigwa co muri aya mezi atatu cose, uzogenda utumirwa kugira uruhara mur'ico gikorwa c'Imana co kurondera abazimiye. Aka kazoba akaryo keza ko kubona no kwakira iyo Mana irajwe ishingira no kurondera abazimiye iriko ikorera mu buzima bwawe. Rondera kuvyaza umusaruro ico gihe mu kwiyinjiramo ubwawe hama uce witegurira gusabikanya n'abo musangiye umugwi w'ishuri ry'Isabato ivyo wize mu cigwa ca burindwi. Vyongeye kandi, Umwe Nyenigikorwa azogutera umwete ngo wongerereze uruhara rwawe mur'ico gikorwa c'Imana co kurondera abazimiye.

**Akamo 1:** Uze usenge buri musu wose wo mu ndwi iza ngo Imana izokwugururire umutima ngo uze ugire uruhara mu gikorwa cayo co kurondera abazimiye.

**Akamo 2:** Rondera izina ry'umuntu mu buzima bwawe utari usanzwe uzi – ashobora kuba umubanyi, uwo mukora hamwe, umurinzi w'inzu y'indandarizo, umudereva w'imodoka yunguruza abantu, umuplanto wo ku kazi, n'abandi n'abandi. .. Tangura gusengera uwo muntu buri musu.

## Ku wa gatandatu

06 Gitugutu 2023

### IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA

“Integuro y'icungurwa ryacu nticari icyumviro caje mu nyuma, nk'aho ari integuro yapfunditswe inyuma y'aho Adamu agwiriye mu caha. Ryabaye ihishurwa, ry'ibanga ryahozeho uherye kera hose.’ *Abaroma 16: 25*. Ryabaye ishirwa ku mugaragaro ry'imigirwa ngenderwako yamye kuva na kera hose ari umushinge w'intebe y'ubwami y'Imana. Kuva mu ntango hose, Imana na Kristo bari basanzwe bazi ubugumutsi bwa Satani, n'ivyigwa mu caha ry'umuntu biciye mu bubasha bw'ikinyoma c'uwo mugumutsi. Imana ntiyari yarategekanije ko habaho icaha, ariko yari yaramaze kubona ko gishobora kuzobaho, hama ica ifata ingingo zose zishoboka zo kurwanya inkurikizi mbi zaco. Yamye ifitiye isi urukundo ruhambaye, ku buryo bw'uko yemeye gutanga Umwana wayo w'ikeneye, 'ng'umwizera wese ntaz'apfe rubi, ariko aze ahabwe ubugingo buhoraho.’ *Yohana 3: 16*.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 22.



“Kristo ntiyabwiye abigishwa biwe ko igikorwa cabo kizoba coroshe. . . . Ariko ko atazobatererekanya ngo bagwane bonyene. Yarabahumuriye ko azoba ari kumwe nabo; kandi ko nibaramuka bagiye mu kwizera, ko bazogendera muni y’uburinzi bw’Isumbavyose. . . . Ko buri gihe cose bazoguma bubahiriza ijambo ryayo, kandi bagakorera hamwe na we, ko batazonanirwa. Yabinginze ngo, nuko ni muje mu mahanga yose. Nimwagenda mu turere twose twa kure turimwo abantu kandi mwumve ko n’aho nyene nzoba ndi kumwe namwe. Mukorere mu kwizera no mu cizere; kuko hatazagera habaho igihe na kimwe ndabatererekanya. Nzokwama ndi kumwe namwe imisi yose, ndabafashe kurangura inshingano yanyu, ndabayobore, ndabahumurize, ndabeze, ndabashigikire, ndabahe intsinzi mu majambo yanyu ku buryo azokwegakwega ivyiyumviro vy’abandi babitumbereze mw’ijuru.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 29.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Niwiyumvire ico bishaka kuvuga kubona amajambo ya mbere y’Imana ku kiremwa muntu caguye mu caha atabaye aya ngo: “Ivyo wakoze ni ibiki?” canke ngo “Ni kubera iki wanse kunyumvira?” Ahubwo amajambo ya mbere yabaye aya ngo: “Uri hehe?” Mbega ni irihe humure uku kuri gukwiye kuduha mu bijanye n’ukuntu Imana itwitaho kandi yitwararika n’abakunzi bacu?
- 2** Nimwiyumvire ico bishaka kuvuga kubona Imana ubwayo, iciye mu muntu Yesu, yaremeye kuza kw’isi kugira ngo idukize. Kristo ku musaraba cari icitegererezo ntabanduka c’Imana nk’Imana yaje kurondera abazimiye. None ivyo bitubwira iki mu bijanye na kamere yayo?
- 3** Igikorwa co kurondera abazimiye ni ic’Imana. Kubw’ivyo, izoha ivyangombwa vyose kandi ihe inkomezi abantu bose bitangira ico gikorwa co kurondera abazimiye. Mu muco w’ukwo kuri, iyo wihweje ingorane ziri mu gikorwa co kuvuga ubutumwa hirya no hino kw’isi, mbega ni gute wohangana n’ibigumbagumba wiyumvamwo hamwe n’imyifato yo kwishiramwo ko utabereye ico gikorwa canke ukiyumvamwo ubwoba?

07 – 13 GITUGUTU 2023

## IGIKORWA C'IMANA CO KUZA KUTURONDERA : IGICE CA 2



### KW'ISABATO KU MUGORоба, 07 Gitugutu 2023

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Yohana 20:21, 22; Matayo 28:16– 20; Ivyahishuriwe Yohana 14:6, 7; Gusubira mu Vyagezwe 7:6, 11, 12; Ivyahishuriwe Yohana 7:9, 10*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Nuko nimugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera” (*Matayo 28: 19*).

Iyi ngingo, ko Imana ari Imana irondera abazimiye, ni yo yibonekeza mu Vyanditswe Vyera vyose. Ni umusurusuru ufataniriza hamwe amateka y'umwana w'umuntu yose, kandi werekana intumbero Imana ifitiye ivyaremwe vyayo. Vyongeye kandi, yongerereza ingufu ihishurwa ry'Imana ikoresheje ihangiro nyamukuru rimwe: isubizwa itoto ry'ishusho yayo mu bana bayo baguye mu caha (*gereranya n'Ab'i Kolosayi 3: 9, 10; 1 Yohana 3: 2*).

Igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye congera kandi gukora nk'amateka dukwiye kuboneramwo no gutahuriramwo Ijambo Imana yaturungikiye. Iyo dusoma Bibiliya, turashobora kuyibonamwo Imana ifise agatima ko gushaka kuturondera. N'ubwo hariho itandukaniro ryatewe n'icaha (*Yesaya 59: 2*), mur'ico gikorwa cayo co kurondera abazimiye Imana ibandanya gusubiza itoto imigenderanire yayo n'ikiremwa muntu gushika mu bihe binejereje gushika igihe izohindurira “ibintu vyose bishasha” (*Ivyahishuriwe Yohana 21: 5*).

Mu kurindira, Imana yahisemwo kutwihishurira ubwayo mu buryo bw'uko dushobora gutahura kamere yayo n'intumbero yayo, kandi ikirengeye vyose, turashobora kugiriranira imigenderanire nyakuri kandi ihoraho na yo. Mu yandi majambo, ntidusabwa kuyitahura gusa, ariko kandi no gusabikanya n'abandi, ivyadushikiye mu buzima bwacu bwo kubana na yo hamwe n'urukundo rwayo rukiza.

Mu Vyanditswe Vyera, mur'iki gihe, Imana iduha urufatiro rw'ico ari co igikorwa cayo co kurondera abazimiye.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 14 Gitugutu 2023.*

## **Ku wa mbere**

**08 Gitugutu 2023**

### **UBUTATU BWERANDA BUGIZE IMANA: INKOMOKO Y'IGIKORWA CO KURONDERA ABAZIMIYE**

Igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye gishira imbere Yesu no ku ntimatima yaco nk'uburyo bwonyene rudende bw'agakiza. Kristo ubwiye yavuze ati: “ ‘Ni jewe nzira, n'ukuri, n'ubugingo. Ntawushika kwa Data ntamujanye’ ” (*Yohana 14: 6*). Ariko kandi Kristo yongera kudufasha gutahura ikiri ku ntimatima y'ubutatu bweranda bw'Imana mu gikorwa cayo co kurondera abazimiye.

Buri kintu cose Kristo yakora caba kuneza canke giturutse kwa Se wo mw'ijuru (*raba Yohana 4: 34; Yohana 5: 30; Yohana 12: 45*). N'ubwo biri ukwo, dutegerezwa kwama twibuka na ntaryo ko igikorwa ca Yesu co kurondera abazimiye kitatanguye igihe yaza hano mw'isi. Yari yagihawe na Data n'imbere y'iremwa ry'iyi si yacu (*hagereranye n'Abanyefeso 1: 4; 1 Petero 1: 20*).

Rero, Imana yamyeye, kuva kera hose, yarategekanije uburyo izoshigikiramwo umwana w'umuntu n'imbere y'uko ishiraho amatanguriro y'uuyu mubumbe w'isi yacu, kandi yaciye ifata intambwe ya mbere mu kwinjira mu mateka y'ikiremwa muntu kugira ngo ishitse iyo ntumbero yayo.

Umwana ni we yaremeye isi (*Yohana 1: 3*), kandi “igihe gikwiye gishitse” (*Ab'i Galatiya 4: 4*), Imana yaciye yerekana urukundo rwayo mu kurungika Umwana wayo ng'aha kw'isi (*Yohana 3: 16, 17*). Uwo Mwana yaraje, apfira ku musaraba, hama anesha urupfu. Mu nyuma, Mpwemu arungikwa ng'aha avuye kwa Data (*Yohana 14: 26; Yohana 16: 7*), yemeza ab'isi ivy'icaha (*Yohana 16: 8-11*), none uyu musu ni we abandanya igikorwa ca Data n'Umwana mu kwongerereza inkomezi no mu kurungika abana b'Imana mu gikorwa co kurondera abazimiye (*Yohana 14: 26; Yohana 16: 13, 14*).

**Soma *Yohana 20: 21, 22*. Mbega ni gute iyo umaze gutahura ko igikorwa co kuja kurondera abazimiye kiva kwa Data, Umwana na Mpwemu Yera bigutera ishaka rinini na we ryo kwitabira ico gikorwa co kuja kurondera abazimiye?**

---

Mbere n'ubwo ijamba “ubutatu bweranda” ritaboneka muri Bibiliya, ibimenyamenya vy'uko hariho ihangiro ryo kwitwararika igikorwa co kurondera

abazimiye risaba irya nyabutatu igize Imana imwe rudende vyovyho ni vyinshi. Nk'akarorero, inyuma y'aho azukiye, Kristo yaciye abonekera abigishwa biwe maze abasezeranira, ati: "Ngira mbarungikire ico Data yasezeranye; ariko mugume mu gisagara" gushika aho mwambikirwa ubushobozi buvuye mw'ijuru (*Luka 24: 49*; aka katuzo ni ako twongeyeko). Aha turahabona ukuri kwerekana igikorwa c'inyabutatu igize Imana imwe rudende co kuja kurondera abazimiye mu ryungane rimwe: isezerano rya Data, ihumure ryatanzwe n'Umwana ryo gushitsa iryo sezerano, n'iryo sezerano rero ubwaryo, ni kuvuga umuzo wa Mpwemu Yera (*raba kandi Luka 3: 16; Ivyakozwe 1: 4, 5, 8*).

Aha tuhigira ko ico gikorwa co kurondera abazimiye atari icacu. Ni ic'irya nyabutatu igize Imana imwe rudende. Kubw'ivyo, ntikizonanirana.

**Data, Umwana, na Mpwemu Yera bose bari mu gikorwa co gukiza abantu. Mbega ni kubera iki utobona ko iki cyumviro gihumurizanya cane?**

---

---

## **Ku wa kabiri**

**09 Gitugutu 2023**

### **GUHINDURA ABIGISHWA: IHANGIRO RY'IGIKORWA CO KURONDERA ABAZIMIYE**

**Soma Matayo 28: 16-20. Mbega ni ibihe bintu bigize igikorwa co guhindura abantu bakaba abigishwa ushobora gusanga mur'iki gisomwa?**

---

---

*Matayo 28: 16-20* hatanga itangazo, muri rusangi, risanzwe rizwi ko ari Inshingano Nyamukuru (*Matayo 28: 18-20*), igihe Yesu yabwira abigishwa biwe kugenda hirya no hino guhindura abantu abigishwa, kubigisha mu kwizera, no kubamenyereza igikorwa co gukorera hamwe na we (*raba kandi Mariko 16: 15, 16; Luka 24: 44-49; Yohana 20: 21-23; Ivyakozwe n'Intumwa 2: 8*).

Ibintu nyamukuru bigize *Matayo 28: 16-20* bishobora kuboneka mu buryo bune bworoheje: (1) Yesu yategetse abigishwa biwe kuja i Galilaya kugira ngo babane na we (*Matayo 28: 16, 17*); (2) Yesu yaje aho bari, maze abamenyeshya ko afise ubushobozi n'ubudahangarwa (*Matayo 28: 18*); (3) Yesu yaciye aha abo bigishwa biwe inshingano nyezina – izwi ko ari iyo kuja guhindura abigishwa – (*Matayo 28: 19, 20*); mu kurangiza (4) Yesu yasezeranye ko azobana n'abo bigishwa biwe gushika ku muhero w'isi (*Matayo 28: 20*).

Guhindura abantu abigishwa ni vyo biri ku ntimatima y'iyoy nshingano nyamukuru, kandi igikorwa nyamukuru cayo ni ico kurondera abazimiye. Urudome ku rundi, nk'uko biri mu rurimi kama rw'Ikigiriki, intango ya *Matayo 28: 19* ivuga ngo: "Bamaze kugenda, nk'uko biri, bahindura abigishwa [. . . ]". Aka kajambo ngo "nk'uko biri" gaha iyo nshingano umushinge wayo w'icari carashikirijwe (*Matayo 28: 18*): ubushobozi, ububasha, n'ubudahangarwa vya Yesu – ibi vyose na vyo bikaba bituruka mu ntsinzi yaronse igihe yazuka.

Ni ngombwa gushimangira ko irivuga ryonyene ryerekana igikorwa ryakoreshejwe mu muvugire w'itegeko (impératif) mur'iyoy nshingano nyamukuru ari "guhindura" abigishwa. Kwigisha umuntu wese, kubatiza, no gukwiragiza ijambo rya Yesu kw'isi yose ni vyo bimenyetso biranga ico gikorwa co guhindura abantu bakaba abigishwa. Aha biribonekeza neza ko Yesu yariko yerekeza abigishwa biwe ku ntumbero imwe rudende: guhindura abigishwa. Nk'uko biri uyu ni umwe mu mirongo iruta iyindi yose muri Bibiliya yerekana igikorwa co kuja kurondera abazimiye iboneka mu Vyanditswe Vyera vyose. Uherahezwa n'isezerano rya Yesu ry'uko azobandanya ari kumwe n'abamugendanira bese.

Nk'uko biboneka, iyo Nshingano Nyamukuru yari igendereye kuba ikintu kirengeye kuba ico abo bigishwa ba mbere bari bakoraniye mur'ico kibanza kimwe rudende. Ntibashobora kuja mu mahanga yose bonyene ubwabo kugira ngo barangure ico gikorwa gishasha co kurondera abazimiye no kubahindura abigishwa. Kubw'ivyo rero, iyo nshingano iraba ababa kw'isi bese iyo bava-bakagera: buri wese yakurikiye Yesu Kristo akwiye kugira uruhara mur'ico gikorwa co guhindura abigishwa. Vyongeye kandi, ubutumwa bwo kujana – ni ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo – ubwo na bwo bukaba bwagenewe ababa kw'isi bese, aho budategerezwa kugarukira gusa mu karere kamwe kanaka, ku bantu bamwe, no ku bwoko bumwe gusa.

**Igikorwa co kurondera abazimiye kijanye no "guhindura abantu bakaba abigishwa." None ni gute aka kamo k'Umwigisha Mukuru kariko gahindura ukuntu ubayeho kandi ufasha abandi? Mbega ni ibiki wokora kugira ngo ugire uruhara runini cane mu bintu wahamagariwe gukora?**

10 Gitugutu 2023

## UBUTUMWA BUTAZOSHIRA: UBUTUMWA BWO KURONDERA ABAZIMIYE

**Soma Ivyahishuriwe Yohana 14: 6, 7. Mbega ni iyihe shusho y'igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye ushobora kubona muri ubwo butumwa bwiza butazoshira bwashikirijwe n'uwo mu marayika wa mbere wo muri ubwo butumwa bw'abamarayika batatu?**

---

Aha ni ho honyene mu Vyanditswe Vyera vyose iyi mvugo ngo “buhoraho” na “ubutumwa bwiza” vyafatiwe hamwe. Ubutumwa bwiza ni inkuru nziza y'ubuntu bwagiriwe abantu bose biciye muri Yesu Kristo. Yaje mur'ino si yacu kutwerekana “ubuntu n'ukuri” (*Yohana 1: 14*). Yabayeho ubuzima butagiramwo icaha maze apfira ku musaraba nk'ikimazi mu kibanza cacu kugira ngo yishireko igihano c'ivyaha vyacu (*Yesaya 53: 4, 5; 1 Petero 3: 18*). Yahavuye azukira ubugingo, asubira mw'ijuru, ashirwa hejuru na Data, none uyu musu ni we atuvugira mw'ihema ryo mw'ijuru (*Ivyahishuriwe Yohana 1: 18; Ivyakozwe n'Intumwa 2: 33; Abaheburayo 7: 25*). Bidatevye agiye gushitsa isezerano ryiwe nyamukuru – kuzanana n'ubwiza bwiwe kandi ari Umwami kandi, igihambaye, inyuma y'imyaka igihumbi, ashinge ubwami bw'Imana kw'isi (*Yohana 14: 1-4; Ivyakozwe n'Intumwa 1: 11; Ivyahishuriwe Yohana 21: 1-4*). Ukwo ni kwo kuri kwose kugize ubutumwa bwiza butazoshira.

Ariko kandi, ukwo kuntu ubwo butumwa ari ubw'ibihe bitazoshira ni vyo vyibonekeza cane. Hariho ubutumwa bwiza bumwe rudende bushobora kudukiza. Buzoguma ari ubwo nyene gushika aho igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye kizorangirira. Ntabundi butumwa bwiza buzobaho. Inyigisho n'imyizerere y'ibinyoma vyama vyaje hama bikarengana (*Abanyefeso 4: 14*), ariko ubutumwa bw'agakiza, ubutumwa bwiza butazoshira bwobwo, ntibuhinduka, kandi abo bose babwizera kandi babukurikiza mu bwitonzi bwose bazoronka ingororano (*raba Gusubira mu Vyagezwe 5: 33; Abaroma 2: 6*).

Irya nshingano yahawe barya bigishwa ba mbere ni nayo na twebwe duhabwa uyu musu. Dutegerezwa kubandanya igikorwa co guhindura abigishwa ba Kristo ahantu hose. Ariko se ni ubuhe bwoko bw'abigishwa? Mbega ni abantu beza, b'abizigirwa, bemeye kwitanga ijana kw'ijana, kandi b'abanyarukundo? Izi ngeso ni kirumara, ariko ntizihagije ubwazo. Dutegerezwa guhindura abigishwa bijukiye gukurikira ibintu vyose Bibiliya ivuga mu bijanye no guhindura abantu bakaba abigishwa (*Luka 9: 23; Yohana 13: 34, 35; 2 Ab'i Korinto 5: 17*) bafise ihangiro rimwe rudende: biteguye

kandi bategurira n'abandi gusanganira Umwigisha Mukuru, Yesu Kristo, ubwo azoba agarutse ubwa kabiri.

“Itangazwa ry’urubanza [*Ivyahishuriwe Yohana 14: 6, 7*] ni itangazo ryerekana umuzo wa kabiri wa Yesu ko wegereje cane. Kandi iryo tangazo ni ryo ryitwa ubutumwa bwiza butazoshira. Rero kumenyekanisha umuzo wa kabiri wa Kristo, gutangaza ko ari bugufi, vyerekanywe ko ari vyo gice nyamukuru c’ubutumwa bugize ubutumwa bwiza.” - Ellen G. White, *Christ’s Object Lessons*, pp. 227, 228.

**Mbega ni gute iki ciyumviro c’urubanza cafatanirijwe hamwe “n’ubutumwa bwiza butazoshira” muri burya butumwa bwa marayika wa mbere? Mbega ni kubera iki ubutumwa bwiza butegerezwa kuba ku ntimatima kur’ico ciyumviro c’urubanza?**

**Ku wa kane**

**11 Gitugutu 2023**

**ABANTU B’IMANA: IMIYOBORO Y’IGIKORWA  
CO KURONDERA ABAZIMIYE**

Kuva kera hose, Imana yamye na ntaryo ifise abantu b’abizigirwa bahagararira kamere yayo kandi mu kwumvira kwabo, bagakurikiza intumbero zayo. Abantu b’Imana ni barya bahamagawe hama bakemera ubutumire bwayo bwo kugira uruhara mu buntu bwayo. Abo bose bamye – kandi n’ubu babandanya ari – ibikoresho vy’Imana kugira ngo iheraheze igikorwa cayo co kurondera abazimiye.

**Soma Itanguriro 12: 1-3 no Gusubira mu Vyagezwe 7: 6, 11, 12. Mbega ni iyihe yari intumbero kama Imana yari ifitiye abantu bo mw’Isezerano rya Kera?**

---

Isezerano Imana yagiranye na Aburahamu hamwe n’abazomukomokako bose ryari rifise intumbero nyezina. Bari barahamagariwe, bararemewe, kandi baratumiririwe kuba ibikoresho vyo gushitsa igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye – imiyoboro y’imihezagiro ku mahanga (*gereranya no Gusubira mu Vyagezwe 28: 10; Yesaya 49: 6*). N’ubwo biri ukwo, bari baratoranirijwe mw’isezerano ryo kugiriranira imigenderanire n’Imana, rishingiye ku kamo ntabanduka ko kwizera no kwumvira (*Itanguriro 22: 16-18; Kuvayo 19: 5, 6; Gusubira mu Vyagezwe 28: 1, 2; 2 Ngoma 7: 14*). Iki gikorwa, kimwe co gukwegakwega amahanga yari akikije Abisirayeli, yari “inzira Imana yakoresha” mu kurondera abazimiye nk’uko biri mw’Isezerano rya Kera.

Mw’Isezerano Rishasha naho nyene, igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye kirabandanya. Umwami n’Umukiza yazutse n’aha nyene yaratanguje inzira nshasha yo kuronderamwo abazimiye (*raba Matayo 28: 18-20; Ivyakozwe n’Intumwa 1: 8*)

aho abigishwa ba Kristo – abagize ishengero – bategerezwa gusohoka bakaja kurondera abazimiye bo mw’isi yose aho, nk’uko vyari biri no muri Isirayeli ya kera, isi yose iza mur’iyo nzira. Igikorwa co kurondera abazimiye nticatangujwe n’ishengero. Ahubwo, ishengero ririho kubera ko n’ubu nyene Imana igifise ico gikorwa co kurondera abazimiye gitegerezwa kurangira none ikaba iriko ikoresha ishengero kugira ngo ikirangize.

Ariko kandi, haracariho ikibazo: Ni ikihe gikorwa c’ishengero mu kurondera abazimiye? Ni co kimwe n’ica wa Wundi yahamagara ishengero ngo ribeho: “Kand’Umwana w’umuntu yazanywe no kurondera no gukiza icari cazimiye” (*Luka 19: 10*). N’ubwo atamuntu n’umwe mw’ishengero ashobora gukiza umuntu n’umwe, ico dushobora gukora gusa kandi dutegerezwa gukora ni kwerekeza abandi kuri wa Wundi we ashobora gukiza, Yesu Kristo.

“Igikorwa c’ishengero rya Kristo co kurondera abazimiye ni ico gukiza abariko bazimirira mu vyaha. Ni ico kumenyekanisha urukundo rw’Imana mu bantu no kubazana kuri Kristo biciye mu bubasha bw’urwo rukundo.” - Ellen G. White, *Testimonies for the Church, vol. 3, p. 381*. Mbega amahigwe n’inshingano ihambaye!

**Igikorwa co kurondera abazimiye kw’ishengero kimeze nka kurya impwemu zimeze mu kubaho kwacu. Ata mpwemu ziriho, duca dupfa. Ata gikorwa co kurondera abazimiye, n’ishengero rica ripfa. None ni igiki ushobora gukora, wewe ubwawe, kugira ngo ubumbatire ubuzima bw’ishengero ryawe?**

---

---

## **Ku wa gatanu**

**12 Gitugutu 2023**

### **ISI: URUBUGA RWO KURONDERAMWO ABAZIMIYE**

**Soma Ivyahishuriwe Yohana 7: 9, 10. Mbega ni igiki iki gisomwa kigomba kuvuga mu bijanye no gushika mu bibanza vy’isi vya kure kubw’igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye?**

---

Icigwa c’ino ndwi cari gitumbereye ahanini ku guhanahana ivyiyumviro ku mirongo ibiri ihambaye ivuga ivy’igikorwa co kurondera abazimiye cenena ku guhindura abigishwa nk’uko biri mur’irya Nshingano Nyamukuru no ku nkuru yo mu butumwa bwiza butazoshira. Ikinejereje, iyo mirongo ibiri yompi irafise nimiburiburi aho ihurira: “ikibanza” co kurondereramwo abazimiye. Hasomeka ngo: “Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose” (*Matayo 28: 19*), “ababa kw’isi yose – amahanga yose, imiryango yose, indimi zose, n’amoko yose” (*Ivyahishuriwe Yohana 14: 6*).



Mu yandi majambo, ubutumwa bwiza bwa Kristo butegerezwa gushikira ivyiciro vyose vy'abantu, amahanga yose, indimi zose, n'amoko yose. Ubwaku bw'ubutumwa bwiza butegerezwa guhuriza hamwe abacunguwe bakagiriranira umuvukano uhambaye cane. Dufise icitegererezo kimwe rudende co kwigana, ico na co ni Kristo. Iyo twakiriye ukuri nk'uko kuri muri Yesu, inzitwazo z'ibihugu vy'amavuko n'ishari bica bisendwa, maze Mpwemu w'ukuri agaca ahuriza hamwe imitima yacu igahinduka umwe redende.

Igihe Yesu yavuga, ngo: "muzombera ivyabona" (*Ivyakozwe n'Intumwa 1: 8*), yari asanganywe mu vyiye vy'ubwami tw'isi dutatu dutandukanye:

*Akarere ka 1:* "Muzonshingira intahe muri Yerusalemu." Mur'ico gihe, abigishwa biwe bari begereye hafi na hafi cane na Yerusalemu. Rero, ahanini Yesu yariko avuga ngo, "Tangura gusabikanya ivy'Imana yabakoreye mu buzima bwanyu n'abantu bari hafi yanyu." Igikorwa co kurondera abazimiye gitangurira muhira, mu muryango, mu babanyi, no mu bagenzi. Ico ni co kibanza ca mbere na mbere co kurondereramwo abazimiye.

*Akarere ka 2:* Muri uwo mwanya yabandanije ati: " i Yudaya hose n'i Samariya." Igikorwa cacu co kurondera abazimiye kiraba kandi, mu buryo bumwe, barya bantu bari hafi yacu ariko kandi basa n'abari kure yacu gato. Muri uwo mugwi harimwo abantu bashobora kuba bavuga ururimi natwe tuvuga – abantu dufise imicokama isa ariko batabayeho canke ngo tube dusangiye ukuri kumwe nk'ukwo twemera. Ico ni co kibanza gikurikira cacu co kurondereramwo abazimiye.

*Akarere ka 3:* Kure y'aho, Kristo yavuze, ngo: " no gushika ku mpera y'isi." Igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye kiduhamagarira gushikira abantu bari mu bibanza vyose, mu moko yose, mu mahanga yose, mu ndimi zose, n'imiryango yose. Ibi ni vyo bibanza vyacu nyamukuru vyo kurondereramwo abazimiye.

**Akamo 1: Gusengera buri musu mur'ino ndwi akarere ubayemwo. Hariho impamvu yatumye Imana igushira aho hantu.**

**Akamo 2: Rondera igitigiri c'abantu baba mu karere ubayemwo (ni ubuhe bwoko bw'abantu baba hirya no hino yanyu) – imiryango n'amadini basengeramwo, abakuze, abasore, abakene, abatunzi, indimi bavuga, n'ibindi n'ibindi. Saba Imana kukwereka ukuntu ushobora guhinduka umuyoboro wo kubashikanako urukundo rwayo.**

### IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA

Kuvyo gushinga intahe mu mahanga yose. “Amajambo y’Umukiza ngo, ‘Muri umuco w’isi,’ yerekeza kuri ukwo kuntu yashinze abagendanyi biwe igikorwa co kurondera abazimiye mw’isi yose. Nk’uko imishwarara y’izuba inyengetera gushika mu turere twakure twose tw’isi, ni kwo n’Imana yagenye ko umuco w’ubutumwa bwiza uzokwiragira ku muntu wese aba kw’isi. Iyo ishengero rya Kristo rija kurangura neza intumbero y’Umwami wacu, umuco wari kuba washitse ku bantu bose bicaye mu mwiza no mu karere k’igitutu c’urupfu; aho gushira ingufu hamwe hama ngo bakayanganishe inshingano bahawe kandi ngo bikoreranire imitwari, abagize ishengero baba barakwiragiye mu turere twose, bakareka umuco wa Kristo ugakayangana uvuye kuri bo, mu gukora nk’uko nawe yakora mu gukiza imitima y’abantu, kandi ubutumwa bwawe bw’ubwami bwari kunyaruka gushika kw’isi yose.

“Uhereye mu bihugu vyose akamo k’Abanyemakedoniya kariko kumvikana, ngo, ‘Nimuze mudufashe.’ Imana yaruguruye uburere bwo gukorerarmwo imbere yacu. Ibinyabugingo vyo mw’ijuru vyatumwe gukorana n’abantu. Uburinzi buturi imbere, kandi inkomezi z’Imana ziriko zikorana n’utwigoro twa kimuntu. Impumyi ni irya ifise amaso ariko ntibone igikorwa c’Umwami, kandi igipfamatwi ni kirya gifise amatwi ariko nticumve akamo k’Umwungere mukuru atera intama ziwe. Hariho bamwe bumvise ako kamo k’Imana, kandi bakitabiriye. Nimureke umutima wose wijejwe wishure, mu kurondera kuja kuvuga ubutumwa butanga ubugingo. Hamwe abagabo n’abagore kubwo kwicisha bugufi no mu bwizigirwa bokwiremeka ico gikorwa bahawe n’Imana, inkomezi z’Imana zoca zigaragarira mu bantu benshi bokwihana bakemera ukuri. Ingaruka zoba nziza cane kubw’ibikorwa vyabo.” —Ellen G. White, *Advent Review and Sabbath Herald*, November 14, 1912.

### IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE

- 1 Kugira ngo abantu bashikweko n’ubwaku bw’ishengero aho rikorera bizovana ahanini n’akarorero keza – twebwe umubiri wa Kristo – twerekanira mu buzima bwacu burangwamwo urukundo rw’Imana mu gihe turangura igikorwa cayo co kurondera abazimiye. None ni gute, wewe ubwawe, witabira ako kamo?
- 2 Mbega wiyumvira ko ishengero ryanyu ribonwa kandi ritahurwa n’ababanyi baryo atari Abadivantiste b’umusi w’indwi? Ubimenya gute? Nimba ribonwa neza, mbega hokorwa iki kugira ngo murushirize kurikomeza? Nimba ribonwa nabi, hokorwa iki kugira ngo murihindure?
- 3 Mbega ni kubera iki kugumiza “ubutumwa bwiza butazoshira” ku ntimatima y’igikorwa cacu co kurondera abazimiye mw’isi ari ngirakamaro cane? Ni ibihe vyizigiro nyamukuru dushobora gutera mu muntu uwo ari we wese, ahantu hose, bidashingiye ku vyizigiro bikuru dufise kubera ubutumwa bwiza, inkuru nziza y’ivy’Yesu yadukoreye ku musaraba?

## Icigwa ca 3

14 – 20 GITUGUTU 2023

### AKAMO K'IMANA KO KUJA KURONDERA ABAZIMIYE



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 14 Gitugutu 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Itanguriro 11:1–9, Itanguriro 12:1–3, Daniyeli 9:24–27, Matayo 1:21, Itanguriro 12:10–13:1, Ivyakozwe n'Intumwa 8:1–4, Ivyakozwe n'Intumwa 1:8.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera niyabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’i Yudaya hose, n’i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi” (*Ivyakozwe 1: 8*).

Rimwe na rimwe Imana irashobora kudosohora mu turere twacu aho twumva ko dutekaniwe neza maze ikaduhindura ivyabona vyayo. Rimwe na rimwe kandi iryo hinduka rishobora gukoreshwa mu kurangura intumbero zayo, akarorero, nko mu gushwiragiza abantu muri ca gihe c’umunara w’i Babeli.

“Iryo shwiragizwa cabaye nk’igikoresho co kwuzuzwa abantu kw’isi yose, maze muri ubwo buryo intumbero y’Uhoraho iba igiye mu ngiro biciye mbere mu gikoresho abantu ubwabo bari bakoresheje mu kuyibuza kuja mu ngiro.” – Ellen G. White, *Patriarchs and Prophets, p. 120.*

Mu gihe ciwe, Aburahamu yavuye mu gihugu ciwe c’amavuko aja mu kindi (*Itanguriro 12*) nk’igikoresho co gushingisha intahe. Abigishwa ba Yesu baretse gukorera mu bantu b’i wabo (*Ivyakozwen’Intumwa 3*) baja gukorera mu bandi, na bo nyene (*Ivyakozwe n’Intumwa 8: 1-4*).

Mu gitabu c’*Ivyakozwe n’Intumwa 1: 8*, Yesu yatanguje umwifato ngenderwako wo kuvuga ubutumwa: bategerezwa gutangurira aho babaye, Yerusalemu n’i Yudaya, hama bakaja i Samariya, hama ahanini, bagashika ku mpera y’isi.

Ariko n’ubwo bitoba ngombwa ko tuva mu gihugu cacu, n’ubu Imana iracashaka ko tujana ubutumwa mu bantu badukikije. Igihe ishengero ry’i Yerusalemu ryariko ryumva ko ryihagije, vyabaye ngombwa ko abizera baryo bashwiragizwa. N’ubwo hateye agahamo kandi n’abantu bakababazwa, ivyo bintu bibabaje vyabashikiye vyahindutse igikoresho co gukwiragiza inkuru nziza hirya no hino kw’isi yose.

\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 21 Gitugutu 2023.

## Ku wa mbere

15 Gitugutu 2023

### KUJA KURE Y'AHO DUSANZWE TUBA DUTEKANIWE

Mu ntumbero yo gushikira abandi, Imana yiteze ko twimukira kure y'akarere dusanzwe tubamwo gatekanye. Icipfuzo c'uko tuguma gusa mu muryango wacu bwite no mu bwoko bwacu canke mu kibanza cacu dufise mu gihugu bishobora kudushikana ku narije, mbere mbi cane. Iyi ngorane ni imwe mu vyigwa vyakuwe mu nkuru y'ivya Babeli.

**Soma Itanguriro 11: 1-9. Mbega ivyipfuzo vy'abo bantu vyari ibihe? Mbega bashaka gukora iki, kandi ni kubera iki vyagwanijwe?**

---

Iyi nkuru y'aba bantu bo ku munara w'i Babeli irerekana icipfuzo gikuru cabo. Bariko bategekanya gushiraho inyubako y'akataraboneka – igisagara n'umunara bitari bwabeho ahandi ahantu na hamwe mw'isi: "umunara uz'ushikire ijuru, kugira ngo twironkere izina rya rurangiranwa" (*Itanguriro 11: 4*).

Mbega ni kangahe n'abantu b'uyu musi barondera gukora ibintu nk'ivyo nyene? Kumbure biciye muri politike, mu tugenegene, mu rudandazwa, mbere no mu vy'idini, ntaco bitwaye. Hariho abantu bashaka kwironderera izina rya rurangiranwa. Mw'iherezo, mbega ukuntu usanga ivyo vyipfuzo vyabo n'ivyo bikorwa vyabo vyose bibaye imburakimazi (*Raba Umusiguzi 2: 1-11*).

Bibiliya ivuga mw'*Itanguriro 11: 4* ko abo bantu bashaka kwubaka umunara kugira ngo bareke gusanzara kw'isi yose. Bashaka kuguma hamwe ubwabo ku bw'imvo yabo y'inarije. Ariko Imana yoyo yari ifise iyindi nteguro.

Abo bantu kandi bari bashize hamwe ku gikorwa. Ariko "Uhoraho aravuga, ati Raba n'ihanga rimwe, kandi bose basangiye ururimi; non'iki ni co batanguye gukora: erega ntakizobananira noneho ku co bazogabira gukora cose" (*Itanguriro 11: 6*). Iyi nteguro y'ivyipfuzo bibi, nk'uko biri, yari mbi.

N'ubwo Ivyanditswe Vyera bitabitomora neza na neza, Ellen G. White wewe avuga ko batari bafise ivyizigiro mw'isezerano Imana yari yaratanze ko itazigera yongera guhonya isi ikoresheje amazi ukundi (*Itanguriro 9: 14, 15*). Bironderera kwubaka bivanye n'imbono yabo ubwabo y'ukuntu bokwironderera umutekano aho kwizigira Ijambo ry'Imana. Imvo izo ari zo zose zabasunika uko zari ziri kwose, Imana yari isanzwe izi ko imigambi yabo idatunganye ariko ko yari yuzuyemwo

ivyipfuzo vy'inarije, ni co catumye noneho ibabuza ngo ntibashike ku mahangiro yabo bari barihaye.

**Mbega woba uri mu mugwi canke mu bantu bagize ubwoko bumwe bw'abantu basanzwe batekaniwe neza hagati muri bo ubwabo? None ni mubuhe buryo vyoshoboka ko wokwifatanya n'abandi atari abo muri ubwo bwoko bwanyu, umuryango wanyu, canke igihugu canyu?**

## **Ku wa kabiri**

16 Gitugutu 2023

### **GUHINDUKIRA ISI YOSE UMUHEZAGIRO**

**Soma Itanguriro 12: 1-3. Mbega ni mubuhe buryo impanuro Imana yahaye Aburahamu yari n'umuhamagaro wo kuja kurondera abazimiye?**

---

---

Imana yasavye Aburamu (wa wundi izina ryiwe ryahavuye rihinduka Aburahamu mu nyuma) kuva mu gihugu cabo no mu bwoko bwabo hama ngo aje mu kindi gihugu. Ivyo ni vyo vyari bigize integuro y'Imana yo gukoresha Aburahamu nk'umuyoboro wo gucamwo kugira ngo ishitse intumbero yayo kw'isi nk'Imana. Kandi Aburahamu yaragiye, nk'uko Ijambo ry'Uhoraho ryamubwira. Birashoboka nawe ko Imana igufitiye umugambi, ushobora kuba ari akamo igutera ko kuva mu muryango wanyu wagutse no mu bantu b'iwanyu kugira ngo ugende mu kibanza iriko igushira imbere kugira ngo uyikorere, kugira ngo ubone kubera abandi umuhezagiro.

**Soma iyi mirongo ikurikira. Mbega ni igiki buri murongo wose uvuga ku bijanye n'isezerano ry'Imana, hamwe n'umugambi wayo kuri twe?**

*Itanguriro 3: 15*

---

*Itanguriro 17: 19*

---

*Guharura 24: 17*

---

*Yesaya 9: 6*

---

*Daniyeli 9: 24-27*

---

*Matayo 1: 21*

---

Dufatiye kur'iyi mirongo iri aha haruguru, biribonekeza ko Imana yari igiye gushitsa isezerano, rimwe yatangira mw'itongo rya Edeni, ryavuga ko hariho Umuntu azoza nk'inyishu ku kibazo c'icaha. Iyo nyishu, Yesu Kristo ari we Mesiya, yategerezwa kuva mu muryango wa Aburahamu na Isaka (biciye muri Sara). *Abaheburaho 11: 9* havuga ko Isaka na Yakobo bari abaragwa b'isezerano ry'umuhezagiro Imana yari yaragiranye na Aburahamu.

Ntituzi neza na neza ukuntu Aburahamu ubwiwe yari asanzwe azi canke atahura neza ukuntu iryo sezerano ry'Umunago wari ugiye gushibuka uvuye muri we, ariko yaremeye aragenda kubwo kwizera. "Ukwizera ni kwo kwatumye Aburahamu yumvira Imana imuhamagaye akaja ahantu yar'abikiwe kuragwa: nukw'agenda, atazi iy'aja" (*Abaheburayo 11: 8*). Mbega akarorero keza kuri twe!

**Dufate ko uhamagawe n'Imana ngo ugende, "utazi" iyo uja. Mbega wokwishura gute, kandi kubera iki?**

## **Ku wa gatatu**

**17 Gitugutu 2023**

### **IHAMAGARWA RYA ABURAHAMU**

Mu gukurikiza umuhamagaro w'Imana, Aburahamu yinjiye mur'ico gihugu nk'uko Imana yari yaramutegetse. Ariko kandi, ico gihe yagenda, ibintu ntivyasa n'aho bizomumerera neza. Yahavuye ashika aho Imana yari yaramubariye kuja, ariko nk'uko Bibiliya ivuga, "ico gihe Abanyekanani ni bo baba mur'ico gihugu" (*Itanguriro 12: 6*) – abapagani bari bazwi cane kubera ububi n'ubwicanyi bwabo bw'akaburarugero. Ntibitangaje kuba igihe Aburahamu yari amaze gushika aho hantu, Uhoraho yaciye amubonekera maze akamubwira ngo, "Uruvyaro rwawe nzoruha iki gihugu" (*Itanguriro 12: 7*). Ntankeka, Aburahamu yari akeneye guterwa intege.

Ariko kandi, n'ubwo nyene ibintu ntivyabandaniye bigenda neza kuri we, nimiburiburi ku ncuro ya mbere.

**Soma *Itanguriro 12: 10-13: 1*. Mbega ni ibihe bintu vyamushikiye ku ncuro yakurikiye, kandi ni ayihe makosa uwo muntu w'Imana yakoze?**

---

Mbega ukuntu vyari uruvunantege kuri we: kuva mu buzima bwiza kandi butotahaye cane bwo mu gihugu cabo c'amavuko, akagenda gurtyo gusa, "atazi iy'aja" (*Abaheburayo 11: 8*). Kandi kimwe mu bintu vya mbere yaciyemwo cabaye ico guhangana n'inzara! Iyo nzara yari mbi cane ku buryo bw'uko yategerezwa kubanza no kuva mu kibanza yari yarabwiwe n'Imana kubamwo hama akaja ahandi hantu. Kandi ibintu vyateye biba bibi cane kuruta ivyo.

Ellen G. White avuga ngo: “Mu gihe yari muri Egiputa, Aburhamu yatanze ibimenyamenya vyerekana ko atidegemvya imbere y’ubunyantegenke bwa kimuntu n’inenge mbi. Mu guhakana ko Sara yari umugore wiwe, yari yihakanye ko atizera uburinzi bw’Imana, kubura ico gice c’ukwizera n’ubushizi bw’amanga incuro nyinshi kandi zihambaye vyama vyibonekeza mu buzima bwiwe kenshi na kenshi. . . . Biciye muri ukwo kuntu Aburhamu yabura ukwizera, vyatuma Sara aja ahanyerera cane. Umwami wa Egiputa, kubwo kubwirwa ibijanye n’akaranga keza kiwe, vyatumye amuhamagaza ku kirimba ciwe, agambiriye kumugira umugore wiwe. Ariko Uhoraho, mu mbabazi ziwe zihambaye, yahavuye akingira Sara mu kurungika ibihano ku muryango wose wa cami.” - Ellen G. White, *Patriarchs and Prophets*, p. 130.

Nta muntu n’umwe yigeze avuga ko igikorwa co kuja kurondera abazimiye coroshe, kandi biciye mu kubesha, biciye mu guhendwa, Aburhamu yatumye ibintu birushiriza kuba bibi cane. Ikinejereje, Imana ni Imana yihangana, mbere ntiyigeze iheba umukozi wayo kubw’iryo kosa, rimwe, ikibabaje, rishobora kutaba ari ryo ryonyene Aburhamu yoba yari yakoze. Mbega ukuntu biterana ihumure kumenya ko n’ubwo amakosa yacu yomera gute kwose, iyo twomatanye n’Uhoraho kubwo kwizera kandi tukamwiyegurira, nk’uko Aburhamu yabigenjeje, amakosa yacu, ivyaha vyacu, n’ibicumuro vyacu bitababarirwa gusa, ahubwo Uhoraho ashobora kuguma adukoresha mu gikorwa ciwe co kurondera abazimiye.

**Mbega ni ikihe cigwa dushobora gukura mur’iyi nkuru ivuga ivya Aburhamu muri Egiputa ?**

---

---

**Ku wa kane**

**18 Gitugutu 2023**

**ISHENGERO RYO HAMBERE N’UTURERE TWIFASHE NEZA**

**Soma Ivyakozwe n’Intumwa 8: 1-4. Mw’ishengero ryo hambere, mbega ni igiki cateje isanzara ry’abizera kure y’akarere kabo kari kifashe neza?**

---

---

Gushika iki gihe, ishengero ryo hambere ryari ritsimbataye ahanini muri Yerusalemu (canke mu gihugu c’Abayuda no mu bantu b’Abayuda gusa). Ariko aho agahamo gatanguriye – aho Sawuli, nk’Umuyuda w’inshirwarimenetse kandi nk’Umufarisayo, yari agafisemwo uruhara runini – ico gihe ishengero ry’i Yerusalemu ryaciye risanzarira muri Yudaya yose n’i Samariya. Yesu yari yarahanuye mu *Vyakozwe n’Intumwa 1: 8* ngo “muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’i Yudaya hose, n’i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi.” “Iri tangazo

ryarashikijwe, nk’uko tubibona mu *Vyakoze n’Intumwa 8: 4*, ngo “abasabagiye bagendagenda bavuga ijamba ry’Imana.”

Mbere n’inyuma y’aho ishengero ritanguriye kugendagenda kure ya Yerusalemu, abizera bari bakivuga ubutumwa mu ntara z’Abayuda canke mu kibano c’Abayuda mu bindi bisagara. *Ivyakoze n’Intumwa 11: 19* herekana ko abizera basanzarijwe ahantu hose kuva i Foyinike (Libani ya kino gihe) n’i Kupuro, ariko ntawundi babwira ubutumwa bwiza atari Abayuda bonyene. Ico gihe intumwa za Yesu n’ishengero ryo hambere ntibagomba kubona Abanyamahanga, ariko bashaka gusa Abayuda, ko baba ari bo baza k’Uhoraho bonyene. Bari bakibona hafi cane y’ico igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye cari kikiri gito.

Petero, intumwa ya Yesu kandi umwe mu bayobozi b’ishengero ryo hambere, yaragwanya ivyo gushira ubutumwa bwiza Abanyamahanga, mbere n’inyuma y’aho Pawulo atanguriye kubikora. Petero yari asanzwe azi ko ari intumwa yo ku bakebwe (bisigura Abayuda), Pawulo na we akaba intumwa yo ku Banyamahanga (*Ab’i Galatiya 2: 8*). Ariko kandi, Imana yahavuye isohora Petero mu karere k’iwabo kari gakomeye yongera kandi ihindura n’umutima wiwe. Yariko atangura kwiga ibijanye n’ico inshingano y’ubutumwa bwiza ihetse n’ico urupfu rwa Yesu rwashaka kuvuga mu bijanye no gushikana ubutumwa bwiza kw’isi yose.

**Soma *Ivyakoze n’Intumwa 10: 9-15, 28, 29*. Mbega ni ubuhe butumwa Umwami Yesu yariko aha Petero, kandi ni gute natwe dutegerezwa, mur’ino misi yacu n’igihe cacu, kubukoresha mu gikorwa co kuja kurondera abazimiye?**

---

---

## **Ku wa gatanu**

**19 Gitugutu 2023**

### **GUTANGURIRA AHO URI**

**Soma *Ivyakoze n’Intumwa 1: 8*. Mbega ni uwihe mwifato ngenderwako Yesu yerekanye mu gihe ciwe c’igikorwa co gusabikanya canke co kuba icabona mw’isi?**

---

---

Uyu ni wo mwifato ngenderwako watangujwe na Yesu utwereka ukuntu dukeneye gukora nk’abigishwa biwe, bamwe bafise inkuru nziza yo gusangiza abandi. Gusabikanya ukuri ntibishaka kuvuga kwemeza abandi ukuntu bobo bari mu makosa, ariko bijanye no gusabikanya Yesu nk’uko yerekanywe mu butumwa bw’abamarayika batatu bwo mu *Vyahishuriwe Yohana 14: 6-12*.



Ariko kandi, hariho imyifato ngenderwako imwe-imwe iboneka mu majambo ya Yesu yo mu gitabo c'*Ivyakozwe n'Intumwa 1: 8*. Ubwa mbere, “ ‘muzombera ivyabona muri Yerusalemu.’ ” Nk'uko twabibonye (ariko ni vyiza gusubirwamwo), dutegerezwa kuba ivyabona vyawe mu kibanza dusanzwe tubamwo mu buryo bw'umubiri. Ibi bishobora kubamwo urugo rwacu, ishengero ryacu, ikibano cacu, n'ikigwari canke igisagara tubamwo. Turakeneye kuba ivyabona vyawe dutanguriye aho turi, mur'ico kibanza nyene asanzwe yaradushizemwo – muhira canke ku kazi – no kumubera ivyabona mu bantu dusanzwe twegeranye. Ushobora kuba umuryango wa hafi na hafi canke umuryango wagutse, abantu bo mw'ishengero, bo ku kazi mu bo dusanzwe dukorana, ababanyi, n'abo mu gisagara tubamwo.

Rimwe na rimwe usanga abantu basa n'abagomba kuja mu gihugu ca kure no mu bantu b'iyindi mico kama kugira ngo babe ivyabona vy'Imana. Ariko ugasanga ntibariko bashingira intahe abantu babakikije ubu nyene. Dukwiye gutangurira aho turi hama tukabona kuva aho nk'uko Uhoraho atuyoboye.

Igukurikira, “ i Yudaya hose n'i Samariya, no gushika ku mpera y'isi” (*Ivyakozwe n'Intumwa 1: 8*). Vyongeye kandi, Yesu ariko yerekana ukuri kuvuga ko gushinga intahe birimwo kujabuka imbibe z'abo musangiye imico kama. Tumaze gutangurira aho duherereye, dushobora guca duhamagarirwa kuja mu bindi bice kubwira ubutumwa abantu bo mu yindi mico kama, amoko, n'ayandi madini. Nimba ndi uwo mu bundi bwoko canke mu bantu bavuga izindi ndimi, bishobora kunyorohera cane kubashingira intahe kubera inzitizi ntoya z'imico kama zo kurengana.

Mu bice bimwe-bimwe vy'isi, umuryango umwe gusa canke ubwoko bumwe gusa usanga aribwo buserukiwe cane mw'ishengero. Ariko kandi, irya nshingano nyamukuru ya Yesu itubwira ko, nk'ivyabona vyawe, gusohoka mu karere kamerewe neza mbere tugakoresha uburyo bwacu mu gushikira abantu bo mu migwi nk'iyo, ari igikorwa ngirakamaro cane. Na bo nyene barakeneye ubutumwa bwa Yesu.

**Akamo 1: Suzuma hama ugire urutonde rw'imigwi y'abantu bagendana ubumuga bunaka aho uherereye, bamwe ishengero ritarakora akigoro ko kubashikanako ubutumwa bwiza.**

**Akamo 2: Tangura gusenga usaba ko woronka akaryo keza muri kazoza ka hafi ko kwitabira igikorwa co kuja kurondera abazimiye bagendana ubumuga budasanzwe.**

### IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA

Soma ibi bice bikurikira vyanditswe na Ellen G. White, “*The Great Commission*,” pp. 25-34 na “*A Seeker for Truth*,” pp. 131-142, mu gitabu *The Acts of the Apostles*.

“Imbere yo kuduga mw’ijuru, Kristo yahaye abigishwa biwe igikorwa cabo. Yababwiye ko bategerezwa kuba abantu bo gushira mu ngiro ubugombe yaraze isi bugizwe n’ubutunzi bw’ubugingo budashira. Yababwiye, ati: Mwarabonye n’amaso yanyu ubugingo bwanje bw’ikimazi ku neza y’isi. Mwarabonye ivyo nakoreye Abisirayeli. Kandi n’ubwo abantu banje badashobora kuza kuri jewe kugira ngo bashobore kuronka ubugingo, n’ubwo abaherezi n’abigisha b’ivyagezwe batankoreye ivyari biri ku rutonde rwabo, n’ubwo bantaye, bazokwongera kandi kuronka ayandi mahigwe yo kwemera Umwana w’Imana. Mwarabonye abantu bose baje kuri jewe bigaye ivyaha vyabo, narabakira atakirinze gusabwa. Uwo wese aza aho ndi sinzigera ndamuhinda.

“Kuri mwebwe, mwa bigishwa banje na mwe, ndabajeje ubu butumwa bw’imbabazi. Butegerezwa guhabwa Abayuda n’Abanyamahanga – Abisirayeli ubwa mbere na mbere, hama amahanga yose, indimi zose, n’amoko yose. Abantu bose bizera bategerezwa gukoranirizwa mw’ishengero rimwe.” - Ellen G. White, *The Acts of the Apostles*, pp. 27, 28.

Inshingano Nyamukuru iratomoye neza: “Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa’ ” (*Matayo 28: 19*). Kubw’ivyo, bijaniranye no kugenda ku bandi bantu, cane-cane mu yandi mahanga.

“Inshingano yo kuja kuvuga ubutumwa bwiza ni icahapa gihambaye cerekana urupapuro rw’inzira ishikana mu bwami bwa Kristo. Abigishwa bategerezwa gukora n’ingufu nyinshi kugira ngo bakize imitima y’abantu, mu guha abantu bose ubutumire bw’imbabazi. Ntibategerezwa kurindira ko abantu baba ari bo baza aho bari; ahubwo bategerezwa kuja kurondera abantu babashiriye ubutumwa bwabo.” - Ellen G. White, *The Acts of the Apostles*, p. 28.

“Hariho abantu benshi mw’isi yacu begereye ubwami bw’Imana kuruta uko twahora tuvuyumvira. Mur’iy’isi y’umwiza w’icaha, Umwami arafise inyerere nyinshi z’igicro kinini, azotumberezako intumwa ziwe. Ahantu hose hariho abantu bazofata ingingo yo kuja kuri Kristo. Abantu benshi bazoha agaciro kanini ubwenge bw’Imana babone ko buruta izindi nyungu zose zo mw’isi, kandi bazoca bahinduka abatwaramuco. . . . Kubwo kunyurwa [izindi ntumwa] ko ubuzima bwa Petero bwari butumbereye kw’irangurwa ry’integuro y’Imana, kandi kuba inzitwazo zabo no kwiyonjorora kwabo vyari biteye kubiri n’intumbero y’ubutumwa bwiza, baciye

bahesha Imana icubahiro, mu kuvuga bati : “Mur’iki gihe Imana yahaye n’Abanyamahanga akaryo ko kwihana kugira ngo baronke ubugingo budashira. Gurtyo rero, atangorane irinze kubaho, inzitwazo zose zacye zikurwaho, ivangura ryashizweho n’imigenzo yo mu myaka ya kera ryarahebwe, maze inzira ishikana ku butumwa bwiza ica iruguruka yo kuja kuvuga ubutumwa bwiza mu Banyamahanga.” - Ellen G. White, *The Acts of the Apostles*, pp. 140-142.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega ni gute wotanga indangurajambo y’ico arico kuja kurondera abazimiye mu gihe uriko ubikora mu buzima bwawe bwite?
- 2** Mbega ni mubuhe buryo ushobora, kwerekaniramwo igikorwa co kuja kurondera abazimiye mu myifato no mu buzima bwawe umusi ku musu? Mbega ni gute ushobora kuba umuntu yama yitwararitse cane ivy’igikorwa co kuja kurondera abazimiye mu bikorwa vyawe vya misi yose?
- 3** Mbega ni gute twosuzuma imitima yacu mu buryo buhambaye cane hama tukarondera inkomezi ziva mw’ijuru kugira ngo twikuremwo inzitwazo zose zo kutiyumwamwo barya bantu batameze nka twe?

## Icigwa ca 4

21 – 27 Gitugutu 2023

### GUSABIKANYA IGIKORWA C'IMANA CO KURONDERA ABAZIMIYE



#### KW'ISABATO KU MUGORоба, 21 GITUGUTU 2023

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Itanguriro 18; Yakobo 5:16; Abaroma 8:34; Abaheburayo 7:25; Itanguriro 19:1–29, Itanguriro 12:1–9.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Ndabaha icagezwe gisha: ni mukundane; nk’uko nabakunze, abe ariko namwe mukundana. Ni mwagiriranira urukundo ni ho bose bazomenya ko mur’abigishwa banje” (*Yohana 13: 34, 35*).

Kuva mu ntango, Aburahamu yama ashaka gukoreshwa n’Imana mu gikorwa cayo co kurondera abazimiye. Ukwo kuri kurashobora kuboneka, nk’akarorero, mw’*Itanguriro 18*, igihe Imana yamugabisha ku bijanye n’ivyari bigiye gushikira Sodom na Gomora. “Ereg’Umwami Uhoraho ntazogira ico akora, atabanje kwibira akabanga abasavyi biwe avugisha” (*Amosi 3: 7*). Kandi mu nkuru y’ivya Sodom na Gomora, “Umukozi wayo avugishwa na yo” yari Aburahamu.

Aburahamu yariko araruhuka mu bushuhe bwo ku murango aho yabona ingenzi zitatu. “Aburahamu yari yabonye muri abo bashitsi, ingenzi zitatu gusa zirushe, ziyumviye gake cane ko muri bo hari harimwo wa Wundi yari gushobora gusenga atagira icaha.” - Ellen G. White, *Patrirarchs and Prophets*, pp. 138, 139.

Ariko kandi, uwo Aburahamu, bidatevye yahavuye yitabira ubwiwe igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye. Uruhara rwiwe, nk’uko rwahishuwe mur’iki gice, rwari urwo gusengera no kuvugira abantu b’i Sodom na Gomora. Ni kuvuga, yashaka kubona, uko vyomera kwose, nimba abo bantu, hatisunzwe uko bameze ubwabo, bashobora gukizwa. Mu ruhande rumwe, nimba ico, atari igikorwa co kurondera abazimiye – none ikindi ni ikihe?

Mur’iki gice cose, harahishuwe imico myiza yo mu vy’impwemu ya Aburahamu: gutanga indaro, urukundo, no gusenga – imico ishobora gufasha cane mur’iki gikorwa co kuja kurondera abazimiye, na co nyene.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 28 Gitugutu 2023.*

## **Ku wa mbere**

**22 Gitugutu 2023**

### **INGABIRE YO GUTANGA INDARO**

**Soma Itanguriro 18: 1-15. Mbega ni ibihe bintu bigize ingabire yo gutanga indaro vyerekanywe mu nyishu Aburahamu yahaye barya bashitsi?**

---

Aburahamu yari yicaye mu rwinjiriro rw'ihema ryiwe mu ndugumba yo ku murango. Uwo mwifato ntiwari usanzwe. Muri uwo mwanya wo mu gihe co mu ci, igihe izuba ryaba rigamburuye cane, umuntu wese yaba ariko arondera agatutu n'ahantu hari akayaga keza. Ariko, kumbure, Aburahamu wewe yari yemeye kwitega ubwo bushuhe kugira ngo ashobore gufasha umuntu yobaye ariko ararengana ku ruhande.

Mu gihe yari aho hantu, yagiye abona ingenzi zitatu. Muri kamere yiwe, nk'uko vyibonekeza cane, yari asanzwe aha indaro ba kavantara. Ni co gituma icyumviro co kuja kubasanganira cavuye muri Aburahamu: mur'ico gisomwa tubwirwa ko yaciye yiruka aja iyo bari avuye aho ku rwinjiriro rw'ihema. Ni kuvuga, kandi iki kintu kirahambaye: Aburahamu yafashe ingingo mu mutima wiwe yo kuja kubasanganira n'imbere yuko baza aho ari.

“ ‘nuko bazane utuzi mwoge ibirenge, muruhukire musu y'igiti: nanje nzane urtwo kurya, mwihembure, muheze mubone kugenda, ko mugendeye umusavyi wanyu. Bati: Kora uko uvuze' ” (*Itanguriro 18: 4, 5*).

Aburahamu yari asanzwe azi ibijanye n'igikorwa ciwe co kurondera abazimiye, ico na co kikaba cari kijanye no gusabikanya n'umuntu wese ivyo asanzwe azi k'Uhoraho mw'isi yarangwamwo gusa abapagani, abasenga ibigirwamana, n'abemera imana nyinshi. Nk'uko dushobora kubibona mur'iki kintu cabaye ng'aha, uburyo nyamukuru bwiwe bwo kurangura ico gikorwa ciwe co kurondera abazimiye bwari ubwo gutanga indaro kuri abo ba kavantara, baboneka nk'aho umenga bavuye kure cane.

Muri uwo mwanya, abanyarugo nyamwishi bo kwa Aburahamu barenga abantu igihumbi, benshi muri bo bari ba serugo b'imiryango, kandi si bake gusa ariko bose bari abantu bihanye bavuye mu gipagani. Urugo nk'urwo rwasaba ukuboko gushikamye cane ku nkingi ikomeye. Vyasaba ukuboko kutajegajega, canke kujugumira. . . . Ubwaku bwa Aburahamu bwashika kure y'urugo rwiwe. Ahantu hose yashinga amahema, yaca yubaka igicaniro iruhande y'aho agatanga ikimazi

c'amashimwe. Iyo yaramuka ashinguye iryo hema, ico gicaniro coco casigara aho; kandi Abanyekanani baba basigaye aho, burya baba bamenyeye Imana yo mw'ijuru ku buzima bwa Aburhamu umusuku wayo, basigara bakoresha ico gicaniro mu guha Yehova ibimazi.” - Ellen G. White, *Education*, p. 187.

Kuva mu ntango, uyu mugabo yama atahura ko Imana yamuhamagariye igikorwa co kurondera abazimiye, kandi ko urugendo rwiwe rwo kuja mu gihugu c'isezerano atari akaruhuko ariko ko rwari umuhezagiro kuri barya bantu baba bamukikije, biciye mu rubuto rwiwe, yategerezwa guteragira mw'isi.

**Mbega ni iyihe myifato ngenderwako y'akarorero ka Aburhamu mu bijanye no gutanga indaro kwiwe ushobora gukurikiza na we mu buzima bwawe bwite?**

---

---

## **Ku wa kabiri**

**23 Gitugutu 2023**

### **URUKUNDO ABURAHAMU YAKUNDA UMUNTU WESE**

**Soma Itanguriro 18: 16-33. Mbega ni gute Aburhamu yakoresha umwifato nyamukuru wiwe w'urukundo ku bantu bose atavanguye umuryango, ubwoko, canke ihanga?**

---

---

Umwifato runtu wa kabiri wa Aburhamu dusanga mu gitabu c'*Itanguriro 18* wari urukundo yakunda abantu, mbere no kuri barya bantu atari asanzwe azi ubwiwe. Iki ni icigwa kinini kuri buri wese muri twe. Abantu bo muri Sodoma na Gomora bari basanzwe ari abanyavyaha, bari batandukanye cane n'ivyo yaha agaciro, ariko umutima wiwe wari wuzuye urukundo yakunda buri muntu wese atarinze kuvangura ubwoko, ibitsina, indimi, canke imyizerere.

Imana, mur'ico gihe, yaciye ihishurira Aburhamu ingingo yayo yo kurimbura ibisagara vya Sodoma na Gomora. “ ‘Maz'Uhoraho aravuga, at'Induru zir'i Sodoma n'i Gomora kw'ari nyinshi, kand'ivyaha vyaho bikaba vyabaye ikirenga, ndamanutse ndabe yuko bakora ibihwanye rwose n'ukw'induru zaho zanshikiriye; kandi namb'atari ko biri, ndabimenye' ” (*Itanguriro 18: 20, 21*).

Mu bwitonzi bwinshi no mu kwubaha kwinshi, Aburhamu yaciye aduza igisabo ciwe ku Mana, ngo: “ ‘Icompa bikaba kure yawe, gukora ikintu nk'ico, kwicana abagororotsi n'abanyavyaha, abagororotsi n'abanyavyaha bakaringanira: icompa bikaba kure yawe! Non'Umucamanza w'isi yose ntiyokora ibigororotse?’ ” (*Itanguriro 18: 25*).

Biciye mu rukundo rwiwe, Aburhamu yipfuza gukiza abantu bose bo mur'ivyo bisagara, atari abagororotsi bonyene. Mu vy'ukuri, Aburhamu yari asanzwe azi ukuntu ikibi n'inkozi z'ibibi vyari bisanzwe bibayeho ngaho. Mbega ni inde azi inkuru wewe yari yarumvise zijanye n'abo bantu hamwe n'imigenzo yabo? Kandi dufatiye ku bintu dusanzwe tuzi kuri bo, nk'uko vyahishuwe mu gice gikurikira, harimwo n'irya nkuru ibabaje y'ivya Loti na rya sinzi ry'abantu bari bakoraniye hanze y'izu yiwe (*raba Itanguriro 19: 1-11*), koko aba bari abantu babi cane.

Ariko kandi Aburhamu, kuba yari asanzwe azi ubwiwe ibijanye n'urukundo rw'Imana, yahavuye abaserukira imbere yayo ku neza yabo. Aburhamu yari asanzwe azi ko ibiremwa bantu na ntaryo bishobora kugaruka ku Mana vyihanye. Kubwa Aburhamu, gukiza ababa mur'ivyo bisagara vyari gushobora kubaha amahigwe yo kwihana.

Mu mpera ya vyose, Aburhamu yashingiye igisabo ciwe ku bintu ubwiwe yari asanzwe azi bijanye n'urukundo Imana ifitiye ibiremwa bantu. Ubwiwe yari asanzwe afise urukundo rukomeye yakunda abanyavyaha, kandi yari asanzwe azi ko igihe cose hakiriho ubugingo, haba hariho n'ivyizigiro vy'agakiza.

**Mbega ni kubera iki isengesho ryo gusengera abandi ari kirumara mu buzima bwacu bw'amasengesho? Mbega ni gute ivyo gusengera abantu bari mu ngorane bishobora kudufasha gukura mu vy'impwemu kandi bigatuma turushirizaho kumenya ibijanye n'urukundo Imana ifitiye abanyavyaha?**

---

---

## **Ku wa gatatu**

**24 Gitugutu 2023**

### **AGATIMA KA ABURAHAMU K'AMASENGESHO**

**Soma *Itanguriro 18: 23-32* na *Yakobo 5: 16*. Mbega ni igiki ibi bikwiye kutwigisha mu bijanye n'inkomezi z'isengesho ryo gusengera abandi?**

---

---

Ikiyago cabaye hagati ya Aburhamu n'Imana ni igitutu, ikigereranyo, c'isengesho ryo gusengera abandi. Aburhamu yerekanywe mur'iki gice nk'umuvugizi w'abantu b'i Sodom na Gomora imbere y'Imana. Yariko aringira Imana ku bwabo, ku ruhande rwabo; ni kuvuga, ni nk'aho yari igitutu, ikigereranyo ca Yesu nk'umuvugizi wabo imbere ya Se. Igikorwa cacu co kuja kurondera abazimiye uyu musu kizororanirwa gusa ni twaramuka duciye mur'iyi nzira y'isengesho ryo gusengera abandi.

Aburahamu yari yarize gukunda abantu baba muri Sodoma, Gomora, no mu bindi bisagara vyari vyegereye hafi y'aho. Ibi ni vyo vyatuma isengesho ryiwe ari iryo ku mutima kandi rishikamye. Yari yaramaze kurwanya abami bamwe bari baranesheje abami b'i Sodoma na Gomora. Inyuma y'intsinzi ya Aburahamu, Bera, umwami w'i Sodoma, yaje kubonana na Aburahamu ari kumwe na Melikisedeki.

Bera yahise asaba ko abantu biwe bogaruka mu ngo zabo, ngo: "Ndekerana abantu, ibintu ubitware" (*Itanguriro 14: 21*). Iki ni ikimenyetso cerekana urukundo uyu mwami yari afitiye abantu biwe. Bivanye n'uko kamwe mu buranga bwa Aburahamu kari urukundo, yarakunda uwo mwami w'i Sodoma na Gomora, kandi yama abasengera bo n'abantu babo. "Gukunda abantu bariko baja mu mahonero vyasunikiye Aburahamu kuba umuntu w'amasengesho." - Ellen G. White, *Patriarchs and Prophets*, p. 140.

Aburahamu yakoresha kwiyoroshya no kwihangana mu masengesho yiwe. Kuva aho Imana yakiriye ca gisabo ciwe ca mbere na mbere co gukingira igisagara igihe cose hobonekamwo abantu b'abagororotsi 50 baba ng'aho, yaciye abandanya igikorwa ciwe co kubasengera.

Igikorwa cacu co kuja kurondera abazimiye ntigishobora kuranguka neza hatabayeho amasengesho. Inyuma yo guhura n'umuntu, inyuma yo gutanga igisigurwa canke icigwa ca Bibiliya, dutegerezwa gusengera abantu tuba twagiranye umubonano. Imana iritwararika cane ayo masengesho mu gukora ku mitima y'abo bantu tuba twagiranye ibiyago. Si amajambo yacu canke ubushobozi bwacu bwo kuvuga bizotuma abagenzi bacu canke incuti zacu zihana – ni Mpwemu Yera. Ni co gituma mu gikorwa ico ari co cose co kuja kurondera abazimiye twokwitabira gukora, dutegerezwa gusengera buri muntu wese ku giti ciwe.

**Soma Abaroma 8: 34 n'Abaheburayo 7: 25. Mbega iyi mirongo itubwira iki mu bijanye n'ivyo Yesu adukorera, kandi ni gute uku kuri kudufasha gutahura neza uruhara rwacu bwite nk'abantu bajejwe kuburanira abandi?**

---

---



### IGIKORWA CA ABURAHAMU CO KURONDERA ABAZIMIYE

**Soma Itanguriro 19: 1-29. Mbega ni iyihe yabaye ingaruka y'agatima ka Aburhamu ko gutanga indaro, urukundo, n'amasengesho?**

---

Iki gisomwa gitanga ikimenyetso kinejereje cerekana ibijanye n'ikibanza ca Loti mu gisagara ca Sodoma: "Loti yari yicaye kw'irembo ry'igisagara c'i Sodoma" (*Itanguriro 19: 1*). Ibi bishaka kuvuga ko yari umuntu ahambaye mur'ico gisagara, neza na neza umutware mu vy'intwano, kubera ko kwicara mu marembo yari amabanga y'abategetsi, abacamanza, n'abami (2 *Samweli 19: 8; Yereimiya 38: 7; Rusi 4: 1*).

Igice ca 19 gihakwa kubangabangana n'igice ca 18 hamwe n'irya nkuru ya barya bamarayika batemberera kwa Aburhamu. Aburhamu na Loti umwe wese yari yicaye kw'irembo canke mu gwinjiriro (*Itanguriro 18: 1; Itanguriro 19: 1*); Aburhamu na Loti umwe wese yaratumiye ba kavantara kuruhukira mw'ihema iwiwe (*Itanguriro 18: 4-8; Itanguriro 19: 3*). Uko amakosa yiwe yoba angana kwose, ariko kandi umengo Loti yari afise imico runtu myiza imwe.

"Uhoraho atiburira kuri Sodoma na Gomora umuriro n'amazuku, bivuye kuri we mw'ijuru; akomvomvora ivyo bisagara n'ico kiyaya cose, n'ababa mur'ivyo bisagara bose, n'ivyari vyarahameze vyose" (*Itanguriro 19: 24, 25*).

Ntituzi igitigiri c'abantu baba mu bisagara vya Sodoma na Gomora mur'ico gihe c'iyi nkuru, ariko muri abo bantu ibihumbi n'ibihumbi, abantu bane bonyene ni bo bavuye mur'ico gisagara, kandi batatu gusa ni bo bakize. Neza na neza nk'uko vyagenze no mugihe ca wa mwuzure. Ntituzi igitigiri c'abantu bariho ico gihe, ariko tuzi ko benshi muri bo batakize.

Ico gitigiri gito c'ababa muri Sodoma bakize kiri n'ico kitubwiye ku gikorwa cacu bwite co kurondera abazimiye: si umuntu wese azokizwa. Twonejerejwe no kubona umuntu wese yemeye Yesu n'integuro yiwe y'agakiza, ariko buri muntu wese afise ukwishira no kwizana. Igikorwa cacu ni ico gutumira abantu benshi bashoboka ngo bahitemwo kwakira Yesu. Iyo turiko turangura igikorwa cacu co kurondera abazimiye, Imana iradushigikira biciye muri Mpwemu Yera, ariko ntizigera irwanya ubugombe bw'umuntu uwo ari we wese.

Kwishira no kwizana bishaka kuvuga ko, impera n'imperuka, ivyo ari vyo vyose twokora, uko twosenga kwose, agakiza gashika ku muntu wese bivanye no guhitamwo kwiwe.

**Mbega ni gute dushobora kwiga kudacika intege iyo tutabona ubwoko bw'ivyamwa dushaka kubona mu gihe turiko dukora igikorwa co kurondera abazimiye?**

---

---

## **Ku wa gatanu**

**26 Gitugutu 2023**

### **GUKURIKIZA UBUGOMBE BW'IMANA**

**Soma Itanguriro 12: 1-9. Mbega ni igiki iyi mirongo yigisha kijanye no gukurikiza ubugombe bw'Imana, mbere n'ubwo inzira yacu isa n'iyidahita neza?**

---

---

Iyindi imwe mu ngeso nziza za Aburahamu yari iyo gukurikiza ubugombe bw'Imana. Ivyashitse mu buzima bwa Aburahamu vyose hagati yiwe n'Imana vyarangwa n'agatima kiwe ko kwishira mu maboko y'Imana.

*Umuhamagaro wiwe:* Aburahamu yaronse umuhamagaro ugoye uturuka mw'ijuru: "Va mu gihugu canyu, no mu muryango wanyu, no mu nzu ya so, uje mu gihugu nzokwereka" (*Itanguriro 12: 1*). Aho yumviye ijwi rivuye mw'ijuru, umwifato wiwe wa mbere wari gushobora kuba uwo kutitwararika iryo jwi, akiyumvira ko yoba yariko ararazirana. Canke yoba yabanje kwibaza ibibazo kuri ubwo butumwa, mu kuvuga amajambo nk'aya ngo, *Sinshaka kugenda; nshaka kuguma aha*. " 'Ibihugu nzokwereka' " bishobora kuba vyabaye imvugo itumvikana yo kwerekana itururizo! Ariko yaremeye uwo muhamagaro. Yashize ubugombe bwiwe mu bugombe bw'Imana maze yemera kuva mu nzu kwa se no mu gihugu cabo: "Nuko Aburahamu aragenda, nk'uk'Uhoraho amubariye" (*Itanguriro 12: 4*).

*Guhitamwo igihugu:* Amatati yaradutse hagati y'abakozi ba Loti n'aba Aburahamu, ariko Aburahamu ntiyari umuntu yirwanirira mu buryo bw'umubiri n'amaraso. Yama akurikiza ubugombe bw'Imana, iyo na yo ikaba yaciye imuhezagira: "Uhoraho abarira Aburamu, at'Unamura amaso yawe, uhare ah'uhagaze aho, witegereze i buraruko n'i bumanuko n'i burasirazuba n'i burengerazuba: iki gihugu cose ubonye ni wewe nzogihira, n'uruvyaro rwawe, gushitsa ibihe vyose" (*Itanguriro 13: 14, 15*).

Isamburwa rya Sodoma na Gomora: Igihe Imana yahishurira Aburahamu iherezo ry'ivyo bisagara bibiri, Aburahamu, n'urukundo rwiwe rwinshi, yagerageje gutorera inyishu ivyo bibazo. Kubera ko hatari hari n'abagororotsi cumi mur'ivyo bisagara, ivyo bisagara vyahavuye bisamburwa. Aburahamu yakurikije ubugombe bw'Imana maze yemera igihano c'Imana kur'ivyo bisagara.

Uhoraho yashoboye gukoresha Aburahamu kubera ugukurikiza ubugombe bw'Imana kwiwe mu bintu vyose. Ukwo ni kwo bitegerezwa kugenda na twe uyu musi.

**Akamo 1: Mu bisagara vyacu, duhura n'inzitizi mu gihe tuvuga ubutumwa bwiza mu buryo bubereye kandi n'inkomezi nyinshi. Turakeneye kwinginga Imana ngo idutabare.**

**Akamo 2: Rondera kubonana n'umuntu ariko aca mu bihe bigoye bisa n'ivyacu. Bwira uwo muntu ko uriko umusengera, hama usabe Imana ku kwereka ico ushobora gukora ngo umufashe.**

## **Ku wa gatandatu**

**27 Gitugutu 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZRIKANA**

“Gukunda abantu bari mu mahonero ni vyo vyatera Aburahamu ku basengera. Bivanye nuko yanka ivyaha vyakorera mur'ico gisagara c'imburakimazi urunuka, rero yaguma yipfuzza ko abo banyavyaha bakizwa. Agatima ku rukundo kimbitse yari afitiye Sodoma kerekana icipfuzza dukwiye kwiyumvamwo imbere y'abantu badashaka kwihana. Dukwiye kwanka icaha urunuka, ariko kandi twumvire ikigongwe kandi dukunde umunyavyaha.

Hirya no hino yacu hariho abantu bariko baja mu mahonero batagira kirengera, bageramiwe, nka kurya vyagendeye Sodoma. Buri musi urubanza rw'igendereza ku bantu bamwe rutera rurangira. Buri saha abantu bamwe batera bagerera kure y'imbabazi. None amajwi yo kuburira no kwinginga umunyavyaha ngo ahunge iryo herezo ryiwe ribabaje ari hehe? Mbega ukuboko kuramvuye ngo kumukure mu rupfu kuri hehe? Mbega abantu bazi kwicisha bugufi kandi bakoresha ukwihangana kwinshi bari hehe ngo bamusabire ku Mana?

“Umutima wa Aburahamu ni wo wari n'umutima wa Kristo. Umwana w'Imana ni we Muntu mukuru aburanira umunyavyaha. Wa wundi yariha ikiguzi ngo acungure umunyavyaha ni we azi neza agaciro ku mutima w'umuntu. Igihe yagwanya ikibi cari cadutse mw'isi itagira akanenge kandi itunganye, Kristo niho yerekaniye urukundo afitiye umunyavyaha, rwa rundi ubwiza butagira iherezo bwonyene ari bwo bushobora kurutahura. Mu mibabaro yiwe yanyuma yo ku musaraba, ubwiye yanyinyuranye n'umutwari w'ivyaha vy'abari mw'isi bose, yasengeye abariko baramutoteza

bamucunaguza, ngo: “Data, n’ubaharire, kuko batazi ico bakora.’ *Luka 23: 34.*” - Ellen G. White, *Patriarchs and Prophets*, p. 140.

“Aburhamu yarubahwa n’amahanga yose yari amukikije nk’umuganwa akomeye kandi nk’umunyabwenge n’umutware ashoboye. Ntiyakumira ababanyi biwe ku bwaku bwiwe. Ubuzima bwiwe na kamere yiwe, kubera ko vyari bihabanye cane n’ivy’abasenga ibigirwamana, vyari n’ijwi rifise ubukuba bwinshi bwo kwerekeza abantu ku kwizera kwiwe nyakuri. Ubwizigirwa bwiwe ku Mana bwari bukomeye cane, mu gihe ubugwaneza n’ubwitange vyawe vyagaragaza ubwizigirwa n’ubugenzi mbere n’ubudahangarwa bwiwe butagira akanenge vyatuma abantu bose bamuha icubahiro n’agateka.” - *Patriarchs and Prophets*, pp. 133, 134.

## IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE

- 1** Mbega ni ubuhe bundi burorero bwo mu Vyanditswe Vyera butwerekako umuntu yakurikije umuhamagarari wiwe neza wo kuja mu gikorwa co kurondera abazimiye? Mbega mwovugako iki kuri Yohana Umubatizi? Mbega mwovugako yaroraniye?
- 2** Soma Itanguriro 19: 30-36. Mbega aha hantu hatubwirako iki ku bijanye na kamere ya barya bantu bakijijwe bava muri Sodoma?
- 3** Mbega ni ibihe bindi vyigwa twokwigira ku karorero ka Aburhamu mu bijanye n’igikorwa co kurondera abazimiye hamwe n’ukuntu gikorwa?
- 4** Niwiyumvire kur’iki kintu: Mbega wovugako igikorwa ca Aburhamu co kuvugira Abanyesodoma n’Abanyegomora cagenze neza canke ko cagenze nabi?

28 Gitugutu – 03 Munyonyo 2023

## INZITWAZO ZO KWANKA KUJA KURONDERA ABAZIMIYE



### KW'ISABATO KU MUGORоба, 28 GITUGUTU 2023

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Yona 1-4; Nahumu 1:1; 2 Abami 17:5, 6; Zaburi 24:1; Yakobo 1:27; Yesaya 6:1-8.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Numva ijwi ry’Umwami Imana rivuga, riti Ndatuma nde, ni nde yotugira? Maze ndavuga, nti Ndi hano, ba ari jewe utuma” (*Yesaya 6: 8*).

Si umuntu wese yahamagariwe igikorwa co kuja kurondera abazimiye yacitabiriye nka Aburhamu. Yona ni we karorero (*soma Yona 1-4*). Imana yahamagaye Yona ngo aje guhanura Abanyenine, umugwa mukuru wa Ashuri. Uyu mugwa mukuru, wari usanzwe uri mu gihugu ca Irake ya kino gihe c’iterambere, wari nko ku bilometero 900 uvuye i Yerusalemu, urugendo rw’ukwezi kwose. Yona ntiyanse kugenda gusa – ahubwo yahungiyeye mu merekezo ahabanye. Ageze i Yopa, yahise atabuzwa itike imujana i Tarushishi, aha naho ubu hakaba ari mu bumanuko bw’igihugu ca Esupanye. Gukora urugendo hafi rw’ibilometero 320 vyashobora gutwara n’imiburiburi ukwezi kwose, bivanye n’uko ikirere cifashe. Mu kudashaka guhangana n’umwami w’i Ashuri, Yona yakoresheje ukwo kwezi kwose yari kumara kugira ngo ashike i Ninewe ariko arahunga gusa. Mbega ni kubera iki, umuntu w’Imana, yubahutse gukora ibintu nk’ivyo?

Abanyenine bari basanzwe ari abanyavyaha ruhebwa, abantu bari basanzwe bazwi kubw’ibibi vyabo n’ubwicanyi bw’akaburarugero bakora kandi bama bagavye ibitero kuri Isirayeli n’Ubuyuda. Ariko n’ubwo vyari ukwo, Imana yahamagaye Yona ngo aje i Ninewe kubagabisha mu bijanye n’ubwo bugizi bwa nabi bwabo (*Yona 1: 2*). Amajambo yakoreshejwe ng’aha arasa cane n’amajambo Imana yakoresheje igihe yavugana na Aburhamu ku birabana na Sodoma na Gomora, mw’*Itanguriro 18: 20, 21*. Nk’uko tuja kubibona, ariko kandi, Yona ntiyari Aburhamu.

Mbega ni igiki dushobora kwigira ku mwifato wa Yona mu bijanye n’inzitwazo dushobora gushira imbere kugira ngo ntituje kuburira abazimiye?

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 04 Munyonyo 2023.*

**29 Gitugutu 2023**

**URWITWAZO RWACU: UBWOBA**

**Soma Nahumu 1: 1; Nahumu 3: 1-4; na 2 Abami 17: 5, 6; 2 Abami 19: 32-37. Mbega ni ibiki iyi mirongo ishira ahabona mu bijanye na Ninewe hamwe n'imigenderanire hagati ya Ashuri na Isirayeli? None ni gute iyo migenderanire, ahubwo, yashoboye kugira ubwaku ku ngingo Yona yafashe yo kuja i Tarushishi?**

---

Imwe mu mvo zoba zatumye Yona atagomba kuja i Ninewe bwari ubwoba. Abanyashuri bari abansi babo bateye ubwoba, kandi Ninewe ni wo wari umugwa mukuru w'ubwo bwami.

“Kimwe mu bisagara vyo mw'isi yo hambere yo mu misi Isirayeli yari yariciyemwo ibice bibiri vyari bikomeye cane ico gihe cari Ninewe, umugwa mukuru w'ingoma y'Abanyashuri. . . . Mu gihe c'ubukomezi bwo mw'isi Ninewe cari ihuriro ry'ubugizi bwa nabi n'ibigabitanyo. Mpwemu y'ubuhanuzi ifata ko ico gisagara cari 'igisagara c'amaraso, . . . cuzuyemwo ibinyoma, n'isahu.' Mu mvugo ngereranyo uwuvugishwa n'Imana Nahumu yagereranije Abanyeninewe n'intare yicana kandi y'uburakari bwinshi. Yaragendereje asanga ico gisagara, 'Ntaho gisiba kunyaga, . . . 'mbega ni nde utahora ugirira nabi?' *Nahumu 3: 1, 19.*” - Ellen G. White, *Prophets and Kings* p. 265.

Ninewe cari igisagara gikayangana. Abahinga b'ivya kahise batubwira ko Senakeribu ari we yaguye cane ico gisagara, harimwo no kwubaka ikirimba kinini cane mu maj'epfo ashira uburengero, ubwaco conyene cari ku buringanire bwa metero 503 kuri 242 kandi cari gifise ivyumba 80. Yongeye kandi yubaka imiyoboro 18 yo kuzana amazi mur'ico gisagara ayakuye ku bilometero 65. Ibipimo vy'ico kirimba vyonyene vyari biteye ubwoba.

Ariko kandi Abanyashuri zari imburakigongwe. Mu nkuru yiwe y'ukuntu yanesheje Babuloni, Senakeribu yaguma yiteragura hejuru ngo yujuje amabarabara n'imivyimba y'abanyagihugu baho, abakiri bato n'abatama, kandi ibicapo vy'utugenegene vyatowe n'abasesanguye mu butaka bw'aho hantu vyerekana abasoda bariko banogora amaso abafatiwe ku rugamba. Abo bari abantu utokwipfujye guhura nabo; ntibatinya gukoresha ubwicanyi bw'akaburarugero, kandi ntaco biyubara mu kwica abo baba badakunda. Uko biri, amaze kwiyumvira ko agomba aje kugendagenda muri abo bantu b'i Ninewe bameze bartyo, Yona yaciye atekerwa n'ubwoba.

N’ubwo vyari bimeze ukwo kwose, dusoma ivy’inkuru ya Yona mu buryo tudashigikira ukwo kuntu yaretse ubwoba bukamubuza gukurikiza amabwirizwa yari yahawe n’Imana. Ico tutabona ni uko na twe nyene dushobora gukora nk’ivyo (akarorero, kwemera kuganzwa n’ubwoba aho kuganzwa n’Imana).

**Subiza amaso inyuma wiyumvire ku gihe wiyumvamwo inkomezi nyinshi ko Imana iriko ikuyoborera gukora ikintu wewe ubwawe, kubera ubwoba, vy’ukuri utashaka gukora. None ni ibihe vyigwa wakuye muri ivyo bintu vyagushikiye?**

---

---

## **Ku wa kabiri**

**30 Gitugutu 2023**

### **INZITWAZO ZACU: IBINYOMA**

Igihe inkube y’umuyaga yatera ku kiyaga, Yona yatanguye kwitako imiragwe (*Yona 1: 1*). Umwifato wiwe werekana ikintu kijanye n’ubwoko bw’ivyiyumviro vy’abantu mu bijanye n’uko batahura Imana canke “imana”. Mu gihe bahora bemera ko, hari imana zitandukaye zaganza ibihugu bitandukanye vyabo, ikiyaga cafatwa nk’aho ari ikibanza gikomeye c’amadayimoni. Mu vyiye umviro vy’abakorera ku mazi, babona ko hakenewe ibimazi vyo guhwamika uburakari bwazo. N’ubwo Yona yari Umuheburayo, bishoboka neza na neza ko yari afise icyumviro nk’ico nyene cari gisanzwe cemerwa mur’ico gihe ciwe.

**Soma *Yona 2: 1-3, 7-10*. Mbega ni ibiki iyi mirongo ishira ahabona mu bijanye n’ukuntu Yona yatanguye gutahura uburinzi bw’Imana?**

---

---

Mbere n’ubwo Yona yariko yiruka avuye mu karere aho abantu bafata ko Yehova ari yo Mana yabo, yahavuye yiga (mu buryo bugoye) ko mbere n’ubwo yariko agenda yerekeje mu bantu b’iyindi mico kama, Yehova yaguma ari hejuru ya vyose. Umuyaga n’imikuba y’amazi vyose ni ivy’Imana. N’ifi na zo nyene. “Isi n’iy’Uhoraho, n’ibiyuzuye, isi n’abayibamwo” (*Zaburi 24: 1*). Umutima wa Yona wahavuye ugaruka kw’Isumbavyose yaremye isi n’ikiyaga, maze aratura ivyaha vyawe hama arakizwa.

Na twebwe nyene, turashobora kumushyiraho neza ibijanye n’Imana n’ico itwitezeko. Kimwe mu bintu rusangi tumushyiraho ni uko Imana yipfuzako ko duhurikiza ubwenge bwacu ku gakiza kacu bwite ni uko twozibukira ivyaha vy’ab’isi badukikije. N’ubwo twigishwa kwirinda ngo “ntitwanduzwe n’ivy’isi” (*Yakobo 1: 27*), intumbero

yacu ikwiye kuba iyo kuraba ukuntu twoshikana imihezagiro y’Imana n’ivyizigiro vyayo ku bantu bari mu ngorane.

Irindi kosa ritubuza kwitabira akamo k’Imana ko kuja kurondera abazimiye ni kwizera ko intsinsi yenena kuri twebwe ubwacu. Turashobora gukiza umuntu arenze umwe nk’uko na Yona yashoboye gukiza Ninewe yose. Turashobora kuba “umukiza” mu vyiyumviro mu bijanye n’iki gikorwa co kuja kurondera abazimiye. Umuhamagaro wacu si uwo gukiza ariko ni uwo gukorana n’Imana mu gikorwa cayo co gukiza. Dutanga ibishingantahe bihimbara Imana mu buryo bunaka iriko iduhinduramwo, ariko Imana yonyene ubwayo ni yo ishobora guhindura umutima w’umuntu. Kenshi na kenshi turakunze kwitiranya uruhara rwacu n’urw’Imana, urwo na rwo rurahagije gutuma umuntu uwo ari we wese aronka urwitwazo rwo kudashingira Yesu intahe. Ego, Imana yarakoresheje Yona, ariko Imana yonyene, si Yona, ni yo yahindukije Ninewe.

**Kuzana abantu kuri Yesu biragoye, na cane cane ku bana b’abantu iyo bashaka kwicishiriza aho bigombeye. None ni gute twomenya, ahubwo, kureka Imana ikaba ariyo yigarurira imitima y’abantu, ariko ibicishije muri twe no mu buzima bwacu hamwe kandi no mu gishingantahe cacu?**

---

---

## **Ku wa gatatu**

**31 Gitugutu 2023**

### **INZITWAZO ZACU: KWISHIRAMWO KO TUTABEREYE**

Ivyashikiye Yona ari mu nda y’urufi (*raba Yona 2*) cari ikintu giteye ubwoba Imana yakoresheje mu kwerekana urukundo rwayo n’imbabazi zayo, kandi isengesho rya Yona ryerekana ko atibagiye ubutumwa bw’Imana bw’urukundo. Ariko bivanye n’uko yari yarigeze kugendana n’Imana mu buryo burenze ubwenge bwa kimuntu ntivyasigura ko ivyiyumviro vyawe vya kera canke imigenzo yiwe vyoba vyari vyarahindutse, rero yahavuye aja i Ninewe uko biri kwose.

**Soma *Yona 3*. Mbega abantu bifashe gute imbere y’ubutumwa bwiza Yona yavuze? None ni ibihe vyigwa twebwe twokwigira ng’aha mu bijanye no gushinga intahe?**

---

---

Uko ivyiyumviro Yona yahora afise kuri Ninewe vyo vyari biri kwose, yavuze ivyo Imana yari yaramubwiye kuvuga, kandi inkurikizi zabaye nziza cane. Abanyenineye basunikiwe kwihana! Ego, Yona yategerezwa guca mu bintu vyinshi,



kugira ngo abone gukora ivyo atashaka gukora, ariko aho abikoreye, Imana yarahawe icubahiro.

Rero, igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye kiri ku bitugu vy’abantu bafise ubugombe bwo kwitanga, mbere n’ubwo boba batabinezereye. Ivyo duha agaciro bitegerezwa gusubirizwa n’ubugombe Imana ifise ku bazimiye. Nk’uko vyagenze kuri Yona, na twebwe rimwe na rimwe turakunze kugira inzitwazo zitubuza kuja kubwira ubutumwa bwiza umuntu canke umugwi w’abantu banaka.

Kugira ngo duhangane n’inzitwazo zacu bisaba guca bugufi. Igikorwa co kuja kurondera abazimiye kandi gisaba umwanya n’inkomezi z’ibigumbagumba. Kwinjira mu buzima bw’abandi bantu no kubitwararika vy’ukuri bishobora gusaba ikiguzi. Mu gihe abantu dusigaye turajwe ishinga rinini no gutorera inyishu ibibazo vyo mu buzima bwacu bwite gusa, gufasha abandi mu bigumbagumba vyabo bishobora gusa n’ibiruhije cane.

Kandi mu kurangiza, kuja mu gikorwa co kurondera abazimiye kenshi bisaba ko duhindura ukuntu twiyumvamwo ubwacu n’ukuntu dufata ibijanye n’amahera. Haba mu bijanye no kwitwararika abandi, kugura ibitabu n’ibindi bikoresho vy’ivugabutumwa, canke kurihira amahera abafise ico bodufasha canke n’ibindi vyose vyotuma dukoresha igihe neza mur’ico gikorwa co kurondera abazimiye, hategerezwa kubaho uburyo bukoreshwa mur’ico gikorwa co kurondera abazimiye. Uko coba kimeze kwose, igikorwa co kuja kurondera abazimiye cama gisaba kwitanga.

Inkuru nziza ni uko n’ubwo Yona yishizemwo ko adashoboye, Imana yakoresheje inkomezi nyinshi kugira ngo itume Abanyeninewe bihana. Ikibabaje gusa, Yona ntiyasabikanije na bo umunezero w’imihezagiro y’ijuru.

**Mbega ni ikihe kimazi Imana iriko igusaba gutanga – canke kwitegurira gutanga – ku neza yo gusabikanya n’abandi urukundo rwayo? Mbega ubwo urizeye ijana kw’ijana ko izoshitsa isezerano ryayo ryo gukomeza ubuzima bwawe mur’ivyo bihe vyo kwitanga?**

---

---

01 Munyonyo 2023

## INZITWAZO ZACU: GUHURA N'IBINTU BIDA HUMURIZA

“Asenga Uhoraho, ati : “Mbega, Uhoraho, si co navuze nkiri mu gihugu cacu? Ni co catuma nshoka mpungira i Tarushishi; kuko namenye k’ur’Imana y’inyabuntu, yuzuye imbabazi, iteba kuraka, igira ikigongwe cinshi, kandi yigarura ngo ntizane ikibi” (*Yona 4: 2*). Mbega isengesho ryiza Yona yasenze! Canke koko ubwo ryari ryiza?

**Soma Yona 4. Mbega ingorane yari iyihe n’uyu mugabo?**

---

Yona yari afitiye inzigo nyinshi abantu Imana yamutumye ko kugeza n’aho yiyumvamwo ko vyoba vyiza yipfiriye kuruta kumaramara igihe ubutumwa bwiwe bwo gucira urubanza Abanyenine bizobonekera ko bwananiwe. Yona yashaka ko Ninewe gihinduka iyindi Sodoma na Gomora ya kabiri. Yipfuzako Imana ihana abantu yahora yanka urunuka. Aho ivyoyipfuzako bidashikiye, icyumviro ciwe carahungabanye cane uhereye ku ntimatima yaco, maze Yona yumva ko vyoba vyiza apfuye kuruta kwemera ko ubuzima bwiwe busuzugurwa.

Ku ncuro ya kabiri mur’iyi nkuru ya Yona, Imana yaramusanze aho ari, itazanye igisigurwa canke ubundi butumwa ariko izanye ivyamushikiye mu buzima. Ivyiyumviro ntibiza umuntu arinze kubisaba. Canke ngo bihinduke ngo nuko hari ikintu gishasha twumvise canke gitandukanye. Ivyiyumviro biza kandi bihinduka bivanye n’ibintu bidushikira mu buzima n’ukuntu bisobanurwa canke bishirwa mu ngiro.

Kirya kintu gishasha Imana yakoze cari ico gufasha Yona gutahura ko icyumviro ciwe cari gipfuye ingohe. Imana yamejeje igiti mu buryo bw’igitangaza maze kirakura cane mu musu umwe gusa ku buryo catanze igitutu kinini cane kugira ngo gikingire Yona imishwarara y’izuba ikaze cane. Muri uwo mwanya Yona yararyohewe cane, atishimiye Imana, kuba imukoreye ico gitangaza, ahubwo yagifata nk’aho ari umuhezagiro ukwiye yategerezwa guhabwa kubera ibikorwa vyawe vyiza. Aho ico giti cumiye, kabaye akaryo kababaje kuri Yona ko kurushiriza gushavura no kubura amahoro mu buzima bwiwe, mbere n’ivyiyumviro birushiriza kwongerekana ko yopfuma yiyahura.

Ico kintu cashitse muri uwo mwanya cakurikiwe n’ijwi ry’Imana ryo kumukosora mu bugwaneza, no gufasha Yona kugira ngo abone ukuntu yihenze cane mu guha ico giti agaciro kanini karengeye ako yategerezwa guha abagabo, abagore n’abana ibihumbi n’ibihumbi baba muri Ninewe, co kimwe n’ibitungano vyabo.

Iyi nkuru ntirangirira ku kwihana kwa Yona. Ahubwo, kuba iyi nkuru itaherahejwe vyerekana ko ari twebwe itumberezwako. Mbega tuzokora iki mu bijanye n’umwitwarariko Imana ifitiye abanyavyaha, inkozi z’ikibi, na barya bantu ibihumbi n’ibihumbi bitarashikirwa n’ubutumwa bwiza hirya no hino kw’isi?

---

---

## Ku wa gatanu

02 Munyonyo 2023

### NDI HANO, BA ARI JEWE UTUMA

Inkuru ya Yona iratangaje cane. Kuba Imana yari gushobora gukiza Abanyenine n’ubwo kitari kuba ico gishingantahe gito ca Yona, ni icibutso gikomeye cane cerekana ko uruhara rwacu ari umuyoboro muto gusa Imana, ishobora gucamwo kugira ngo yemeze kandi ihindure imitima y’abantu. Ni icibutso gusa co kutwibutsa ko Imana irondera intumwa zifise ubugombe kandi ziciye bugufi zizokurikiza amerekezo yayo.

**Soma Yesaya 6: 1-8. Mbega ni ikihe cyumviro nyamukuru cashikirijwe mur’iki gisomwa?**

---

---

Umuhamagaro uri aha. Imana iriko irondera abantu ituma bavyigombeye. Dutegerezwa kwitaba uwo muhamagaro mu kwishira muni y’uburongozi bwayo, mu kwiga kwumva ijwi ryayo, hama tugahitamwo kwubahiriza ivyo ari vyo vyose itubwira.

Irya nkuru ya Yona yongera kandi ikaduhishurira urukundo Imana ifitiye abantu baba ahantu, abantu batariyumvamwo urukundo rwayo mbere n’ijwi ryayo ritarasamiranira mu matwi yabo. Neza na neza kurya kuntu Imana yagiriye imbabazi abantu b’i Ninewe, ni nakwo ifitiye imbabazi abantu ama miliyaridi n’ama miliyaridi baba mu bisagara bitandukanye uyu musu, aho inyubakwa zasuburiye ibiti n’amashurwe, mbere n’amajwi y’aho akaba atuma bigorana gutekana no gutega amatwi. Kuri Ninewe Imana yavuze ko ari abantu “batazi gutandukanya ukuryo n’ukumoso” (*raba Yona 4: 11*). Imana ikeneye abantu ituma bafise ubugombe bwo kujana ubutumwa bwayo bw’ivyizigiro ku bantu batwawe n’ivy’ubutunzi gusa n’imyitwarariko y’ivy’ubuzima.

Yesaya yumvise ijwi rigira riti, “Ndatuma nde?” Mbega inyishu yawe izoba iyihe?

**Akamo 1: Ku rupapuro rwawe canke mu gatabo kawe ko kwandikamwo ivyo ukora buri musu, gira urutonde rw'abantu cumi uzi ko atari abizera. Tuzobita "abigishwa" bawe. Batondekeshe mu mazina yabo nimba bishoboka. Gumiza urwo rutonde iruhande yawe, maze ukurikirane ivyigwa bisigaye muri ano mezi atatu, wame usengera umwe wese buri musu muri abo bigishwa bawe. Senga usaba Imana ngo izogufashe kugiriranira ubugenzi n'abo mumaze kumenyana muri bo. Senga kugira ngo muzoshobore kugiriranira ubugenzi bwimbitse, bwa hafi na hafi cane, kandi burangwamwo ubwizigirwa n'abo bagenzi bawe mutari musanganywe. Mu gihe mutsimbataza ubugenzi bwanyu, raba neza kandi wumvirize neza kugira ngo ube woshobora kumenya ibintu nyezina bakeneye cane, ibibababaza, n'ibibagora. Hama uce usenga kugira ngo Imana izobafashe muri urwo ruhande nyene bafisemwo ingorane.**

**Akamo 2: Toranya igisagara kikwegereye co kimwe n'igisagara co mu kindi gice c'isi. Tangura gusengera abantu baba kandi bakorera muri buri kimwe cose. Saba Imana kugira ngo izohagurutse umugwi munini cane w'Abadivantiste b'umusi w'indwi mur'ivyo bisagara bazoshobora gusabikanya n'abo bantu ukuri nk'uko dusanzwe tukuzi – ukuri kujanye n'uko Yesu yegereje kugaruka.**

## **Ku wa gatandatu**

**03 Munyonyo 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Ellen G. White ari n'inkebuzo ikomeye cane kuri abo bose bariko banyinyurana n'ikibazo co gukurikiza akamo ka Yesu ko kugenda kumushingira intahe kuri abo bose babakikije.

"Inzitwazo z'abo bose bananirwa no gukora iki gikorwa ntizibakurako ivyo bahawe gukora, kandi nimba bahisemwo kudakora iki gikorwa, bamenye ko baba birengagije imitima y'abantu Kristo yapfiriye, baba birengagije igikorwa Imana yabahaye ngo bakore, kandi bamenya ko bandikwa mu bitabo vyo mw'ijuru nk'abakozi atari abizigirwa.

Mbega umukozi w'ubutumwa bwiza aba akora nk'uko Umwigisha mukuru yakora, mu kubera abandi inkomezi n'umuhezagiyo, mu gihe yugaranira hanze abakeneye ko yobafasha? Abo bose birengagiza kuvugana n'abantu, basigara bakoreshwa n'inarije, rero bakeneye ubu buzima bwo kwishira ubwabo aho bashobora kuvugana na bagenzi babo, kugira ngo abo na bo bashobore gutahura uko bifashe mu vy'impwemu, kandi bamenye n'ukuntu Imana igaburira umukuku wayo, mu guha buri wese agace k'umukate mu gihe gikwiye gishitse. Abo bose birengagiza iki gikorwa baba bagaragaje ko bakeneye kuvugurura ingeso runtu zabo, kandi mu nyuma bazobona ko batikoreye umutwari w'ico gikorwa." - Ellen G. White, *Adventist Review and Sabbath Herald*, August 30, 1892.

Mu gihe aya ari amajambo aremereye cane ashira akatuzo ku kamaro Imana yashize mu gikorwa co kurondera abazimiye, ntitwatererekanijwe ngo tubure ivyizigiro. “Mu nshingano Yona yari yarahawe, yari yabikijwe igikorwa kiremereye cane; ariko uwo yari yamuhamagaye ngo agende yari ashoboye gushigikira uwo mukozi wiwe no kumuha intsinzi. Iyo uwo muvugishwa n’Imana aja kwumvira atagize ico arinda gusaba, aba yakingiwe ibintu vyinshi bibi yacyemwo, kandi yari kuronka imihezagiro myinshi. Mbere no muri urya mwanya Yona yari yadendebukiwe, Uhoraho ntiyamutererekanije. Mu rukurikirane rw’ibigeragezo n’uburuzi butandukanye, icizere uwo muvugishwa n’Imana yari afise mu Mana no mu nkomezi zayo zitagira imbibe zo gukiza caciye congera kuvugururwa.” - Ellen G. White, *Prophets and Kings*, p. 266.

Neza na neza nk’uko vyagendeye Yona, natwe nyene turashobora kwiyumvira ko vyoroshe gutanga inzitwazo zo kutifatanya n’abandi mu gikorwa co kuja kurondera abazimiye. Iki dutera gutanga izo nzitwazo gishobora kuba kimwe mu bindi vyinshi. Ariko kandi, akamo kacu ko kuja kurondera abazimiye ntikari munsu cane ya karya katewe Yona. Ikibazo ni iki ngo, Mbega uzohitamwo kwishura gute?

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega ni izihe nzitwazo wahatswe gutanga zo kwanka kuja mu gikorwa co kurondera abazimiye? None Ninewe yawe ni iyihe?
- 2** Niwiyumvire ukuntu ukuri twebwe Abadivantiste b’umusi w’indwi dufise ari ukw’igicro kinini. Niwiyumvire ku kuntu wahezagiwe kuba ufise ukwo kuri. None ni igiki kikubuza gusabikanya n’abandi ivyo dusanzwe dukunda cane?
- 3** Mbega ni gute womenya ukuntu ushobora, kubw’ubuntu bw’Imana, kunesha ubwoba ubwo ari bwo bwose ushobora kuba ufise mu bijanye no gushingira Yesu intahe no kuja kurondera abazimiye ?

# ICIGWA CA 6

04 – 10 MUNYONYO 2023

## IGISHIKA NO KWITEGURIRA KUJA KURONDERA ABAZIMIYE



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 04 MUNYONYO 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Luka 24:1–12; Luka 24:36–49; Ivyakozwe n'Intumwa 1:12–26; Abaheburayo 10:24, 25; Ivyakozwe n'Intumwa 2:1–41; 1 Ab'i Korinto 11:1.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Arababwira, at'Aya ni amajambo yanje nababwira nkiri kumwe namwe, y'ingen'ivyanditswe kuri jewe vyose mu vyagezwe vya Mose no mu majambo y'abavugishwa n'Imana no muri Zaburi bikwiye gushika” (*Luka 24: 44*).

Pawulo yandikiye Ab'i Filipi, ati: “Mugabo bamwe ishari n'amahane ni vyo bibatera kuvuga ivya Kristo; abandi babivugishwa n'ugushira icira. Abo babivugishwa n'urukundo, kuko bazi ko nashiriweho gukiranira ubutumwa bwiza: ba bandi ikeba ni ryo ribatera kuvuga ivya Kristo atar'uko bivuye ku mutima, biyumvira kw'ar'ukwongera kuntoneka mu ngoyi zanje. Har'ico biriko? Kizima mu buryo bwose, ari mu buryarya ari mu kuri, Kristo avugwa, kand'ivyo ndabinezereza ; kandi nzokwama ndabinezereza” (*Ab'i Filipi 1: 15-18*).

Amajambo akomeye cane! Haba “mu buryarya canke mu kuri,” Kristo aravugwa – kandi ico ni co cari gihambaye kubwa Pawulo. Nk'uko biri, n'ubwo, ivyo ari vyo vyose bidusunikira kuvuga ubutumwa bwiza bwa Kristo, kuja kurondera abazimiye, kubwira abandi inkuru nziza, ivyo vyose bitegerezwa guterwa n'urukundo, kandi mu kuri – rero ntidusunikwe n'ivyipfuzo vy'inarije, umunoho, canke indyane.

None, mur'ico gihe, ni ibiki bidusunikira kuvuga ubutumwa bwiza bwa Kristo, kandi ni ubuhe buryo bumwe dushobora kwiteguriramwo kuja kumushingira intahe?

Mur'iyi ndwi tuzokwihweza ibintu bimwe-bimwe vyashitse mw'ishengero ryo hambere bishobora kuduha umuco mur'ivyo bice bihambaye vy'igikorwa co kuja kurondera abazimiye.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 11 Munyonyo 2023.*

**GUSABIKANYA N'ABANDI INKURU NZIZA**

**Soma *Luka 24: 1-12*. Mbega barya bantu bumvise ibijanye n'uko Kristo yazutse baciye bifata gute?**

---

---

Mu gitondo ca kare ku musi wa mbere w'imisi indwi, inyuma y'urupfu rwa Yesu, Luka avuga ko hari abagore bagiye ku mva. Bari bafise ibimota neza; rero, ni nk'aho bari bajanywe no gusiga umubiri wa Yesu noneho ko Isabato yari yarangiye. Mu kwitega ko bari buje gusanga iyo mva ikiriko ibidomesho, ahubwo batangajwe no gusanga iyo mva igaragara. Bakizazaniwe n'ivyo bokora, baratangaye aho baboneye abagabo babiri bambaye impuzu zera babaserutseko. Ariko kandi, abo bagabo bari babafitiye ubutumwa. Babibukije ibijanye n'amajambo ya Yesu, baciye babwira abo bagore ko ahubwo Yesu yazutse, nk'uko yari yaravuze ko bizogenda. Kubwo kurengerwa n'umunezero w'ayo majambo, baciye basubira inyuma biruka ha handi abigishwa n'abandi benshi bari barakurikiye Yesu bari bakoraniye maze bababwira ivyo babonye n'ivyo bumvise, kuko akamwemwe kabo katari gushobora kubivuga vyose. Ni kuvuga, bariko basabikanya n'abandi ivyo bari bamenye kuri Kristo.

Mbega urashobora kwiyumvira uko abo bagore bategerezwa kuba baciye biyumvamwo? Bari bashikiwe n'ibintu binejereje cane, ibintu mu vy'ukuri vyabujuje ubwoba bwinshi, ariko abigishwa bobo bise ivyo bintu vyari vyashikiye abo bagore ngo ni "umuyaga" kandi ntibashobora kuvyemera. Kubw'ivyo, kubera kutemera canke kwemera ivyo abo bagore bababwiye, Petero yaciye yiruka aja kuri ya mva kuvyirabira ubwiwe.

Kuri Petero – no ku bandi benshi muri twe – hama hariho agatima ko kwanka kwemera ikintu kivuzwe n'uwundi muntu. N'ubwo Petero yumvise ivyo abo bagore bavuze, ntiyashobora kwemeranya nabo hatabanje guca umwanya. Ubwa mbere, ico yiboneye ubwiwe cari uko iyo mva koko yarimwo ubusa, kandi ko, nk'uko Luka abivuga, "yatangajwe n'ibibaye" (*Luka 24: 12*). Ivyamushikiye ng'aho kur'iyi mva vyari bitandukanye n'ivyari vyashikiye barya bagore.

Batarinze kuraba umwifato Petero yagize, ubwo nyene bobo, abo bagore, bakimara kwumva iyo nkuru nziza y'ivya Yesu, baciye bashaka kuyisabikanya n'abandi. Mbega ni ikihe gishika gihambaye gituma uja kurondera abazimiye uretse ico kureka n'abandi na bo bakumva ivyo Yesu yabakoreye? Mbega ni ikihe gishika gihambaye kigusunika uretse ico gukwiragiza inkuru nziza y'agakiza kabonerwa muri Yesu, ko konyene vyizigiro umwe wese muri twe afise?

Neza na neza, turakeneye kugendana n’Imana ubwacu imbere y’uko dushobora gusabikanya n’abandi ivyo yadukoreye. Icipfuzo cacu co gusabikanya n’abandi ivyo dukunda cane gitegerezwa kuba igice c’igishika kidutera kuja kurondera abazimiye. Impera n’imperuka, ntidushobora gusabikanya n’abandi ivyo ubwacu tudafise, mbega birashoboka?

**Mbega ni ibihe bintu bimwe vyagushikiye mu buzima bwawe vyerekana ukuri kw’Imana n’urukundo rwayo? None ni kubera iki ivyo bihe ari ivy’igicro kinini kuri wewe, kandi ni gute bigusunikira kuja kubwira abandi iyo nkuru nziza?**

## **Ku wa kabiri**

**06 Munyonyo 2023**

### **UMUSHINGE WO MU BURYO BWA GIHANUZI**

**Soma *Luka 24: 36-49*. Mbega ni ibiki vyashitse ng’aha, kandi ni kubera iki ivyo bintu vyari ibihe bigoye kur’abo bigishwa?**

---

Ni vyiza kuba ubwa mbere abigishwa batizewe kubera ubwoba. Hama, inyuma yo kubona Yesu no kumenya neza cane, uko biri kwose, ko ari muzima, akanyamuneza kabanje kababuza kwizera (*Luka 24: 41*). Mbega warigeze kwiyumvamwo ko ikintu ari ciza cane imbere y’uko wemera ko ari ukuri? Ibi ni vyo vyashikiye abigishwa n’abandi bantu bose bari bakoranye mur’ico cumba co hejuru.

Iyo Yesu aja kubasigarana gusa ivyo bari bahejeje kwumva, ariko kandi, mu nyuma, amaze kugenda, ukwo kwizera kwabo ntikwari kumara igihe kirekire. Uko ibihe vyari kugenda birengarenganako, inkomezi z’ivyo bintu vyari bihejeje kubashikira zari kugenda zigabanuka; vyari gushika bakibagira, canke, kumbure, bagatangura kuvyibazako ibibazo vyinshi. Rero, Yesu ntiyagarukirije gusa ku kubereka inkovu ziwe no kurira ifi imbere yabo. Ahubwo, ico gihe yaciye abajana mw’Ijambo ry’Imana maze abereka umushinge w’ivyahanuwe ku gikorwa ciwe no kubufasha bwiwe. Ni kuvuga, atarinze kuraba ukuntu bagendanye na we cane, Yesu yari agishaka ko ukwizera kwabo gushingira mw’Ijambo ry’Imana.

“At’Aya n’amajambo yanje nababwira nkiri kumwe namwe, y’ingene ivyanditswe kuri jewe vyose mu vyagezwe vya Mose no mu majambo y’abavugishwa n’Imana no muri Zaburi bikwiye gushika” (*Luka 24: 44*).

Ng’aha naho nyene, tuhasanga igishika gihambaye gisunikira umuntu gushinga intahe; kuja kurondera abazimiye: Ijambo ry’Imana. Yesu yari asanzwe azi ko kugira ngo akomeze ubuzima bw’abigishwa, bari bakeneye gutahura igituma yapfuye n’ico ukuzuka kwiwe gusobanura. Bari bakeneye ko icyumviro cabo gihinduka kikava ku bwami bwo mu buryo bwa politike n’isi kikaja ku nyishu ihambaye yatorewe icaha



n'intsinzi ya Kristo ku rupfu. Ubutumwa bwiza bwari burengeye cane ivyo gushika ku budahangarwa bwo mu vya politike bwa Isirayeli. Bwahishura intsinzi ya Kristo kuri Satani kandi bugatanga ihumure ry'uko umusi umwe ivyaha vyose vyo mw'isi bazorandurwa, ko isi izongera kuremwa bundibushasha, kandi ko bizoshika Imana ikaba hagati y'abantu bayo. "Maz'abungura ubwenge" (*Luka 24: 45*) kugira ngo babone gutahura ukwo kuri, bategerezwa kuzosabikanya n'ababa mw'isi bose.

Uburyo tugendana na Kristo mu buzima bwacu ntibushobora gushikama hatabayeho umushinge w'Ijambo ryiwe, harimwo n'ivy'abavugishwa n'Imana bavuze vyerekeza ku mateka no ku bintu bishika mu buzima vyerekeza ku muzo wa mbere no ku wa kabiri wa Kristo, vyompi birimwo. Ukwo kuri kumaze gutahurwa neza, ni ho tuba twiteguye koko kandi dufise igishika co kuja kurondera abazimiye.

**Mbega ni gute ushinze imizi mu buhanuzi bwerekeza kuri Kristo, haba ku muzo wiwe wa mbere canke ku wa kabiri? Cane-cane mu misi ya nyuma, ni kubera iki dutegerezwa gushinga imizi mw'Ijambo ry'Imana, harimwo n'ubuhanuzi, kandi ni ku rugero ki kubutahura cane ari ibintu bihambaye cane, cane-cane mu bijanye n'igikorwa co kuja kurondera abazimiye?**

## Ku wa gatatu

**07 Munyonyo 2023**

### **KURINDIRA NO KUJA KURONDERA ABAZIMIYE**

*Luka 24* hahereza kw'iduzwa rya Yesu mw'ijuru (*Luka 24: 50-53*). Ariko iyo nkuru ntirangirira aho. Uyu mwanditsi, Luka, abandanya yandika ico gitabo c'Ivyakozwe n'Intumwa. Neza na neza imbere y'uko Yesu aduzwa mw'ijuru, yasigiye abigishwa biwe igikorwa co kuja kurondera abazimiye, isezerano, n'impanuro yo muri uwo mwanya nyene yo kurindirira muri Yerusalemu "ubushobozi buvuye mw'ijuru" (*Luka 24: 49; raba kandi Ivyakozwe 1: 4-8*).

Yesu yabwiye abigishwa kurindirira muri Yerusalemu kugeza aho azoshitsa isezerano ryiwe ryo kurungika Isezerano rya Se (Impwemu Yera), uwo na we akaba yari uwo kubaha ubushobozi bwo gushinga intahe muri Yerusalemu, i Yudaya hose, i Samariya, no gushika ku mpera y'isi.

**Soma *Ivyakozwe n'Intumwa 1: 12-26*. Mbega ni igiki abigishwa, mur'iki gihe, bari basigaye baharurwa mu bagabo n'abagore 120, bategerezwa kuba barakora mur'ico gihe bari barindiriye?**

---

Yesu yari yahaye abo bigishwa biwe igikorwa gitomoye co kuja kurondera abazimiye: bategerezwa kumushingira intahe mw'isi. Rero, igihe bari bakirindiriye,

bategerezwa kwitegurira ico gikorwa co kuja kurondera abazimiye mu buryo bubiri. Ubwa mbere, Luka avuga ko babandaniye basengera mu runani kandi binginga. Ntakibazo cari kiri mu mitwe yabo mu bijanye n'ico ari co ico gikorwa co kuja kurondera abazimiye Yesu yari yarabahaye, kandi umwe wese yari yaremeye ico gikorwa co kuja kurondera abazimiye. Ivyo vyabateye gusengera mu runani. Luka ntatubwira ivyo bariko basengera, ariko biribonekeza cane ko bariko basengera abapfakazi, inkomezi, n'ubushizi bw'amanga bwo kuzorangura neza igikorwa co kuja kurondera abazimiye bari hamwe. Mbega akarorero keza kuri twe!

Ikintu gikurikira bakoze mu gihe bari barindiriye cari ico gutegura ibikoresho vyose bishoboka vy'ico gikorwa co kurondera abazimiye. Yuda yari yaratanze Yesu ngo yicwe maze ubwo nyene aca aja kwiyahura. Ibi vyari vyasize ikibanza kigaragara muri abo cumi na babiri. Kubw'ivyo, muri ico gihe bari bakirindiriye, izo ntumwa zarondeye umuco w'Imana maze batoranya uwo kumusubirira. Erega, abo bigishwa bariko bitunganya ubwabo kandi bakora integuro yo guca bategura igikorwa cabo co kuja kurondera abazimiye. Mu gufata izo ngingo, Petero yagize uruhara rw'umurongozi. Nta muntu n'umwe yahinduye ivyo yashize imbere yabo; bose baca babona ubwenge buturuka ku Mana muri vyo. Ibi vyabateye gutahura no kwizigira ko Imana yariko ikorera kandi igendagenda hagati muri bo. Igihe cabo co kurindira nticabaye impfagusa ariko cari cuzuyemwo intumbero n'igikorwa co gutunganya iryo vugabutumwa.

Mu gihe tukirindiriye isukwa rya Mpwemu Yera wo kudufasha guheraheza ico gikorwa gihambaye co kuja kuburira abazimiye Imana yaduhaye, dutegerezwa kuja hamwe no guterana intege umwe ku wundi (*Abaheburayo 10: 24, 25*), tugasenga ngo Imana idusukeko natwe Mpwemu wayo Yera. Vyongeye kandi, dukwiye kuba turishira ubwacu n'inshengero ryose ku murongo no mu bugombe bw'Imana – bwo gukiza abazimiye.

**Mbega ni gute ushobora kurindira Umwami Imana no kudatakaza ukwizera mur'ico gihe? Mur'ico gihe co kurindira, mbega ni gute ushobora kuba urakoresha igihe cawe, nk'uko intumwa zakoresheje icazo?**

## Ku wa kane

08 Munyonyo 2023

### “UWO MWABAMVYE”

Ivyakozwe n'intumwa 2 havuga ivy'isukwa rya Mpwemu Yera ku musi wa Pentekoti. Mu gihe abagendanyi ba Yesu bariko basenga, ibirimi vy'urubeya vyaguye ku mitwe yabo. Ubwo nyene baciye bamenya ko bwa bushobozi bwa Mpwemu Yera bari barasezeraniwe butanzwe.

**Soma *Ivyakozwe n'Intumwa 2: 1-41*. Mbega ni igiki cashikiye abigishwa nk'ingaruka yo kuba bahawe Mpwemu Yera kuri uwo musi wa Pentekoti?**

---

Intumwa zacye zitangura kuvuga mu zindi ndimi “uko Mpwemu Yera abahaye kuzivuga” (*Ivyakozwe n'Intumwa 2: 4*). Ikintu gihambaye ng'aha ni ic'uko Imana yahaye inkomezi umuntu wese ku nyungu y'abatizera. Uwo muhezagiro ntiwari uwo kubazanira inyungu bo ubwabo. Ntiwari umuhezagiro wo kubahindura abantu babereye kuba mw'ijuru canke umuhezagiro wo gutuma boroherwa mu buzima bwabo bwo kurondera itunga mu bihugu bivuga izindi ndimi. Ahubwo, iyo ngabire yari iyo gutuma barangura igikorwa co kuja kurondera abazimiye. Uyu musi Imana iriko ihamagarira umwe wese mu bayikurikiye gukoresha ingabire ziwe bwite ku nyungu y'igikorwa cayo co kurondera abazimiye badafise ukwizera. Twarahawe ingabire: Mbega ni akihe kandi kamo gahambaye ko kuja kurondera abazimiye kiretse ako gukoresha ivyo twahawe kugira ngo dushikire abandi?

Isukwa rya Mpwemu Yera ryashikanye abantu benshi ku kwihana ivyabatera kwanka kwakira Mesiya, nk'uko bizwi bamwe muri bo bari ng'aho i Yerusalemu igihe yapfa. Niwiyumvire ku bushobozi buvugwa ng'aha: Petero yagirije bamwe muri bo ko ari bo babamvye Kristo. Nk'uko biri, barabonye ivyo bakoze, kandi kubwo kunyurwa, baca batangura gusemerera ngo: “Bagabo bene Data, dukore iki?” (*Ivyakozwe 2: 37*).

Ariko kandi, na bo ubwabo bari gushobora kugirirwa ikigongwe. Niho rero Petero yaca ababwira, ati: “ ‘Ni mwihane, umuntu wese muri mwebwe abatizwe mw'izina rya Yesu Kristo, mubone guharirwa ivyaha vyanyu, kandi muzohabwa ingabire, ari yo Mpwemu Yera’ ” (*Ivyakozwe n'Intumwa 2: 38*).

Gukorera hamwe, guhuza na Mpwemu Yera hamwe n'umwe n'uwundi, vyatumye aba bagendanyi ba Yesu bavugaga ubutumwa bwo kwihana no kubabarirwa ivyaha – mbere no kuri barya bantu bashobora kuba bari baragize uruhara mw'ibambwa rya Yesu! Ubwo ni bwo bushobozi bw'ubutumwa bwiza. Nimba ubu butumwa butaduhatira kuja ku gikorwa co kurondera abazimiye, hazoba hasigaye iki?

Twahamagariwe kwamamaza ubutumwa bwiza kw'isi, isi y'imburakimazi, isi yaguye mu vyaha, yamunzwe n'ingeso mbi, yuzuyemwo abantu b'ingeso mbi, baguye mu vyaha kandi b'imburakimazi. Uruhara rwacu si urwo guca imanza; igikorwa cacu ni ico gushingira intahe ububasha bukiza bwa Yesu.

**Mbega ni kubera iki icyumviro kivuga ko mbere n'abari baragize uruhara mw'iyicwa rya Yesu na bo nyene bahawe agakiza (1) kidutera intege ku mitima yacu ubwacu kandi (2) kikadutera intege zo gushingira abandi intahe, tutarinze kuraba ukuntu ubwabo ari babi cane?**

---

---

## **Ku wa gatanu**

**09 Munyonyo 2023**

### **ISHUSHO Y'ISHENGERO RYO HAMBERE**

**Soma *Ivyakozwe n'Intumwa 2: 41-47*. Mbega ni ubuhe bwoko bw'ishusho y'ishengero ryo hambere bwerekanywe ng'aha?**

---

Ivyakozwe n'intumwa 2 haherahejwe n'ishusho iteye igomwe y'ukuntu ishengero ryo hambere ryari rimeze. *Ivyakozwe n'Intumwa 2: 41* havuga ko abantu babatizwa baca "bongerwa ku baba bahasanze." Dushobora gusoma ibi kugira tuvuge ko hari hariho umuntu yakoze ibiharuro maze yongerereza ico gitigiri c'abo bizera bashasha ku gitigiri c'abizera bari basanzweho maze akora umubumbe mushasha w'abizera basigaye bagize uwo mugwi. Ariko ukwo ni ugutahura guhwahutse. Icyumviro cinyegeje muri ayo majambo kivuga ko abo bizera bashasha bari baherutse kubatizwa bahindutse co kimwe n'abari bahasanze ku rugero rumwe.

Muri uwo mwanya, intimatima y'igikorwa c'ishengero rikristo ryo hambere yari iyo guhindura abigishwa. Uko abizera bashasha batera biyongera, baca bagirwa abigishwa mu buryo butatu. Ubwa mbere, babandanya bigishwa n'intumwa inyigisho nshimikiro kandi bagasangirira hamwe. Aya majambo ngo "inyigisho nshimikiro no gusangirira hamwe" mur'uyu murongo, urudome ku rudome, ashaka kuvuga ngo "ivy'intumwa zigishwa" no "kugiriranira ubumwe". Ivy'intumwa zigisha vyakosora imyizerere itari yo kandi bigatanga ubusobanuro bushasha bw'ivyo abantu baba bariko barabona kandi bacamwo. Ariko ntivyabigisha uburyo bwo kugendera ukwo kuri gushasha mu buzima bwabo. Ahubwo, ikurikizwa ry'ukuri mu buzima bw'umuntu ryashika riciye mu migenderanire yagirana n'abandi nk'umwe wo muri uwo mugwi. Abizera bashasha bahindurwa abigishwa hakoreshejwe ubwitonzi bwinshi n'umwitwarariko munini biciye mu kubigisha, biciye kandi no mu kugira

uruhara mu buzima bwa misi yose bw'abandi bizera, bese bakaba baba bari muni y'ijisho n'uburongozi bwa zirya ntumwa kuko zozo zaba zikomeye mu kwizera kandi zishimitse cane muri kwo.

Igisigurwa kibi ni ikibwira abantu ivyo gukora ariko ntikibabwire uko babikora. Ariko kandi, mbere nimba umuntu avuze uburyo bwo gusoma no kwumviriza ibisigurwa bisobanura uburyo bwo gukora ibintu, ntacoza gisubirira kubona abantu bariko babikora hama bagaca babigana. Ibi Pawulo yari asanzwe abizi kandi yaca ahanura abagendanyi biwe kumwigana nk'uko na we ubwiye yaba yariganye Yesu (*1 Ab'i Korinto 11: 1*). Mu gihe abandi bakubona kandi bakabona ukuri kw'ubuzima bwawe ufise muri Kristo, bica bibagirako ubwaku, na bo nyene.

**Akamo 1: Niwiyumvire umuntu mu buzima bwawe wizera ko yahoze ari umwizera. Wame umusengera buri musu kugira ngo agiriranire na Kristo imigenderanire mu buzima bwiwe bwite.**

**Akamo 2: Mbega ni bande uriko urondera guhindura abigishwa no kubayoborera ku kugiriranira imigenderanire na Yesu? Rondera inzira zo kubashikana aho basangirira hamwe n'abandi bizera.**

## **Ku wa gatandatu**

**10 Munyonyo 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Igikorwa cacu co kuja kurondera abazimiye gitegerezwa kududubiza kiva mu rukundo rwimbitse no mu mashimwe yacu yo gukenguruka ivyo Yesu yakoze kandi abandanya akora mu buzima bwacu. Ikindi kintu ico ari co cose coba kidusunika coba ari ico kudutesha inzira. Kuguma twunamye mw'Ijambo ry'Imana kandi dukurikiza ijana kw'ijana ivyo iryo Jambo rivuga ni urupfunguruzo rudushikana ku ntsinzi mu bijanye no gushikira abandi tukababwira ubutumwa bwiza.

"Ubuzima bwacu butegerezwa gutwikirwa n'ubuzima bwa Kristo; dutegerezwa na ntaryo kuguma tuvoma kuri we, dusangira na we umutsima w'ubugingo wamanutse uva mw'ijuru, tuvoma kw'isoko ry'amazi yama afutse, yama na ntaryo atanga ubutunzi bwinshi. Nitwaguma dushize Umwamu Imana imbere yacu, tukareka imitima yacu ikama ikenguruka kandi imutazira, tuzokwama turi bashasha mu buzima bwacu bwo kwizera. Amasengesho yacu azofata ishusho y'ikiyago tugirana n'Imana nk'aho twoba turiko tuyaga n'umugenzi. Izoduhishurira amabanga yayo ubwacu. Kenshi na kenshi tuzokwama turonka akanyamuneza kenshi gatewe no kuba imbere ya Yesu. Kenshi na kenshi kandi imitima yacu izotururumbiramwo igihe cose azoba atwegereye hafi ngo asabane na twe nk'uko yama abikora na Enoki. Mu gihe ibi bizoba bisigaye ari vyo birangwa mu buzima bw'Umukristo, hazoboneka mu buzima bwiwe ukwiyoroshya, kwicisha bugufi mu mutima, vyereka abantu bese uwo bakorana

ko yamanye na we kandi ko yamwigiyeko.” - Ellen G. White, *Christ's Object Lessons*, pp. 129, 130.

“Ntihazobora kubaho gukora no kuroranirwa mu buzima bwenena ku narije. Iyo wamaze kwakira Kristo nk'Umukiza wawe bwite, utegerezwa kwiyibagira wewe ubwawe, maze ukagerageza gufasha abandi. Vuga ivy'urukundo rwa Kristo, bwira abandi ivy'urupfu rwiwe rw'ikimazi yabapfiriye. . . . Niwamara kuronka Mpwemu wa Kristo – Mpwemu w'urukundo rutigungirako kandi rurondera ineza y'abandi – uzoca ukura kandi wame ivyamwa. . . . Ukwizera kwawe kuzongerekana, ubumenyi bwawe bushinge imizi, urukundo rwawe rutunganywe.” - *Christ's Object Lessons*, pp. 67, 68.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega ni gute utahura aya majambo ya Pawulo ari mu cete c'Ab'i Filipi avuga ibijanye no kuvuga ivya Kristo bisunitswe n'ishari, amahane, canke ikeba? None twobwirwa n'iki ko na twebwe ubwacu tudafishe agatima kabi mu gukora nk'ukwo nyene?
- 2** Mbega ni igiki cagushikiye mu buzima bwawe bwite gitewe n'ukuntu utahura Imana n'urukundo rwayo? Ni kuvuga, ufatiye ku vyagushikiye wewe ubwawe, mbega wobwira abandi ushize amanga kandi mu bwizigirwa bwose ibijanye n'ivyiza n'urukundo Imana yakugiriye? None ico gishingantahe cawe coba ikihe?
- 3** Mbega ni ibiki vyagushikiye mu buzima bwawe mur'iki gihe co kurindira Yesu, kandi vyakwigishije iki mu bijanye no kumwizigira, mu bijanye no kwizera muri rusangi ?

**KUJA KURONDERA UMUBANYI WANJE YAZIMIYE****KW'ISABATO KU MUGORоба, 11 MUNYONYO 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Luka 10:25–37, 2 Timoteyo 3:16, Yakobo 2:17–22, Matayo 22:37–40, Ab'i Galatiya 5:14, Mika 6:6–8.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Aramwishura ati: Mukundishe Uhoraho, Imana yanyu, imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, n’inkomezi zanyu zose, n’ubwenge bwanyu bwose; kandi mukunde ababanyi banyu nk’uko mwikunda” (*Luka 10: 27*).

Twese dusanzwe tuzi uyu murongo: “Mukundishe Uhoraho, Imana yanyu, imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, n’inkomezi zanyu zose, n’ubwenge bwanyu bwose” (*Luka 10: 27*). Ariko kandi, urukundo dukunda Imana rushobora kuba urw’uruheyiheyi hamwe twovuga ko dukunda Imana ariko ntituyumvire. Twiyumvira ko dukunda Imana, ariko urwo rukundo rugaragarira gute mu buzima bwacu bwa buri musu? Gukunda Imana bisaba kuyegurira umutima wacu, ubugingo bwacu, umubiri wacu, n’ubwenge bwacu ijana kw’ijana – umusi ku musu. Umuntu uwo ari we wese arashobora kuvuga ko akunda Imana; ariko kandi kubikora, bisaba utwigoro mu vyiyumviro.

Nk’uko biri, n’ubwo gukunda Imana ari vyiza kandi ngirakamaro, Imana ishaka ko kandi dukunda abandi, kubera ko urukundo rwacu dukunda abandi rukayanganyisha urukundo dukunda Imana, kandi bigenda gurtyo mu buryo nyakuri, bukomeye kandi bwigaragaza neza. Icete ca mbere ca *Yohana 4: 20* havuga ngo, “Umuntu niyavuga ati: ndakunda Imana”, ariko akanka uwundi mwene Data, aba ari umubeshi, kuko uwudakunda mwene Data yabonye ntashobora gukunda Imana atabonye.” Pawulo na we yavuze mu cete c’*Ab'i Galatiya 5: 14* ko “ivyagezwe vyose bihurira muri iri jambo, ngo mukunde ababanyi nk’uko mwikunda.”

Iyi ndwi tuzokwiga ingene iki cigwa gishobora gukurikizwa mu buzima bwacu.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 18 Munyonyo 2023.*

**IKIBAZO C'IBIBAZO**

Mbega turi bande? Mbega bigenda gute iyo dupfuye? Mbega indunduro y'ubuzima bwacu nyamukuru ni iyihe? Ibi, mu buryo bwinshi, ni vyo bibazo bihambaye cane ku biremwa bantu bapfa, ibiremwa bizi ko bizopfa (agaca n'inkoko na vyo nyene, birapfa, ariko ntibibimenya), bishobora kubaza. Rero mu butumwa bwiza bwa Yesu nk'uko bwanditswe na Luka, hari umuntu yaje kuri Yesu afise, nk'uko biri, ikibazo gihambaye kuruta ibindi vyose.

**Soma *Luka 10: 25*. Mbega ni igiki uyu munyamategeko yabajije, kandi ni kubera iki yakibajije?**

---

---

Uko iki kibazo gihambaye kwose, Bibiliya igaragaza neza ko yari yaje kugeza Yesu. Turazi ko rimwe na rimwe abantu bashobora kuza bafise ugukekeranya, mbere batizera, ariko kandi bashobora kudashimika mu bibazo vyabo, ariko birashobora kuguma vyishurwa. Ukwo ni kwo neza na neza Yesu yavuganye n'uwo munyamategeko, mbere n'ubwo Yesu wewe yari asanzwe azi ko intumbero nyamukuru y'uwo muntu itari nziza. Ariko kandi, kuneza y'uwo munyamategeko n'ikoraniro ryose, ico kibazo rwari urwinjiriro Yesu yacyiyemwo kugira ngo abahamagarire gusuzuma imitima yabo bwite. Mbere n'ubwo Yesu yari asanzwe azi intumbero y'uwo munyamategeko, ntiyamwirengagije canke ngo amusuzugure.

Mu kurangiza, mbega none ni ikihe kindi kibazo gishobora kuba gihambaye cane kuruta ico? "Mbega nokora iki ngo nze ndagwe ubugingo buhoraho?" Uko imigenzo canke imigirwa yacu yo muvyo gusenga yoba iri kwose, inyuma y'ivyo vyose hari iki kibazo c'inkoramutima. Igitandukanye n'ico, mbega koko ni ikihe kindi kintu c'inkoramutima ku biremwa bantu basanzwe bifise ubuzima, bifata nk'aho ari "umwuka uboneka umwanya muto, uguhava uyongayonga" (*Yakobo 4: 14*)? Mbega ni ikihe kindi kintu kimwe rudende umuntu yovuga gihushanye n'ubugingo buhoraho uretse urupfu rw'ibihe bidashira?

**Soma *1 Ab'i Korinto 15: 30-32*. Mbega ni ikihe ciyumviro Pawulo ariko ashikiriza ng'aha gihishura akamaro k'ubugingo buhoraho?**

---

---

Uko intumbero ziwe zari zihishijwe kwose, uwo munyamategeko yabajije ikibazo c'inkoramutima, kandi Yesu, kuba yari umuntu yama yiteguriye gukoresha akaryo



akari ko kose kabonetse kugira ngo agarure abazimiye, yuririye kur'ico kibazo kugira ngo ashikire iyo mitima.

**None ni gute natwe nyene twokoresha umutwe neza kugira ngo tumenye kwuririra ku karyo ako ari ko kose kabonetse kugira ngo dushingire Yesu intahe, mbere n'ubwo ibihe twoba turimwo vyose vyoba atari vyiza?**

---

---

## **Ku wa kabiri**

**13 Munyonyo 2023**

### **UBURYO YESU YAKOZEMWO N'INYISHU YIWE**

Bibiliya itubwira ko urya munyamategeko yari yazanywe no kugeza Yesu, ariko kandi ko Yesu na we yari asanzwe azi intumbero ziwe. Erega, Imana isanzwe izi ivyo turondera n'ivyipfuzo vy'imitima yacu kuruta uko twebwe dusanzwe tubizi. Kandi nk'uko biri ntitumenya ibibogaboga mu mitima canke intumbero y'abantu baza kutubazagiza ibibazo, turabizi none?

Rimwe na rimwe abantu tudasangiye ukwizera bakunda kutubaza ibibazo bijanye n'ukwizera kwacu. Nk'akarorero, abagenzi bacu b'aba Isilamu bakunda kutubaza ibibazo bijanye n'ubumana bwa Yesu, nk'ibi ngo, "Mbega ni hehe muri Bibiliya Yesu yavuze ko ari Imana?" Canke ngo "Mbega ni kubera iki muvuga ko hariho Imana imwe mu gihe mufise ubutatu bweranda?" N'ubwo ibi bisa n'aho ari ibibazo vyo gusotorana, ariko kandi umuntu afise umutima wo kurondera Yesu urashobora kuba ari mwiza, kandi ushobora kugereranya icipfuzo cimitse co kurondera canke co gutitura abo bantu babaza ivyo bibazo. Twebwe ntitumenya imitima yabo; kandi ntitunakeneye kuyimenya. Twishakira gusa gufasha abandi uko dushobora kwose, tutarinze kuraba imvo zabo zimitse.

**Soma Matayo 26: 56; Ivyakozwe n'Intumwa 17: 11; 1 Ab'i Korinto 15: 3; na 2 Timoteyo 3: 16. Mbega ni gute iyi mirongo idufasha gutahura inyishu Yesu yahaye urya munyamategeko muri Luka 10: 26?**

---

---

Kenshi turashaka inyishu ariko ntidushake kugira ico dukora ubwacu ngo tuzironke. Yesu yavuze, ati: "Vyanditswe bite mu vyagezwe, kandi usoma iki?" (*Luka 10: 26*). Yesu yerekeza ku ngingo ihambaye ijanye n'ivyo kwiga. Aho kwumviriza gusa ivyo abandi bafise vyo kutubwira, turakeneye gusoma Ivyanditswe Vyera (Ijambo ry'Imana) twebwe ubwacu. Inyishu zisanze ziri ng'aho, kandi Mpwemu Yera akora ku mitima yacu kugira ngo atsindagire muri twe ivyo dukeneye gukora.

Imana yaraduhaye Ijambo ryayo. Muri ryo, ni ho dushobora gusanga ukuri kwose dukeneye kugira ngo tumenye ibijanye n'ukuntu dusabwa kubaho, ibijanye n'ukuntu dusabwa gufata abandi, n'ukuntu dushobora "kuragwa ubugingo buhora." Ego ni kwo, hariho uruhara rw'abigisha n'abakozi b'ubutumwa bwiza, ariko uko biri kwose, dutegerezwa kuja muri Bibiliya kurondererayo ukuri guhambaye. "Ijambo ryawe ni itara rimurikira ibirenge vyanje, ni umuco umurikira mu nzira yanje" (*Zaburi 119: 105*). Uyu murongo nturi mu buryo bw'icese; ni ukuri kweranda, kutwerekaza kw'Ijambo ry'Imana no ku kamaro karyo ku mwizera.

**Yesu, we Jambo ry'Imana riyambitse umubiri, na ntaryo yama agarukana abantu kw'Ijambo Ryanditswe. None ibi bikwiye kutubwira iki mu bijanye n'akamaro ka Bibiliya n'imvo ikwiye gutuma dutegerezwa kwiyamiriza inyigishonyobokamana iyo ari yo yose ya kimuntu ititura ukuri kwacu dusanga muri Bibiliya?**

---

---

## **Ku wa gatatu**

**14 Munyonyo 2023**

### **KURAGWA UBUGINGO BUHORAHO**

**Soma *Luka 10: 27, 28*. Mbega ni iyihe yabaye inyishu y'urya munyamategeko ku kibazo ciwe ubwiwe?**

---

---

Urya munyamategeko ni we yari yabajije ikibazo, kandi ubwiwe nyene ni we yatanze inyishu, ngo: " ' "Mukundishe Uhora, Imana yanyu , imitima yanyu yose, n'ubugingo bwanyu bwose, n'inkomezi zanyu zose, n'ubwenge bwanyu bwose, kandi mukunde ababanyi banyu nk'uko mwikunda" ' ' " (*Luka 10: 27*).

None inyishu ya Yesu yabaye iyihe? Yaciye amubwira, ati: " 'Wishuye neza mugenzi' " (*Luka 19: 28*). Yesu yabandanije kumubwira gukora ikintu mur'ivyo ngo, " 'Gira urtyo, uzogira ubugingo' " (*Luka 19: 28*).

Ku bizera benshi, gutanga inyishu zibereye ku mwizerere ngenderwako no ku kwizera kwabo ntibigoye. Ingorane, ahubwo, iri mu gukora ivyo bavuga ko bazi ko bibereye no gukurikiza ivyo bizera. Hari abantu benshi usanga, n'ubwo baba bazi ibintu vyinshi kugira ngo bakire, bazozimira kubera ko batakurikije ivyo bari basanzwe bazi. Aho ni ho ikibazo gikomereye cane. Neza na neza kumenya ibijanye no gukunda Imana n'umubanyi wawe ntibihagije. Utegerezwa kubishira mu ngiro!

**Soma Yakobo 2: 17-22. Mbega ni gute iyi mirongo ibangabanganye n'ivyo Yesu yabwiye urya munyamategeko?**

---

---

Nitwaba dukunda Imana, tuzosoma n'Ijambo ryayo, tuzosenga, tuzokwubahiriza ivyagezwe vyayo, kandi tuzokwumvira ijwi ryayo "n'imitima yacu yose." Ninavuga ngo ndakunda abandi, ariko simbe nitwararika abandi mw'ishengero, canke nimba nirengagiza ingorane z'abandi iyo hari ico nobafashisha, none ukwo kwizera kwanje kumaze iki? Ubukristo si umubumbe w'imyizerere iri ngaho gurtyo gusa; ahubwo ni uburyo bwo kubaho.

"Nihaba hariho mwene Data musazawe canke mushikawe, yoba yambaye ubusa, agenda abura ivyokurya, maze umwe muri mwebwe akamubwira ati: Genda amahoro, ususuruke, uhage; ariko ntimumuhe ivyo umubiri ukena, vyomara iki?" (*Yakobo 2: 15, 16*).

**Mbega ni kangahe witwararika imibereho myiza y'abandi? Mbega ni kangahe ukurikiza aya majambo ya Pawulo aho agira, ati: "kandi umuntu wese ntiyiyumvire ivyiwe gusa, ariko yiyumvire n'ivyo abandi" (Ab'i Filipi 2: 4)? Kubw'ubuntu bw'Imana, mbega ni gute ushobora kumenya kwitwararika cane abandi?**

---

---

**Ku wa kane**

**15 Munyonyo 2023**

**GUKUNDA ABANDI NK'UKO TWIKUNDA**

**Soma Matayo 22: 37-40. Mbega ni ivyo Yesu ubwiye yivugiye ng'aha vyifashe gute ubigereranije n'inyishu yahaye urya munyamategeko, muri Luka 10: 27, 28?**

---

---

Nk'uko bivugwa muri *Matayo 22: 37-40*, Yesu yaratomoye k'uburyo bwiza bwo kugaragarizamwo ukwizera nyakuri buri musu kwenena kur'ibi vyagezwe bibiri. Hama *Luka 10: 27, 28* naho hatomora neza ko nimba umuntu akoze ivyo bintu uko ari bibiri, mur'ico gihe azoronka ubugingo buhoraho.

"Urukundo ni wo mwifato ngenderwako wo muri reta y'Imana mw'ijuru no kw'isi, kandi rutegerezwa kuba umushinge wa kamere y'Umukristo. Urwo rwonyene

ni rwo rushobora gutuma aguma ashikamye. Kandi urwo rwonyene ni rwo rushobora gutuma ashobora guhagarara ashikamye mu gihe c'ingorane n'ibigeragezo.” - Ellen G. White, *Christ's Object Lessons*, p. 49.

**Soma Ab'i Galatiya 5: 14; Mika 6: 6-8; na 1 Yohana 4: 20, 21. Mbega ni gute iyi mirongo ishimangira ivyo Yesu yatubwiye?**

---

---

Nk'uko biri Pawulo avuga, ngo: “Kukw'ivyagezwe vyose bihurira mur'iri jambo, ngo Mukunde bagenzi banyu nk'uko mwikunda” (*Ab'i Galatiya 5: 14*). Kubwa Pawulo, gukunda Imana bishobora kugaragara gusa iyo urwo rukundo rwerekaniwe mu kuntu dufata abandi. Mbere n'ubwo yavuze ko “umugororotsi azobeshwaho no kwizera' ” (*Abaroma 1: 17*), ariko kandi kubeshwaho no kwizera si ikintu kinyegejwe, kitazwi, canke kitabonwa n'abandi. Pawulo, Mika, na Yohana baragaragaje ko ibikorwa ari vyo vyose dukora vyerekana ukuri k'ukwizera tugenda turirimba.

Mu cete ca *1 Ab'i Korinto 13*, Paulo yavuze ashimitse ko nimba umuntu avuga ko azi ibintu vyinshi canke akora ibikorwa bihambaye canke ko afise ukwizera kw'inshi canke mbere ko ashobora no gutanga ubugingo bwiwe bwite ariko niyaba atagira urukundo, mur'ico gihe uwo muntu aba yahindutse “nk'umuringa uvuga canke nk'icuma kivuzwa kigasama” (*1 Ab'i Korinto 13: 1*).

Raba arya majambo ya Ellen G. White yakoreshejwe harya haruguru. Raba ivyo yavuze mu bijanye n'ukuntu mu rukundo honyene ariho abantu bashobora kuguma bashikamye kandi bakihanganira ibigeragezo. None ni gute iki cyumviro cerekana ko itegeko ry'urukundo atari agakiza kasanwa n'ibikorwa, ariko ko ari imvugo yerekana ukwizera dufise muri Yesu?

---

---

**IRYA NKURU Y'UMUSAMARIYA W'IMBABAZI UYU MUSI**

Igihe Yesu yategeka urya munyamategeko gutanga inyishu ibereye, yaciye amubwira, ati: “kora ukwo uzoronka ubugingo” (*Luka 10: 28*), hama gurtyo, aba akoze ibwina mu mutima w’umwana w’umuntu. Gutanga inyishu zibereye zose vyari vyoroshe kuri uwo munyamategeko, ariko gushira mu ngiro ivyo bintu cari ikibazo cari kimaze imyaka 2 000 – kandi n’ubu kiguma ari ikibazo ku bantu benshi bo muri twe uyu musi. Uwo munyamategeko yashaka gutega Yesu imitego hama ngo yerekane ubumenyi bwiwe bwose. Yabajije ikibazo co kuraba neza ngo: “Mbega mugenzanje ni nde?” (*Luka 10: 29*).

**Soma *Luka 10: 30-37*. Mbega ni gute woshira mu ncamake ivyo Yesu yagomba kuvuga mur’iyi nkuru ng’aha?**

---

Mbega hoba hariho abantu hirya no hino yacu boba barafashwe nabi n’abandi? Mbega twarakoze ibishoboka vyose ngo tubafashe?

Ni ivy’ukuri ko rimwe na rimwe abapasitori, abazewashengero, n’abizera ubwabo badafasha barya bantu baba bakeneye ubufasha. Rimwe na rimwe abantu bo mu yandi madini bobo barashobora kugirira neza abantu bo mw’ishengero iwacu. Turashobora kuvuga ibijanye no gukora ineza; ariko kandi, abandi akaba ari bo batorera umuti ingorane z’abantu twebwe tudatorera umuti. Nimba rero ukwizera kwacu hari ico kuvuze, dutegerezwa gusanga abantu iyo bari maze tukabafasha mu ngorane zabo.

Yesu yaheraheje irya nkuru y’Umusamariya w’imbabazi mu kubaza umuntu muri barya batatu vy’ukuri yari umugenzi w’urya muntu yari akeneye ubufasha.

“Kuva ubwo iki kibazo, ngo ‘Mugenzanje ni inde?’ caramaze kwishurwa burundu. Kristo yerekanye ko umubanyi wacu bidasobanura gusa urya muntu wo mw’ishengero iwacu canke dusangiye kwizera mw’ishengero rimwe. Ntibishingiye ku bwoko, urukoba, canke icicaró c’ivyubahiro umuntu arimwo mu gihugu. Umubanyi wacu ni urya muntu wese aba yakomerekejwe kandi yacunagujwe n’umugwanizi. Umubanyi wacu ni urya muntu wese asanzwe ari inyegu y’Imana.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 503.

**Akamo 1: Tangura, umusi ku musi, gusengera umuntu asanzwe atandukanye nawe, canke mbere umuntu ushobora kuba usanzwe udakunda wewe ubwawe.**

**Akamo 2: Gira urutonde rw’abantu batatu nimiburiburi usanzwe uzi (atari Abadivantiste); rondera ingorane zabo (z’ibigumbagumba, z’umubiri,**

z'imibano), hama urabe ingene ushobora kugira ico ufashije ubwawe mur'izo ngorane. Mbega ni igiki ushobora kubakorera mu buryo buboneka mu ndwi iza?

## **Ku wa gatandatu**

**17 Munyonyo 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Soma iki gice kivuga ngo “*The Good Samaritan*,” pp. 497-505, mu gitabo ca Ellen G. White citwa ngo *The Desire of Ages*.

Hariho abantu benshi bashonje, bakenye, kandi bafatwa nabi mw'isi yacu uyu musi. Urashobora kurangura uruhara rwawe, uko rwoba ari ruto gute. Ntidushobora gutorera inyishu ibibazo vyose vyo mw'isi imbere yo kugaruka kwa Yesu. Ivyo si vyo twahamagariwe gukora. Ariko gushika ubu, igikorwa cacu kirashobora kuba umushinge wo gufasha umuntu usanzwe uzi adafise ibifungurwa bihagije; canke kirashobora gufasha umwizera mw'ishengero ariko arenganywa, mbere no gufatwa ku ngufu, ubona ko iki gisigaye ari ikibazo gikomeye mur'ino si yacu, mbere n'uyu musi.

“Idini ritunganye ritagira akanenge imbere ya Data wo mw'ijuru ni: ‘gusura impfuyi n’abapfakazi mu marushwa yabo, no kwirinda ngo ntiwanduzwe n’ivy’isi.’ Ibikorwa vyiza ni ivyamwa Kristo adusaba kwama: amajambo y’ubugwaneza, ibikorwa vy’ubwitange, kwitwararika abakene, abari mu ngorane, n’abugarijwe n’ibibazo.

Iyo imitima yifatanye n’imitima iremerewe no gucika intege n’agahinda, iyo ukuboko kugize ico guhereza abakene, iyo twambitse abagenda amenya, ba kavantara bagahabwa indaro mu mazu yacu no mu bibanza vy’imitima yanyu, abamarayika baca baza hafi cane, kandi ubwo nyene inyishu ica inyaruka kuza ivuye mw’ijuru. Buri gikorwa cose c’ubutungane, c’imbabazi, n’ic’ubwitange gisamiranira mw’ijuru.

Data na we ku ntebe yiwe y’ubwami aca yitegereza abo bantu bose bakora ivyo bikorwa vy’imbabazi, maze agaca abaharura mu butunzi bwiwe bw’igiciro kinini. ‘Kandi bazoba abanje, ni kw’Uhoraho Nyen’ingabo agize, muri wa musi naremerako abantu banje b’agaciro.’ Igikorwa c’imbabazi cose gikorewe abari mu ngorane, abababaye, gifatwa nk’aho kiba gikorewe Yesu. Iyo utabaye umukene, ukifatanya n’abababaye hamwe n’abatotezwa, kandi ukagiriranira ubugenzi n’impfuyi, uba wishikanye ubwawe mu migenderanire ya hafi na hafi na Yesu.” - Ellen G. White, *Testimonies for the Church, vol. 2, p. 25*.

## **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega twomenya gute ko dutahura neza riry a tegeko ryo gukunda Imana n'abandi ko atari iry'agakiza kaza n'ibikorwa? Iyo tumenye uwo Yesu ari, n'ivyo yadukoreye ku musaraba (raba Ab'i Filipi 2: 5-8), ni kubera iki icyumviro c'uko ikintu cose twokora ngo tugirirwe ibakwe ryo gukizwa ari ikosa rihambaye cane? Mbega twomenya gute gutandukanya hagati y'ivyo gukora kugira ngo dukizwe, ivyo na vyo akaba ari ikosa rikomeye, no guhishurira mu buzima bwacu agakiza twamaze kuronkera muri Yesu?
- 2** Mbega ni gute dushobora kwiga kumenya zimwe mu nzitizi kama dushobora gucamwo imbere y'abantu batandukanye natwe?
- 3** Iruhande y'iyi mirongo twize mu cigwa c'ino ndwi, mbega ni iyihe yindi mirongo yo kwifashisha ubona ko ukeneye kugira ngo werekane ubugwaneza ku bandi, uko boba bameze kwose?

## ICIGWA CA 8

18 – 24 MUNYONYO 2023

### KUJANA UBUTUMWA MU BARI MU NGORANE



### KW'ISABATO KU MUGORоба, 18 MUNYONYO 2023

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Luke 5:17–26; Yohana 5:1–9; Gusubira mu Vyagezwe 10:19, Abalewi 23:22, Matayo 25:34–40; Yohana 15:13.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Umwami na we azobishura, ati Ndababwire ukuri: Ko mwabigiriye umwe mur’aba bene Data bari hanyuma y’abandi, ni jewe mwabigiriye” (*Matayo 25: 40*).

*Luka 5: 17-25* hatanga uburorero bwinshi bw’ukuntu Imana iriko ifasha barya bantu bari mu ngorane. Rimwe na rimwe Imana ikoresha abandi bantu kugira ngo idufashe, canke ikadukoresha natwe ubwacu kugira ngo ifashe abandi. Iki gikorwa gishobora kugorana, ariko kizana impembo nyinshi. Mu gufasha abari mu ngorane, tuba turiko turigana igikorwa c’ubutabazi ca Yesu Kristo. Rimwe na rimwe biroroha kuvuga umuntu ari mu ngorane akeneye ubufasha; mu bindi bihe na vyo biragoye kubamenya. Uko ibintu vyoba bimeze kwose, duhamagarirwa kuba ibikoresho Imana ikoresha kugira ngo ifashe abantu bari mu ngorane, tutarinze kuraba amavuko yabo.

Bibiliya idutera intege ngo twegereze hafi ya bakavantara, kandi mu gushikira ubwizigirwa bwabo turashobora guca tumenya inzira twocamwo kugira ngo tubafashe kubona Yesu.

Mu cigwa c’ino ndwi, umutwe w’icigwa cacu, ‘Kujana ubutumwa ku bari mu ngorane,’ werekana ko Imana ifise integuro yo gushikana ubutumwa bwiza ku bantu bashobora kuba bari mu ngorane z’uburyo bwinshi. Ingorane zabo zishobora kuba izo mu buryo bw’umubiri, ibigumbagumba, bw’amahera, canke mbere zo mu buryo bw’imibano: ni kuvuga, bamwe bashobora gufatwa nk’abakumiwe mu bihugu canke mu miryango yabo. Uko ingorane zabo zoba zimeze kwose, dutegerezwa kwitegura gukora ivyo dushobora vyose kugira ngo tubafashe. Iki ni co gice kiri ku ntimatima y’ico ari co kuba Umukristo n’ico igikorwa co kuja kurondera abazimiye gisaba.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 25 Munyonyo 2023.*



**UKWIZERA KW'ABAGENZI**

Inkuru ikomeye cane mu butumwa bwiza ihishura ivyo abantu bamwe bagiye bacamwo kugira ngo bazane umuntu ari mu ngorane, kumbure umugenzi, kuri Yesu. Dushobora kwigira kur'ivyo bintu vyashitse ng'aha, ibijanye n'igikorwa gikomeye rimwe na rimwe gisabwa kugira ngo tubwire ubutumwa bwiza abo bantu bari mu ngorane.

**Soma Luka 5: 17-26 (raba kandi Matayo 9: 1-8; Mariko 2: 3-12). Mbega ni ibihe vyigwa bimwe dushobora gukura mur'iyi nkuru mu bijanye n'igikorwa co kurondera abazimiye no kubafasha mu ngorane zabo?**

---

Muri ukwo kuzana uwo mugenzi wabo kuri Yesu, abo bagabo bafashe ingingo yo kumwitwararika. Imana iriko iduhamagara ngo tube nk'abo bagenzi b'uwo mugabo – kuyoborera abari mu ngorane kuri Yesu Kristo. Iki gikorwa gisaba kwizera, gufata ingingo, kwihangana, n'ubugombe, nimba bikenewe, kutarinda kugiriranira imyumvikano. Abo bagabo baje kwa Yesu ariko bahura n'inzitizi. Ntibashoboye kuzana uwo mugenzi wabo atagira gifasha kwa Yesu baciye mu nzira zisanzwe zikoreshwa. Ariko ntibadohotse; ahubwo baciye batora inzira nshasha yo gushikana uwo muntu kuri Yesu Kristo. Kwururutsa uwo mugenzi wabo baciye mu gisenge c'inzu! Ariko kandi, nk'uko Luka avuga, Yesu yarashigikiye ivyo bintu bakoze (*raba Luka 5: 20*).

Yesu yipfuzza ko tuzana abagenzi bacu batagira gifasha kuri we. Bibiliya ifatira kuri Yesu nk'Umuganga mukuru arondera kubabarira no gukiza abo bose bari mu bibazo, uko bari kwose.

Ellen G. White aduhamagarira nawe nyene gufasha abatagira gifasha muri aya majambo ngo: "Nturindire ko barinda ku kubwira ivyo ujejwe gukora. Kanura amaso yawe maze ubone abantu bari iruhande yawe; wewe ubwawe rondera kumenya abatagira gifasha, batotejwe, kandi bari mu ngorane. Ntiwinyegeze ubwawe abo bantu, kandi nturondere kwirengagiza ingorane zabo. Ni inde atanga ibimenyamena vyavuzwe muri Yakobo, bijanye no kuba mw'idini ritunganye, ritagira akanenge k'inarije canke k'uburyarya? Mbega ni bande bafise igishika co gukora ivyo bashoboye vyose kugira ngo bafashe cane mu nteguro y'agakiza?" - *Testimonies for the Church, vol. 2, p. 29.*

Yesu ubwiwe ni we yerekanye uburyo bwogufasha abatagira gifasha none ariko aduhamagarira natwe gukora nk'ukwo nyene. Ubwa mbere, tubanza guhinduka abagenzi babo; hama tukiga ingorane zabo; hama ubwa nyuma, tugaca tuberekeza kuri

Yesu, wewe ari we wa Wundi wenyene ashobora kubafasha. Ibi ni vyo barya bagabo bavugwa mur'iyi nkuru bakoze; turakeneye gukora nk'ukwo nyene mu bihe ivyo ari vyo vyose dushobora kwisangamwo. Gufasha bishikana abantu kuri wa Wundi wenyene ashobora gufasha: Yesu.

**Mbega ni bande bari hafi yawe, ubu nyene, bakeneye umuntu wo kubafasha?  
None ni igiki wimirije kubakorera?**

---

---

## **Ku wa kabiri**

**20 Munyonyo 2023**

### **UBURYO BWONYENE YESU YAKORAMWO**

**Mbega ni ibiki izi nkuru zikurikira zitwigisha mu bijanye no gutabara abari mu ngorane?**

*Yohana 5: 1-9*

---

*Mariko 1: 23-28*

---

Ellen G. White atanga umugirwa ukozwe n'intambuko zitanu z'uburyo Yesu yakoramwo mu gikorwa ciwe co gutabara, cane cane barya bari mu ngorane: "Uburyo Yesu yakoramwo ibintu bwonyene ni bwo buzotanga intsinzi nyakuri mu gikorwa co kubwira abantu ubutumwa bwiza. Uwo Mukiza yaranywana n'abantu nk'umuntu koko abipfuriza ivyiza. Yarabereka ko yifataniye nabo, akabatabara mu ngorane zabo, maze bakamugirira icizere kinini. Hama agaca abategeka ngo, 'Nkurikira.' " - *The Ministry of Healing, p. 143.*

Ubwa mbere rero, dutegerezwa kunywa n'abatagira gifasha, tukamarana na bo umwanya kugira ngo tubamenye neza, kandi dutahure n'ingorane zabo dufise intumbero yo kubakorera ivyiza. Raba ivyo Yesu yakoreye ca kimuga ku kidengeri c'amazi. Yesu yari ahagaze aho nyene, hagati mu bantu isinzi bari bagwaye, impumyi, ibimuga, abazingamye" (*Yohana 5: 3*).

Ubwa kabiri, turakeneye kwerekana ko twifataniye n'abandi. Ibi birashobora guteza ingorane mu bihe bimwe-bimwe kubera kutizigirana, no kubera ko abantu bamwe-bamwe bakoresha ubugwaneza nk'igikoresho co kurondera ko umuntu yari kuzohava abagirira nabi, asigara abagirira icizere. Ariko kandi, Imana iduhamagarira kwerekana ko twifataniye n'abandi tutarinze kugira ikindi kintu na kimwe tubaronderako.

Intambwe ya gatatu ni gutabara abari mu ngorane. Ibi bisaba ibintu birengeye amajambo gusa. Bisaba gufata ingingo kugira ngo utabare mu ngorane z’umugenzi canke za kavantara. Yesu yaravuganye na kirya kimuga, akibaza ico gishaka, hama mu nyuma aca amukorera igitangaza co kumufasha. Muri irya nkuru ya wa muntu yari yarinjiwemwo n’impwemu zihumanye, Yesu niwe yasigaye aganza ibintu vyose, akorera uwo mugabo atagira gifasha ikintu atari gushobora kwikorera we ubwiwe.

Intambwe ya kane ni icizere. Iyo turiko dutabara abantu, iyo turiko tubafasha, baca biga kutwizigira no kwizigira ivyo tubabwira. Rero, iyo tuvuganye na bo ibijanye na Yesu, bashobora kwiyugururira kutwumviriza. Yesu ntiyashaka kubakiza gusa mu buryo bw’umubiri; yashaka ko baronka ubugingo buhoraho bubonerwa muri we (*raba Yohana 10: 10*).

Intambwe ya nyuma ni iyo kubafasha mu kuberekeza kuri Yesu, iyi gingo na yo ikaba isaba ukwizerana hagati yawe n’uwo muntu uriko ufasha.

**Muri rusangi ntidushobora gukora burya bwoko bw’ibitangaza Yesu yakora. Ariko ni mu buhe buryo dushobora kubandanya dutabaramwo abantu bakeneye gufashwa?**

---

---

## Ku wa gatatu

21 Munyonyo 2023

### IMPUNZI N’ABIMUKIRA

Ingingo y’abimukira n’impunzi yahidutse ikiganiro gishushe cane, cane cane kubera ko abo bantu basigaye ari benshi cane uyu musu. Haba abimurwa n’indwano, amasanganya aturuka ku bidukikije, canke icizere co kuronka ubutunzi bwiza muri kazoza, abantu amamikiyoni n’amamiliyoni hirya no hino kw’isi barakuwe mu mazu yabo none basigaye bakeneye ubufasha ku rugero ruteye agahinda.

Muri *Matayo 2: 13, 14*, Yesu yarabaye impunzi. Abavyeyi biwe bo kw’isi, Yosefu na Mariya, vyabaye ngombwa ko bahunga Betelehemu mw’ijoro maze barondera ubuhungiro muri Egiputa kugira ngo bahunge ubwicanyi bwa Herode. Bibiliya ntakintu na kimwe ivuga mu bijanye n’ubuzima bagize muri Egiputa, ariko ntibigoye kwiyumvira ko bwari bugoye, kumbure bimwe ni birya bibazo nyene impunzi zicamwo uyu musu, na zo nyene. Uko biri, bimwe bibangabanganye n’ukuntu umuryango wa Yesu warondera kwimukira mu gihugu c’amahanga, aba Mizilima benshi, aba Budisita benshi, aba Hindu benshi, Abakristo benshi, n’abantu batagira idini ubu bose basigaye barondera kwimukira mu bihugu bishasha uyu musu, na bo nyene.

Nk'uko bivugwa muri rusangi, biroroshe cane kurondera abagenzi mu bantu bava mu micokama yacu kandi tuvuga ururimi rumwe kubera ko duhurira ku bintu vyinshi muri rusangi. Biragoye cane, ariko kandi, ko tugira ikintu duhurirako na ba kavantara canke impunzi zisa n'aho zitandukanye natwe, batavuga ururimi rwacu, tudasangiye imyizerere imwe, canke batarya ibifungurwa bimwe n'ivyacu. Ubutumwa bwiza buduhamagarira gusohoka mu miryango yacu, mu gihugu cacu, no mu micokama yo mu karere kacu gatekanye hamwe no kuja kubwira ubutumwa bwiza abo bose bari mu ngorane, tutarinze kuraba ukuntu batandukanye natwe kwose.

**Soma Gusubira mu Vyagezwe 10: 19; Zaburi 146: 9; Abaroma 12: 13; n'Abalewi 23: 22. Mbega ni iyihe ngingo ngirakamaro kuri twebwe twoguma twibutsa ng'aha?**

---

---

Mbega ni gute dushobora gutabara abimukira n'impunzi? Biragoye kubera ko, mu bihugu bimwe-bimwe, bishobora kutaba vyiza uravye politike yavyo kuba mwonywana canke mwofasha abo bantu. Vyongeye kandi, dutegerezwa gukora ibishoboka vyose, iyo dushobora, kugira ngo dutabare abo bantu, usanga mu vy'ukuri baba baraciye mu bihe bigoye kandi bakeneye ubufasha bwacu. Rero, ku rugero urwo ari rwo rwose rushoboka, dutegerezwa gufasha.

Tangura gusenga, hama urondere amakuru ajanye n'abo bimukira canke izo mpuznzi. Ibibanza vyinshi birafise amashirahamwe ashobora kubitwararika. Ushobora gutangura gukorana na rimwe muri ayo mashirahamwe, canke kumbure ishuri ry'Isabato ryo mw'ishengero ryanyu ry'intango rishobora na ryo nyene gutangura gufasha abimukira canke impunzi.

**Mbere n'ubwo vyosaba amafaranga atari make, ni ibiki ushobora gukora kugira ngo ufashe abimukira canke impunzi izo ari zo zose uzi ivyazo?**

---

---

**GUFASHA ABAKOMEREKEJWE**

Mbega ni bande muri twebwe batigeze babona ukuntu iy'isi yacu isigaye ikomeretsanya cane? Haba mu kuba mu karere karimwo ubutunzi n'uburyo bwinshi, canke kuba mu karere k'ubukene n'ingorane z'uburyo bwose – ivyo ntaco bimaze. Abantu bariko bakomereka, bababazwa, kandi banyinyurana n'ubuzima. Ibintu vyose umuntu afise gukora, nk'akarorero, ni gusoma inkuru zijanye n'igitigiri c'amahera menshi yakoreshejwe n'abajejwe gukinga ihahamuka i Buraya buri mwaka kugira ngo atahure ko ubutunzi bw'ibintu vyo mw'isi bwonyene butigera butanga umunezero canke amahoro.

**“Mpwemu w'Uhoraho ari kuri jewe, Ni co catumye andobanuzwa amavuta kugira ngo mbwire aboro ubutumwa bwiza: Yantumye kumenyesha abarindwa ko barekuwe, n'impumyi ko zihumuka, No kubohora abanywagutse imitima”** (Luka 4: 18).

**Mbega ibi bitwigisha iki mu bijanye n'ivyo Yesu yakoze n'ivyo na twebwe nyene, aho tugarukiriza, dukwiye kuba turakorera abantu badukikije?**

---

Imana iriko iduhamagarira gutorera umuti ingorane z'abantu bose, mbere n'ubwo tutazi ighe canke ko boba barigize kumenya ivya Yesu. N'ubwo kubabwira ivya Yesu ari we mushinge w'igikorwa cacu co kurondera abazimiye, turakeneye gufasha abo bantu bari mu ngorane neza na neza kubera ko bakeneye ubufasha. Tubafasha kubera ko twebwe twamaze kwemera Yesu nk'Umwami wacu, kandi ivyo ni vyo yaduhamagariye gukora.

Akarorero ka Yesu ko kugerageza gutorera inyishu ingorane z'abantu bose ni umwifato ngenderwako wa Bibiliya wo gukurikiza. Ntituzi nimba burimuntu wese yafashije yaca amwemera canke ataca amwemera.

Gufasha abandi mu vy'ukuri, dukenera kubanza gutahura neza ivy'izo ngorane zabo. Buri mucokama wose ufise uburyo bwawo bwite bwo kwerekanimwo uburyo bwo gufata umugenzi. Mu gihugu c'Ubihindi, ni akamenyero ko guha abashitsi imfungurwa canke ibinyobwa iyo muriko muganira. Biroroshe guha umuntu wa kavantara akaganuke k'amahera kuruta kwirura umugenzi yapfishije umukunzi wiwe. Ivyo umugenzi wawe ashobora gukenera bishobora kuba birengeye amahera canke ibindi bintu vy'ubutunzi bufadika. Kenshi na kenshi akaganuke kawe ko gushigikira umuntu mu gihe yatakaje umukunzi mpfampfe gashobora kumufasha muri vyinshi cane.

Uyu mwifato ngenderwako ngirakamaro wo kuba umufasha wa Yesu ku bagenzi bacu utangurana ubwa mbere n'ihangiro ryo kwerekana urukundo rutarimwo inarije kuri bo, kubanza gutahura ingorane zabo imbere yo kugerageza kubaha ubufasha. Gutanga ubufasha bakeneye, mbere n'ubwo ushobora kutaba uzi nimba vy'ukuri boba biteguye guca bakurikira Yesu.

**Soma Matayo 25: 34-40. Mbega ni ubuhe butumwa kuri twebwe buri ngaha?**

---

---

## **Ku wa gatanu**

**23 Munyonyo 2023**

### **URUKUNDO RURUTA URWO ABANDI**

Nk'uko twese tubizi, kandi tubizi neza cane, ingorane ntizigera zirangira. Nimba ugomba gufasha abandi, uzokwama uronka uturyo twiza twinshi. Haba abagenzi ba hafi na hafi canke impunzi ziri kure, abantu bama mu ngorane, kandi dutegerezwa gukora ibishoboka vyose, buri gihe dushoboye, kwama dufasha. Mu gihe cose c'igikorwa ciwe ngaha kw'isi, Yesu yama afasha abo bese batari bashoboye kwifasha. Mu bihe bimwe-bimwe, niwe yafata iyambere mukuja kurondera abari mu ngorane; mu bindi bihe na vyo, nk'uko vyagenze no kuri ba bagabo bazana ca kimuga bakacururutsa baciye mu gisenge c'inzu kugira ngo bagishikane imbere ya Yesu, abagenzi bama bafata iyambere.

**“Ntawogira urukundo ruruta urw'uk'umuntu yigura abakunzi biwe”**  
(Yohana 15: 13).

**Mbega ni gute dukurikiza uyu mwifato ngenderwako mu gikorwa cacu co gutabara abandi?**

---

---

Umuryango umwe w'aba misiyonari wamaze imyaka itandatu ukorera mu gihugu ca Trinidad na Tobago. Imyaka itatu ya mbere baba mu karere kiziziwe cane n'Abahindu hamwe n'Abamizilima. Abahindu benshi bama bidoga ngo Abakristo bama banka ubutumire bwabo bwo kwifatanya nabo mu mugirwa w'Amashimwe yabo bama batanga buri mwaka. Rero umusi umwe abo Bakristo bahavuye baja kwifatanya n'umugenzi mushasha w'Umuhindu muri uwo musu mukuru w'amashimwe. Ivyo babikoze bisunze akarorero ka Yesu: Yama agendera abagenzi biwe iyo baba bamutumiye mu birori vyabo bidasanze. Nk'uko biri, Abahindu bigisha ko abashitsi canke abagenzi bazana imihezagiro mu rugo rw'ubakiriye.

Nimureke tugerageze gutangura kurondera umugenzi iyi ndwi no kumubera umuhezagiro. Ubwa mbere, gendereza ibihe ugezemwo, igisagara ubayemwo, ishengero, canke umugwa mukuru. Mbega woba uzi impunzi canke umwimukira ari aho hantu? Mbega woba ubazi bose? Utitaye ku bihe urimwo, kugiriranira ubugenzi na kavantara si ikintu coroshe. Nimuze dusenge kandi dusaba Imana idufashe. Isanzwe izi buri muntu wese kandi irazi umuntu mudashobora kugirirana ubugenzi. Niwibuke, ihangiro ryacu ni iryo kuba umugenzi w’abo bantu kugira ngo ushobore kubafasha kubashikana ku Mana ibe ari yo ibafasha.

**Akamo 1: Rondera kumenya ibijanye n’abanyamahanga canke abantu atari Abakristo baba mu gihugu iwanyu. Joshuaproject.net ni ikibanza ciza co kurondereramwo imigwi y’abantu batarashikirwa n’ubutumwa bwiza mu mico kama yawe.**

**Akamo 2: Nurondere umuntu ari aho ugarukiriza ubwaku bwawe. Tangura kwama usengera uwo muntu buri gihe inyuma yo kwishura ibi bibazo bikurikira:**

**Mbega uwo muntu ni umugenzi wanjye – nk’uko biboneka mu citegererezo ca Yesu co kugiriranira n’abandi ubugenzi?**

**Mbega ndazi ingorane z’ubuzima bwiwe?**

**Mbega ni gute nomuyoborera kuri Yesu kugira ngo amuvure?**

## **Ku wa gatandatu**

**24 Munyonyo 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Soma iki gice kivuga ngo “*A Few Days at Long Point,*” mu gitabu, *Ellen G. White: The Australian Years: 1891-1900*, vol. 4, pp. 100-104.

Abanditsi b’Ubutumwa bwiza baratanze uburorero bw’igikorwa ca Yesu co kwubaka imigenderanire myiza n’abantu bo mu yandi mahanga kugira ngo abakize (*Matayo 8: 28-34; Mariko 5: 1-20*). Nk’uko biri, twahamagariwe kandi kurondera abagenzi no gutabara abantu bo mu yandi mahanga, na bo nyene. Urupfu rwa Kristo ni urwa buri muntu wese, atitaye ku bwoko, ku gihugu, ku butunzi, canke ku mamuko y’umuntu. Iyo ni ingingo tudategerezwa kwigera twibagira. “Kand’uwo ni we mpongano y’ivyaha vyacu, mugabo s’iy’ivyacu twenyene, ariko n’iy’ivy’abari mw’isi bose” (*1 Yohana 2: 2*).

“Abagabo n’abagore ntibaba bariko bashitsa ivy’Imana yategekanije, iyo bariko berekanira urukundo rwabo mu bantu bo mu muryango wabo wa hafi na hafi, . . . .

hama bagakumira barya bandi bantu bari gushobora guhumuriza no guhezagira biciye mu kubaremurira imitwaro yabo. . . .

“Iyo Umwami Yesu atwinginga ngo tugende kugirira neza abandi bantu bo hanze y’ingo zacu, ntaba ashaka kuvuga ko urukundo tugirira abo mungo zacu rukwiye kugabanuka, kandi ko tuzokunda incuti zacu canke igihugu cacu urukundo rw’uruheyiheyi kubera ko yipfuzaga ko twagura agatima ko kwiyumvanamwo. Ariko ntidutegerezwa kwugaranira urukundo rwacu n’igishika cacu hagati y’impome zine, hama ngo twugarane imihezagiro Imana yaduhaye kugira ngo abandi na bo ntibazoyungukireko co kimwe na twe mu munezero itanga.” - Ellen G. White, *Adventist Review and Sabbath Herald, October 15, 1895*.

Ibanga twabikijwe ryo kuba umuhezagiro kuri abo bantu bari hanze y’akarere tubayemwo twidibamiye, baba abo mu kindi gihugu canke umuntu atagira gifasha, ni inshingano itavuguruzwa Yesu Kristo ubwiye yaduhaye (*Ivyakozwe n’Intumwa 1: 8; Mariko 11: 17*).

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega ni akahe karere kawe usanzwe widibamiyemwo, kandi ni kubera iki utegerezwa kugasohokamwo iyo bikenewe?
- 2** Mbega ni izihe nkurikizi zatewe na kirya kintu cashitse igihe Yesu bamwita ngo ni “ ‘umukunzi w’inda n’umunoho wa vino, incuti y’abatozakori n’abanyavyaha’ ” (Matayo 11: 19)? Mbega ni ibiki Yesu yariko akora vyateje ico cagiriji, kandi ni gute bitwibutsa ibijanye n’igikorwa co kurondera abazimiye ?
- 3** Mbega Umukristo yogarukira hehe mu bijanye no kuja mu birori vy’abatizera? None ni gute Abakristo bashobora kubikora batarinze guhonyanga imyifato ngenderwako yo muri Bibiliya?



# ICIGWA CA 9

25 MUNYONYO – 01 KIGARAMA 2023

KUJANA UBUTUMWA MU BANYENKOMEZI



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 25 MUNYONYO 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Daniyeli 4; 2 Ngoma 5:1–19; Yohana 3:1–12; Yohana 7:43–52; Matayo 19:16–22, Yohana 19:38–42.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Kand’umuntu vyomumarira iki kwunguka ivyo mw’isi vyose ni yakwa ubugingo bwiwe kw’iciru?” (*Matayo 16: 26*).

N’ubwo Bibiliya yanditswe mu myaka myinshi irenganye, iryo Jambo ry’Imana, riguma ari ryo hishurwa nyakuri ry’Imana kur’ino si yacu. Kandi mu kuri isinzi rihishura harimwo n’inkomoko y’umuntu, kandi ivyo – haba mu Buyuda bwo mu kinjana ca ndwi canke muri Brezile yo mu kinjana ca mirongo ibiri na rimwe – abantu nk’uko biri baguma ari bamwe: abanyavyaha bakeneye ubuntu bw’Imana.

Aha harimwo abakire n’abanyenkomezi. Abakire n’abanyenkomezi bo mu bihe vya Bibiliya ntibigeze batandukana n’abakire n’abanyenkomezi bo muri bino bihe vy’iterambere, cane-cane mu gikorwa cabo co kwiruka inyuma y’ubutunzi no kuba ba rurangiranwa n’abanyenkomezi, kenshi na kenshi (atari imisi yose) babicishije mu guhonyanga abanyantegenke. Ariko kandi, Imana yama irajwe ishingira n’agakiza k’abatunzi n’abanyenkomezi co kimwe n’uko biri ku banyantegenke n’abari mu ngorane. Ivyanditswe Vyera biratanga uburorero bumwe-bumwe buhambaye bw’abantu bavugwa muri Bibiliya bari abanyenkomezi, canke abatunzi, canke vyompi uko ari bibiri, n’ukuntu Imana yabakoresheje mu kubera umuhezagiro amahanga: Aburhamu, Isaka, Yakobo, Salomo, na Yosefu, tube turavuze ubu burorero buke.

Mur’ino ndwi tuzoca irya n’ino ibijanye n’igikorwa c’Imana co kurondera abatunzi n’abanyenkomezi. Ngwino dufatanye urwo rugendo mu gihe turaba ingene Imana yashikanye ubutumwa kuri bamwe bo muri abo bantu hamwe n’ukuntu iriko irahamagara kandi itegurira Abadivantisite b’umusi w’indwi kuba ibishingantahe imbere y’abo bantu uyu musu, na bo nyene.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 2 Kigarama 2023.*

## Ku wa mbere

26 Munyonyo 2023

### NEBUKADINEZA

Nk'Abadivantisite b'umusi w'indwi turemera ikizwi ko ari "impongano itagira aho igarukira." Ibi bishaka kuvuga ko, mu gihushane n'abandi Bakristo, twebwe twizera ko urupfu rwa Kristo rwari urw'abantu bose, ko rutari urw'umugwi munaka w'abatoranijwe n'Imana kuva kera ko bazokizwa. Kuko Imana "igomba kw'abantu bose bakizwa bagashika ku kumenya ivy'ukuri" (*1 Timoteyo 2: 4*), Yesu yitanze ubwiwe "nk'impongano y'ivyaha vyacu, mugabo s'iy'ivyacu twenyee, ariko n'iy'ivy'abari mw'isi bose" (*1 Yohana 2: 2*). Iryo ni vyo bituma umuntu wese yatoranirijwe "muri we, itanguriro ry'isi ritarashirwaho" (*Abanyefeso 1: 4*), mbere n'ubwo atari umuntu wese yemera kumuhitamwo na we. Ni co gituma, kandi, tubona muri Bibiliya inkuru z'ubwoko bwose bw'abantu baguma bagendererwa kugira ngo babazane ku Mana.

**Soma *Daniyeli 4*. Mbega ni ibiki vyashikiye uwo mwami ng'aha, kandi ivyo bitubwira iki mu bijanye n'agakiza kashikiye umwe wo mu bantu bari bahambaye cane kuruta abandi mw'isi?**

---

Akarorero gakomeye cane ko muri Bibiliya kerekana ingene Imana yashikiriza ubutumwa abantu b'abanyenkomezi baba basanzwe atari abizera ni iyi nkuru y'umwami Nebukadineza. Igihano c'Imana camuguyeko mu buryo bumwe nk'ubwo abami bamwe b'Abisirayeli (*raba, nk'akarorero, 2 Ngoma 32: 25, 26; 1 Abami 14: 21-31; 1 Samweli 28*). Inkuru y'ivya Nebukadineza muri Bibiliya, yahavuye yiyinjiramwo maze yemanga Imana Muremyi, yerekana ko Imana yama yitwararika abatunzi n'abanyenkomezi, co kimwe n'abanyantegenke n'abafise ingorane. Mu murongo wa 37, umuntu yari akomeye cane kuruta abandi bose yahavuye atangaza, ati: "Noneho jewe Nebukadineza nshima Umwami wo mw'ijuru, ndamutazira, ndamwubaha; kukw'ibikorwa vyawe vyose ar'ivy'ukuri, kand'inzira ziwe ar'iziroranye; arikw'abagendera mu bwibone ashobora kubacisha bugufi" (*Daniyeli 4: 37*). Icompa gusa abatunzi, abanyenkomezi, n'abibone bo muri twebwe ibinyabugingo bipfa bagatahura uku kuri!

Mbega ni igiki dushobora kwigira kur'iyi nkuru? Ubwa mbere, Imana yama ikoresha abizera bitanze, nka Daniyeli, nk'ikiraro co gushikira abanyenkomezi batizera. Ubwa kabiri, Imana irashobora kwiyizira ubwayo mu gikorwa co gushinga intahe kugira ngo ishikire abanyenkomezi batizera. Nebukadineza yacishijwe bugufi n'Imana kubera ubwibone no kwishira hejuru kwiwe. Kandi n'ubwo iyi yari inkuru

iteranye ubwoba, hariho izindi nzira nyinshi zo gucamwo abatunzi n'abanyenkomezi n'abibone bashobora gucishirizwamwo bugufi.

**Mbere n'ubwo tutari abatunzi n'abanyenkomezi ku rugero rw'ab'isi, mbega ni kubera iki dutegerezwa kuba maso tukirinda ubwoko bw'ubwibone uwo mwami yerekanye? Mbega ni kubera iki uwo mwifato ushobora kworoha cane kugwamwo kuruta uko twovyiyumvira?**

---

---

## Ku wa kabiri

**27 Munyonyo 2023**

### NAMANI

Kristo yapfiriye bese, atitaye ku mavuko yabo, ubutunzi bwabo, ubwoko bwabo, canke icubahiro cabo. Imana yama na ntaryo ikwegakwegera abantu bese kuri yo ubwayo, harimwo na barya bantu bashirwa mu mugwi w'abanyenkomezi atari abakristo b'isi (*raba Ellen G. White, The Acts of the Apostles, p. 416*).

**Soma 2 Abami 5: 1-19. Mbega ni igiki dushobora gukura mur'iyi nkuru ivuga ibijanye no kuja kubwira abantu ubutumwa bwiza ngo tubazane k'Uhoraho?**

---

---

Mu gitabo ca 2 Abami 5: 1-19, Namani yashikirije ibisabo bibiri bidasanzwe inyuma y'aho Imana imukirije imibembe. Ubwa mbere, yasavye ivu ryotwarwa n'inyumbu zibiri arivanye muri Isirayeli arijanye muri Siriya ku ntumbero yo gusenga Imana nzima. Yashikirije, ati: "Kuk'uhereye none ata kimazi nzokwosereza izindi mana canke ngo ndazihe ikindi kimazi ic'ari co cose, atar'Uhoraho wenyene" (2 Abami 5: 17). N'ubwo Namani noneho vyigaragaza ko asigaye yizera Imana imwe rudende nyakuri, igisabo ciwe ca mbere cerekana ubwaku bw'imigirwa ya gipagani bwari bucigaragaza mu vyiyumviro vyawe ku rugero runaka. Iyi ntwazangabo y'Umunyesiriya yafata Imana ya Isirayeli nk'ikigirwamana categerezwa gusengerwa gusa kw'ivu kama ry'ico gihugu gusa. N'ubwo Namani yemanga ukuri kwavuga ko atayindi Mana yigeze kuba iruhande y'Uhoraho w'Abisirayeli, ntiyari bwitandukanye ijana kw'ijana n'iciyumviro cavuga ko Imana, mu buryo bunaka budasanzwe, yama yifatanya n'igihugu c'Abisirayeli. Kubw'ivyo, igihe azoba ari mu gihugu ciwe bwite yipfuzza kuzokwama asengera Imana kw'ivu ryo mu gihugu c'Abisirayeli.

Igisabo ca kabiri ca Namani cerekana ko ukwizera kwiwe kwari ukwo mu mutima. Mugihe yafata ingingo yo gukorera Imana yonyene yo mw'ijuru, yabonye ko

gushira mu ngiro ingingo nk'iyi mu gihugu camunzwe no gusenga ibigirwamana atari kuba ikintu coroshe. Vyongeye kandi, umwami wa Siriya ubwiye yari agisenga ikigirwamana ciwe citwa Rimoni, kandi mu mabanga ya Namani yategerezwa gukora nk'uwajewe gucungera umutekano w'umwami. Mu gihe Namani atari afise agatima ko guheba amabanga yiwe ku mwami wiwe wa hano kw'isi, ntiyipfuzaga gufatwa nk'aho acunamira ico kigirwamana Rimoni. Kuba yaramaze kwegurira Yehova umutima wiwe, Namani yipfuzaga kutagira ikintu na kimwe congera kumujana mu bikorwa vyo gusenga ibigirwamana mu kwunamira imana y'abapagani. Kandi ntiyashakaga ko hosubira kubaho ijamba rigwa mu matwi ya Elisha ko yasubiye kubikora.

Elisha yishuye ku gisabo ca Namani ngo "Genda amahoro" (2 *Ngoma* 5: 19). "Aya majambo ntategerezwa kwiyumvirwako nk'aho kumbure ariko yerekana kwemererwa canke kutemererwa kw'igisabo ca Namani co kugenda. Yategerezwa kugenda mu amahoro, atagukekeranya canke kubura umutekano. Imana yari yamugiriye neza, kandi yategerezwa kuronka amahoro n'umunezero bitewe no kumenya hamwe no gusenga Imana. Namani yari asigaye ari umuntu mushasha yihanye, umuntu adakoreshwa n'iyomenya, umuntu yari gushobora gukora mu nkomezi no mu bumenyi iyo aja kuguma yumiye ku kwizera kwiwe gushasha yari aherutse kwakira.

Imana yama iyobora abizera bashasha intambwe ku ntambwe, kandi irazi igihe kibereye co kubahamagarira gukora amavugurura mu bintu bimwe-bimwe binaka. Uyu mwifato ngenderwako wari ukwiye na ntaryo kwama uvuka mu bwenge bw'abantu biciye mu gikorwa c'abo bose bajewe gukora ngo imitima y'abantu yakire agakiza." - *The SDA Bible Commentary, vol. 2, p. 878.*

**Mbega ni ibihe vyigwa dukwiye gukura mur'iyi nkuru bijanye no gusunika abantu vuba na vuba, cane cane barya bantu baba bavuye mu myizerere itari iya gikristo?**

### KUBWIRA INCABWENGE UBUTUMWA: NIKODEMU

Nikodemu yari incabwenge. Bibiliya ivuga ko yari umukuru wo mu Bayuda (*Yohana 3: 1*). Yesu yamufatiyeko nk'umwigisha w'Abisirayeli (*Yohana 3: 10*). Yari asanzwe atahura neza Bibiliya kandi yari afise inzara yo mu vy'impwemu ijanye no kumenya Uhoraho. Kubwa kimuntu, ashobora kuba yabonekera ku maso inyuma nk'aho yoba yari umugendanyi mwiza w'Imana. Yama yubahiriza ivyagezwe vyose, kandi yari umurongozi yubashwe mu Bayuda. Yari umunyenkomezi kandi w'umutunzi. Abantu benshi bahora bitegereza ivyo vyose nk'aho ari ibimenyetso vyerekana ko Imana yari yaramuhezagiye. Ariko kandi, ku rundi ruhande narwo ibintu vyarahindukiye bisigara biboneka ko ivyabonekera ku maso inyuma vyari uko – vyari ibihendamaso gusa.

**Soma *Yohana 3: 1-12*. Mbega ni ibiki iyi nkuru yerekana bijanye n'ingorane za Nikodemu mu vyo kwizera kandi ni gute Yesu yazitoreye umuti neza?**

---

---

Igihe Nikodemu yaza kuri Yesu, yagerageje kubumbatira ivyabonekera ku maso inyuma, uko yari asanzwe ameze. Ariko Imana yari isanzwe izi umutima wiwe. Ni nk'uko nyene Imana isanzwe izi imitima n'ingorane z'abatunzi n'abanyenkomezi bose, uko kahise kabo koba kameze kwose. Nikodemu yaje kuri Yesu kubera ko inyigisho za Yesu zari zaramunyuze. Ubwibone bwiwe ni bwo bwari bwaramubujije gusa kwemanga Yesu Kristo nk'Umwami wiwe, ariko iryo joro ryaramuhinduye burundu. Mbere n'inyuma yo kunyurwa ko Yesu yarungitswe avuye ku Mana, yagumye adashaka kugaragaza ko yemanga ko yari umugendanyi wa Yesu Kristo.

**Soma *Yohana 7: 43-52* na *Yohana 19: 39*. Mbega ni ibiki iyi mirongo itubwira mu bijanye na Nikodemu hamwe na Yesu?**

---

---

Dushobora kubonera mur'iyi mirongo ko Nikodemu, nk'uko biri, yari yaratwawe n'inyigisho za Yesu koko. Yarigeze kurondera kumukingira igihe Yesu yari akiri muzima no kwongera guhesha Yesu icubahiro igihe yapfa. Ntakibazo, Yesu yari yarihanishije Nikodemu, umwe, muri bwa bumenyi n'ubwenge bwiwe yahora yiratana, yama akeneye Umukiza, nk'uko biri no kuri twebwe twese.

**Mbega ni kubera iki dutegerezwa kwigengesera cane ntitugwe mu mutego wo kwiyumvira ko kubera “dufise ukuri” (kandi turagufise nyene), ko ubwo**

**bumenyi bw'ukwo kuri bwonyene bihagije kudukiza? Mbega ni abantu bangahe bazozimira kandi bari barigeze kugira ubumenyi bukwiye, mbere no muri burya butumwa bw'abamarayika batatu, ngo bakizwe?**

---

---

## **Ku wa kane**

**29 Munyonyo 2023**

### **KUJANA UBUTUMWA MU BATUNZI**

**Soma Matayo 19: 16-22. Mbega ni ibihe vyigwa dushobora kwigira mur'iyi nkuru, aho, mu gihushane ca Nikodemu, hari umuntu atakiriye Yesu?**

---

---

Mu kiyago Yesu yagiranye n'umusore w'umutunzi kandi w'umukuru harerekana neza ukuntu umutego w'ubutunzi ushobora kugeramira umuntu cane. Raba aya majambo ngo: “Kandi ndababwira yukw'icoroshe ar'ingamiye guca mu zuru ry'urushinge biruta k'umutunzi yinjira mu bwami bw'Imana” (*Matayo 19: 24*). Ibi, nk'uko biri, ntibishaka kuvuga ko abatunzi badashobora gukizwa, ariko gusa ni uko, hamwe aba bantu batoraba neza, ubutunzi bwabo mu vy'ukuri burashobora kubabera inzitizi ku gakiza.

Impera n'imperuka, umutunzi n'umukene bahanzwe n'iherezo rimwe: imva. Ibi bishaka kuvuga ko abatunzi bihebuye cane kandi ko bakeneye agakiza nk'uwundi muntu uwo ari we wese. Ivyo ari vyo vyose amahera ashobora kugura ibintu vyinshi, ariko ntashobora kugura ibakwe ridasanzwe ryo kudapfa. Iryo bakwe riza gusa ari nk'ingabire, itangirwa ubuntu na Yesu ku muntu uwo ari we wese azorisaba kubwo kwizera. “Ni jewe kuzuka n'ubugingo. Unyizera n'iyoyoba yarapfuye, azobaho” (*Yohana 11: 25*).

**Soma Luka 19: 1-10. Mbega ni ikihe kintu kidasanzwe mur'iyi nkuru, gitandukanye na kirya kivugwa muri irya nkuru y'umusore w'umutunzi kandi w'umutware?**

---

---

Zakayo yishuye Yesu mu buryo, ikibabaje, urya musore w'umutunzi kandi w'umutegetsi wewe atishuwemwo. Raba neza, Yesu si we yabwiye Zakayo ngo nagurishye ivyo yari atunze hama ngo abihe aboro, nk'uko yabikoze kuri urya musore w'umutunzi kandi w'umutegetsi. Yesu ategerezwa kuba yari asanzwe azi ukuntu uwo musore w'umutunzi kandi w'umutegetsi yari yumiye ku butunzi bwiwe, bikaba ari

vyo vyatumye Yesu amubwira gukora gurtyo. Ku rundi ruhande na rwo, n'ubwo tutazi ivyavuzwe vyose igihe Yesu yari mu nzu yiwe, Zakayo bisa n'aho yari yaranyuzwe n'ivyo Yesu yamubwiye kandi akaba yari asanzwe azi ko ategerezwa kugira ivyo ahindura mu buzima bwiwe, cane-cane nk'uko vyari bifitaniye isano n'ubutumwa bwiwe.

“Kand’umuntu vyomumarira iki kwunguka ivyo mw’isi vyose ni yakwa ubugingo bwiwe kw’iciru? Cank’umuntu yotunga iki ngw’acungure ubugingo bwiwe?” (Matayo 16: 26). Mbega ni ibiki aya majambo akwiye kutubwira twebwe twese?

---

---

## Ku wa gatanu

**30 Munyonyo 2023**

### KUJANA UBUTUMWA MU BANYENKOMEZI

Yesu yari asanzwe azi uburyo bwo kurondera abagenzi mu banyenkomezi. Yari asanzwe avugwa neza kandi yubashwe n’abantu benshi bo muri uwo mugwi kandi, muri uwo mwanya nyene, yaranakengerwa n’abandi benshi. Abanyenkomezi muri Bibiliya baje kuri Yesu gusaba ubufasha mu vy’ukuri bariyumvamwo ko abitwararika. Vyongeye kandi, benshi bo mu batunzi n’abanyenkomezi ntibaza kuri Yesu ku mugaragaro, babanza kurindira gushika bamenye neza ko Yesu vy’ukuri ari we Mwana w’Imana. Ibintu nk’ivyo ni ko vyari biri kuri Nikodemu na Yosefu w’i Arimataya bompiki uko ari babiri.

**Soma Matayo 27: 57-60 (raba kandi Mariko 15: 43-47; Luka 23: 50-53; na Yohana 19: 38-42). Mbega ni ibiki iyi nkuru itubwira mu bijanye n’ukuntu Umwami Yesu yakoresheje urya musore w’umutunzi biboneka neza ko yari yarakozweko na Yesu?**

---

---

Gushika iki gihe nta kintu na kimwe twari bwumve kuri Yosefu w’i Arimataya. Bukwi na bukwi uyu musore w’umutunzi aciye aseruka, nk’aho umengo nta hantu na hamwe avuye, none akoreshejwe mu gufasha kugira ngo ubuhanuzi bushike. Imana yarakoresheje kandi n’ubu izobandanya ikoresha abatunzi mu ntumbero yayo. Ni co gituma, dutegerezwa kuja kubabwira ubutumwa, na bo nyene.

Aho gutangurira, gishobora kuba ari kimwe mu bibazo bigoye mu bijanye no kurondera abagenzi mu bantu b’abanyenkomezi. Mu bisanzwe, ni vyiza kutabakurikirana; reka abe ari bo baza aho turi. Ivyo ni vyo Yesu yakoze; bahindutse ivyabona vy’ubutumwa bwiwe, ibikorwa vyawe vyo gukiza indwara, hamwe

n'ububasha buturuka ku Mana. Baranyuzwe bari inyuma y'aho yakorera ko mu vy'ukuri ari Umwana w'Imana.

Abantu b'abanyenkomezi bazorondera kugiriranira imigenderanire n'umupasitori w'umwizigirwa ku mvo zidaharurika. Bama bashaka kugira uruhara mu kintu ciza kiriko gihindura ubuzima bw'abantu. Iyi ni inzira imwe bamenyeramwo ko bishobora no guhindura ubuzima bwabo. Bitanga uburyo bwiyorobetse ku batunzi n'abanyenkomezi bwo kuronkeramwo ubufasha baba bakeneye batarinze gushira ku mugaragaro ingorane zabo.

Icicro ca kabiri ni ico gutangura igikorwa kama c'ubutabazi nk'akaryo keza ku batunzi n'abanyenkomezi ko kugira uruhara mu gikorwa c'ubutabazi c'Imana. Fata akanya ko kwiga neza ubuzima bw'abatunzi n'abanyenkomezi bari aho uherereye.

**Akamo 1: Niwongerereze uwundi muntu kuri rwa rutonde ruriko abo usengera buri musu ari mu bantu b'abanyenkomezi, atari umwizera, kandi abe umuntu ushobora kuyagisha umwanya ku mwanya.**

**Akamo 2: Rungikira ikete umuntu ari mu vyicaro vy'ubutegetsu bwo hejuru canke umurungikire e-mail – mbere n'ubwo yoba ari umuntu utarigera uvugisha – hama umubwire ko uriko uramusengera.**

## **Ku wa gatandatu**

**01 Kigarama 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Soma iki gice kivuga ngo “*Ministry to the Rich*,” mu gitabu *The Ministry of Healing*, pp. 209-216; n'iki kivuga ngo: “*Captive maid Shows Concern for Naaman*,” mu gitabu: *Reflecting Christ*, p. 337 vya Ellen G. White.

Urukundo Yesu akunda abakene ni rumwe n'urwo akunda abatunzi n'abanyenkomezi mw'isi. Yapfiriye abaganwa co kimwe n'abakene. Yesu asanzwe azi uburyo ngirakamaro cane kuruta ubundi bwose bwo gushikira imitima yabo. Atugabisha avuga ko “ ‘icoroshe ni ingamiya guca mu zuru ry'urushinge biruta umutunzi ko yinjira mu bwami bw'Imana’ ” (*Mariko 10: 25*). Twatewe akamo mur'ino ndwi ko kuja kubwira abanyenkomezi n'abatunzi ubutumwa bwiza bwa Yesu Kristo. Barakeneye cane agakiza co kimwe n'uwundi muntu uwo ari we wese, mbere n'ubwo, ikibabaje, boba batabibona kubera “umutekano” ubwo butunzi bwabo butanga.

“Hari vyinshi vyavuzwe bijanye n'inshingano yacu ko twirengagije abakene; mbega ntihari hakwiye kwitwararikwa n'abatunzi birengagijwe? Abantu benshi bafata abo bantu nk'aho batakigira ivyizigiro. . . . Abatunzi ibihumbi n'ibihumbagiza barapfuye barahambwa bataraburirwa. Ariko n'ubwo bisa n'aho bigira ba



sindabibazwa, benshi mu batunzi imitima iriko ibarurumbiramwo.” - Ellen G. White, *The Ministry of Healing*, p. 210.

## IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE

**1** Yesu yasamburiye hasi inzitizi z’amacakubiri ashingiye ku miryango n’ivyubahiro igihe yabwira abatunzi n’abakene ubutumwa bwiza akiri hano kw’isi. None ni gute twebwe Abadivantiste b’umusi w’indwi dutorera inyishu ico kibazo, kimwe kijanye n’ikimanga kiri hagati y’abatunzi n’aboro, camaze gutsimbataro mu bihugu vyacu vyose ?

**2** Yesu yavuze ibi bintu bikurikira: “ ‘Uwabibwe mu mahwa ni we yumva iryo jambo, arik’umwitwarariko w’ivy’isi n’uruhendo rw’ubutunzi bikanyoha iryo jambo, akaba ikirumbirane’ ” (Matayo 13: 22). Mbega wiyumvira ko Yesu yashaka kuvuga iki aho yagira ngo “uruhendo rw’ubutunzi”? Mbega ni kubera iki bitarinda gusaba ko tuba abatunzi kugira ngo duhendwe n’ubutunzi?

**3** Mu mugwi wanyu, nimusubire kuri kirya kibazo cabajijwe ku mpera y’icigwa co ku wa gatatu kivuga ibijanye n’uko kuba uzi ukuri atari vyo bituma uca ukizwa na kwo. Mbega ni kubera iki iryo tandukaniro ari kirumara cane kuri twe kumenya? Nimba kumenya ukuri vyonyene atari vyo bidukiza, none ni igiki kidukiza?

**4** Mbega ni izihe zindi mvo ushobora kwiyumvira zatumye urya musore w’umutunzi kandi w’umutegetsu yiyamiriza Yesu mu gihe Zakayo wewe yamwakiriye?

# ICIGWA CA 10

02 -08 KIGARAMA 2023

**KUJANA UBUTUMWA KU BATARI BWASHIKIRWE: Igice ca 1**



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 02 KIGARAMA 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Ivyakozwe n'Intumwa 17; 1 Ab'i Korinto 2:2; Abaroma 1:18–25.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “ ‘Imana Rurema, yaremye isi n'ibirimwo vyose, iyo, kukw'ari yo Mwami w'ijuru n'isi, ntiba mu nsengero zubatswe n'amaboko' ” (*Ivyakozwe 17: 24*).

Mu kwerekana ivyo Pawulo yakoreye muri Atenayi, Luka yanditse ngo: “Nukw'aharirira n'Abayuda n'abubaha Imana mw'isinagogi, no mu kaguriro imisi yose aharira n'abamusangaho” (*Ivyakozwe 17: 17*).

Mu buryo kama, Pawulo yoba yiyumvamwo ko atekaniwe mu gihe yaba ariko akorera mu Bayuda, umubiri n'amaraso vyawe. Ariko Pawulo yaranse guhazwa no gukorera gusa mu bantu b'iwabo bwite. Yari yahamagariwe kuja kubwira ubutumwa abandi na bo nyene.

Canke Pawulo yari kuba yakoranye n'Abanyamahanga “bubaha Imana”, bamwe ivyiyumviro vyabo vyari vyaramaze guhura n'amahinduka atari bwigaragaze neza. Bari basanganywe umushinge w'ivya Bibiliya Pawulo yashoboye kwubakirako, mbere n'ubwo bari bagikeneye kumenya Imana ya yindi bari basanzwe “bubaha” - Yesu ari we Mesiya.

Ariko, oya. Igihe yari muri Atenayi, igisagara rurangiranwa kubera *philosophie* yaco, Pawulo yarondera kubonana n'abantu b'aho, na bo nyene. Benshi muri bo bari basanzwe bafise amamuko n'ivyiyumviro bitandukanye n'ivy'Abaheburayo hamwe n'amateka yabo meranda, bimwe ari vyo bigize umushinge wo kwizera Pawulo yashaka kwigisha Abanyatenayi.

Mbega Pawulo yifata gute muri ukwo kurondera abo bantu, kandi ni ibiki dushobora kwigira kuri ubwo buryo bwiwe?

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 09 Kigarama 2023.*

**UMUHEBURAYO MURI ATENAYI**

**Soma Ivyakozwe n'Intumwa 17: 1-16. Mbega Pawulo yarangije gute muri Atenayi, kandi ni gute yifashe imbere y'ibintu yasanze aho hantu?**

---

---

Igisagara ca Atenayi cari “cuzuye ibigirwamana” (*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 16*). Kumenya amateka y'abantu bo mu bwoko bwabo bwite hamwe n'agatima kabo (n'ubwo bari barahawe imburi zitagira iherezo) ko gushaka gusenga ibigirwamana, Pawulo yarababajwe n'ibigirwamana vyose yasanze muri Atenayi, na ho nyene. Ntakibazo, Pawulo yasunikwa n'urukundo yakunda Abanyatenayi, bari gushobora gupfira mu vyaha vyabo hamwe batomenya ivy'Imana y'ukuri.

Uyu musu, ibisagara vyacu biricuzuyemwo ibigirwamana, mbere n'ubwo bidashoka vyigaragaza cane nk'ivyo Pawulo yabonye. Kandi ikibabaje, abizera benshi barashobora neza na neza gutembera hirya no hino mu gisagara ntibagire ico bavuga na gito ku bigirwamana biri muri co. Pawulo wewe, akoreshejwe na Mpwemu Yera ku rugero rushimishije yashoboye kugira ico akora. Ku rugero rutandukanye n'urw'abizera bamwe, barya batari bwatahure neza ko ubutumwa bwiza bwari bugenewe isi yose, Pawulo wewe yari asanzwe azi ko Imana yashaka ko n'Abanyatenayi bakizwa co kimwe na buri muntu wese. Yaratahura ko icyumviro co gukwiragiza ubutumwa bwiza kw'isi yose cari ico kujana ubutumwa bwiza mu bantu bose batari bwabwumve, harimwo n'abapagani bahora basenga ibigirwamana, co kimwe n'aba “*philosophes*” bari basanzwe buzuye mu mabarabara yose yo muri Atenayi.

Pawulo, kubw'ivyo, yama agendagenda mu bibanza bihuriramwo abantu benshi aho abo bantu bategerezwa kuboneka. Twovuga ko yaciye atanguza “Ikigo co kwigiramwo Kujana Ubutumwa Kw'isi yose”, aho yakoresha amakoraniro yo kwigiramwo no gusuzumiramwo inzira zokoresha mu gushikira imitima n'ivyiyumviro vy'abo bapagani.

Pawulo yari asanzwe azi ko atari gushobora kuvugana n'Abanyatenayi mu buryo bumwe nk'ubwo yakoresha ku Bayuda canke mbere n'Abanyamahanga bari basanzwe bubaha Imana. Abo bari abantu intango y'ubuzima bwabo atari Imana y'Abisirayeli canke ibikorwa vyayo yakoreye mw'ihanga ry'Abisirayeli. Uko izo ngingo n'iyo myizerere vyari bisanzwe biri kirumara kwose ku Bayuda mbere no ku Banyamahanga bari basanzwe bubaha Imana, nta kintu vyari bivuze kuri abo bantu Pawulo yasanze mu bibanza vy'utuguriro vyo muri Atenayi. Ni co gituma, hari hakenewe uburyo bushasha bwo gukoresha.

Uyu musu, kenshi na kenshi turondera kubwira ubutumwa bwiza abantu inkomoko yabo ataco ipfa isana n'icahoze citwa umurage w'Abayuda n'Abakristo. Kubw'ivyo, nk'uko vyagenze no kuri Pawulo, dukeneye kujanjirana n'ibintu tugezemwo. Inzira ishobora gukoreshwa neza, nk'akarorero, muri *Buenos Aires* ishobora kutagira ico ishikako muri Bangkok.

Mbega ni ubuhe bwoko bw'ibigirwamana abantu bariko basenga mu gisagara iwanyu, kandi ni gute ushobora kwugurura amaso yabo bakabona ukuntu ivyo bariko bakora ari impfagusa?

---

---

## Ku wa kabiri

04 Kigarama 2023

### PAWULO MURI AREYOPAGO

**Soma *Ivyakozwe n'Intumwa 17: 18-21*. Mbega ni ubuhe buryo bumwe butandukanye abapagani bo mu kibanza c'akaguriro bifashe imbere y'ijambo n'ibibazo vya Pawulo?**

---

Mu buryo butomoye neza, akoresheje ico bita "imana z'inyamahanga", Pawulo yarakoze ku mitima y'abo bantu bo mur'ico kibanza c'akaguriro (*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 18*), kandi kubw'ivyo baciye bamujana muri Areyopago, igice c'igisagara aho ibibazo bijanye n'ivy'amategeko hamwe n'ivy'idini vyigirwa, n'ubwo vyasa n'aho umengo Pawulo yariko aca mu bwoko ubwo ari bwo bwose bw'urubanza rw'ivy'amategeko. Neza na neza, bisa n'aho umengo kwari kugira ngo bamuhe kandi bahe iyo "nyigisho nshimikiro yiwe nshasha" (*Ivyakozwe 17: 19*) akaryo keza ko kumwumviriza. Vyari kugorana kwirengagiza kwumviriza umuntu nka Pawulo afise ubuhinga bwo kuvuga, kwihangana, n'ubukerebutsi, mbere n'ubwo yariko yigisha ivyiyumviro vyasa n'aho vyari bishasha kuri abo bantu.

*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 21* havuga ko Abanyatenayi ata kintu na kimwe bagize ico babivugako mbere ko bagumye bamwumviriza kugeza ku vyiyumviro vyawe vya nyuma. Mbega Luka yariko abagiriza ko bari imburakimazi? Kumbure si vyo. Ariko bishoboka ko yariko ashira ku mugaragaro ko bari abahinga baminuje mu kwumviriza, ko babifisemwo uburambe bwinshi kandi ko bazi guhinyanyura amajambo. Nyuma ya vyose, Abagiriki bari barigishije abantu nk'abo, aha twovuga nka Socrate, Plato, na Aristote, aba "*philosophes*" ubwaku bwabo bwagumye bwigishwa gushika no mur'ino misi yacu, na yo nyene. Atenayi yamye na ntaryo kuva mu binjana vyarenganye, ari ihuriro ry'incabwenge n'iry'ivyiyumviro vy'aba

“philosophes”. N’ubwo bamwe muri abo bahinga baminuje mu kwiyumvira atari imvukira zo muri Atenayi, neza na neza si mu buryo twiyumviramwo “*atheisme*” uyu musu, vyinshi mu vyiyumviro vyabo vyo mu buryo bwa philosophie vyari bihabanye cane n’inyigisho z’Abakristo. Biragoye, nk’akarorero, kubona ikibanza muri philosophie ya “Epicureans” n’iya “Stoics” aho bavuga ikintu nk’iki kijanye na Mesiya yazutse.

Muri Atenayi, Pawulo yari yiteze ko Mpwemu Yera yari gushobora gukoresha ubumenyi bwiwe n’ubuhinga bwiwe bwo gusohora amajambo, ubwo yari yarigiye mu mashuri yiwe ku birenge vya Gamaliyeli. Ariko mu vy’ukuri yari amashuri ya Pawulo mu mabarabara yo muri Atenayi, Mpwemu Yera yari yarashoboye gukoresha, mbere n’abandi benshi. “Abaruta abandi bose kuba abanyabwenge mu bariko bamwumviriza nabo ubwabo baratangaye, bumvise uburyo ashikirizamwo ivyiyumviro vyawe. Yiyerekana ubwiwe ko ari inzobere mu bikorwa vyabo vy’ubugenegene, mu bitabo vyabo, no mw’idini ryabo.” - Ellen G. White, *The Acts of the Apostles*, p. 237.

**Inyuma y’igikorwa ca Pawulo muri Atenayi muri abo bapagani n’aba philosophes, yaciye yandikira Abanyekorinto ngo “Kuko nagabiye kutagira ico mmenya muri mwebwe, atari Yesu Kristo, we yabambwe” (1 Ab’i Korinto 2: 2). Mbega ni kihe cigwa kiri ng’aha kituraba kijanye n’ukuntu Kristo ategerezwa kuba ku ntimatima y’ubutumwa bwacu tutarinze kuraba uwo turiko tububwira?**

05 Kigarama 2023

## PAWULO N'IMANA ITAZWI

Menya ko Pawulo atashotse atitura idini canke imana z'ibinyoma z'Abanyetanayi. Yegeranije ingingo izo ari zo zose yashobora kuronka, n'ubwo zari nke gute, maze aca aba arizo ashimikirako.

**Soma *Ivyakozwe n'Intumwa 17: 22*. Mbega ni ibiki Pawulo yariko akora muri ukwo kuntu yariko arondera kubwira ubutumwa bwiza abo bantu?**

---

“ ‘Bagabo bo muri Atenayi, mbonye muri vyose ko mukabije kwubaha imana zanyu’ ” (*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 22*). Pawulo yariko akengurukira abapagani! Idini ryabo ryari ryaraburagijwe mu buryo ubwo ari bwo bwose, vyongeye kandi, Pawulo yakengurutse umwete wabo.

Pawulo yabandanije avuga, ati: “Kukw’aho nagendagenda nitegereza ivyo musenga. . . .” (*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 23*). Mu kuvuga neza ibijanye n’icigwa yakozwe kw’idini ry’Abanyatanayi, Pawulo yatanze umwifato urangwamwo kwubaha abo bantu. Ntiyihutiye kwimenyekanisha nk’umuhinga yiyadukije ubwiwe afise inyishu zose zijanye n’ukuntu abantu bari bakeneye guhinduka. Mu vy’ukuri, nk’uko biri, yari umuhinga, kandi afise inyishu abo bantu bari bakeneye! Ariko ntiyiyerekanye muri ubwo buryo, ahandi ho yari gutabwa hanze. Ahubwo, yafashwe nk’umuntu yitwararika neza abantu kandi yama abipfuriza ineza.

Mu kugira ico avuga kur’iki candiko kigira ngo “IC’IMANA ITAZWI” (*Ivyakozwe n'Intumwa 17: 23*), Pawulo yuririye ku kuntu kiboneka cari gisanzwe kizwi n’abantu bose. Bari basanzwe bizera imana (mur’ico gihe nyinshi), iyo na yo ikaba yari intango nziza (abantu bamwe mur’ico gihe ntibizera) kandi ivyo vyari gushoboza gutanguza ibiyago vyimbitse cane. Ntiyabaneguye akoresheje icyumviro kibi c’igicaniro cubakiwe imana itazwi. Ahubwo, yabanje gukenguruka kandi arashima abantu bitwararika cane ivy’impwemu bemera bakagera n’aho basenga n’ikintu mbere batazi, neza na neza kuko hari hariho ikintu babuze.

Mbega bari barahenzwe? Neza cane, ariko ivyo vyari gushobora gutorerwa inyishu. Icari gikenewe mu ntango cari ic’uko bari barijukiye ico batahura mur’ico gihe. Kuko, nk’uko Pawulo abikenguruka, ico cari igikoresho Mpwemu Yera yashobora gukoresha.

Pawulo yari yatoye ijambo ryo kwuririrako ryari gushobora gushika ku nyota ivyo bashira imbere.

**Mbega ni ibihe biraro n'ibintu vy'ihuriro ushobora kwiyumvira bishobora kuguha akaryo keza ko gutanguza ibiyago vyimbitse n'abandi bantu muhuye ubwa mbere?**

---

---

## **Ku wa kane**

**06 Kigarama 2023**

### **KUMENYEKANISHA IMANA NSHASHA**

Ubu noneho ko Pawulo yari amaze kwigarurira ivyiyumviro vy'abahinga mu kwiyumvira bo muri Atenayi, yaciye rero abahindukiriza ku Mana yo mw'ijuru.

**Soma Ivyakozwe n'Intumwa 17: 24-27. Mbega ni iyihe nzira Pawulo yacyemwo kugira ngo ashikirize ubutumwa bwiza aba bantu?**

---

---

Ku bantu bari basanzwe bitwararika ivy'impwemu gushika n'aho bubakira igicaniro imana itazwi, amajambo ya Pawulo yateza kuzazanirwa: Imana Muremyi itaba mu ngoro kandi idakeneye ikintu na kimwe kiva ku mwana w'umuntu, ahubwo yama itorera umuti ingorane z'abantu. Ku bantu bari barazingamitswe n'ibintazi vy'Abagiriki – aho imana zitabonekera amaso ya kimuntu, zenena kuri zo ubwazo, kandi zitwaza umukazo – icyumviro c'Imana nk'iyoye Pawulo yasobanuye cari icyumviro ciza cane n'ubwo cateza kuzazanirwa. Kandi abantu bari bakoraniye muri Areyopago baciye batera intambwe za mbere zibashikana ku kwemera Imana y'urukundo.

Bishoboka ko Pawulo yoba yamaze umwanya muremure ariko avugana n'abo bantu bari bakoraniye ng'aho muri Areyopago kuruta aya majambo make gusa Luka yadusangije mur'iyi nkuru. Bisa n'ibitahuritse ko kubera umwanya muto Luka yavuze gusa mu ncamake ivy'ijambo rya Pawulo. Nimba rero ivyo ari ko biri, mur'ico gihe buri icyumviro cose twamaze gusoma gushika aha Pawulo wewe yari yagishikirije mw'ido n'ido ryaco. Ubu rero reka tugabanganye iryo jambo Pawulo yashikirije mu duce-duce:

1. Ubwa mbere Pawulo yabanje gukenguruka ukuntu bari basanzwe biyumvira ivy'impwemu kandi bivuye ku mutima.
2. Ubwa kabiri yerekanye ko yagendereje ukwizera kwabo kandi ko yasanze mu ibintu bimwe yubaha afatiye kuvyo yari yamaze kumenya.
3. Hama yaciye ababwira ibijanye n'ikintu kimwe c'umwihariko yavumbuye mur'ico cigwa ciwe kw'idini ryabo bari basanzwe bemera ariko badatahura.

4. Nyuma y'aho, yaciye abasangiza ubwoko bw'Imana wewe yari asanzwe azi kandi bari bakeneye cane, ivyo na vyo akaba arivyo bituma Imana iriho kandi ko ibakunda kandi ko itari kure yabo.
5. Mu kurangiza, ku mpera y'ijambo ryiwe, Pawulo yaciye atandukira amajambo yo kugabisha ku co bishaka kuvuga kwanka kwemera ivy'iyi Mana batari bwamenye gushika aho.

Pawulo yabashikanye kure cane hashoboka, ashimikiye ku vyo yari asanzwe azi mu bijanye n'ivyo bahora bizera. Nimba yashoboye kubakura kure nk'aho, ni kuvuga ko yariko atera intambwe nziza.

**Raba akamo ka Pawulo kajanye n'isi yaremwe no ku Mana nk'Umuremyi (raba kandi Abaroma 1: 18-25). None ni kubera iki inzira nziza nk'iyi yakoresheje, nimiburiburi mu gutangura, ari yo ikwiye no gukoreshwa no ku bantu benshi? Mbega ni igiki kiri mw'isi yaremwe gitumbereza abantu ku Mana mu buryo bukomeye cane?**

## Ku wa gatanu

**07 Kigarama 2023**

### KUJABUKA UMUSITARI

**Soma Iyakoze n'Intumwa 17: 24-34. Mbega ni gute Pawulo yabandanije igishingantahe ciwe?**

Ni vyiza kandi kubona ko Pawulo ng'aha yakoresheje amajambo amwe-amwe yanditswe n'abanditsi babo bwite, abo na bo, kuba baranditse ikintu cegeranye cane hafi na hafi n'ukuri kwa Bibiliya, vyahaye Pawulo akaryo keza ko gushikana abariko baramwumviriza kure cane. Ni kuvuga, yakoresheje ivyo yari amaze kumenya neza mu myizerere yabo mu kurondera ico ahurizako na bo, hama abona gutera aja imbere. Nta kibazo: mu kurondera gushikana ubutumwa bwiza ku bandi, umaze kumenya neza ivyo bizera no kubona ivyo muhurizako ubwo bushobora kuba uburyo bwiza cane bwo kubwiramwo abantu ubutumwa bwiza.

Raba kandi ibi, Pawulo yakoresheje ico kintu yahurizako na bo kugira ngo ashike aho yashaka kuja: umuzuko wa Yesu n'ivyizigiro ubaha bose. Luka yaciye yerekana imyifato abantu baciye bagira ku majambo ya Pawulo yo kurangirizako mu bijanye n'Umuzuko. Bamwe baciye bacokora ico cyumviro; abandi nabo bivugira ko bishakira kwongera kwumviriza Pawulo kandi kur'ico cigwa nyene; abandi na bo baca barizera ubwo nyene. Ikintu c'inkoramutima mur'iyi nkuru tuba dushaka gushikako ni iki c'uko *abantu bose muri uwo mwanya bamwumvirije*. Kandi ivyo ni vyo Pawulo yipfuzaga kuva mu ntango.



Turazi ko abantu bamwe bazokwirengagiza ubutumwa bwiza, ariko dutegerezwa gukora ibishoboka vyose tukamenya ko imbere y’uko babwirengagiza, ko batahuye ivyo bintu birengagije. Pawulo, uravye inzira yakoresheje igihe yariko akorera mu bantu bo muri Atenayi hamwe n’uburyo bwiwe bwo gukoreshamwo ivyo yari yarize kandi akamenya kuri bo, birerekana ko bumvirije n’umutima wuguruye neza ko hariho Imana batari basanzwe bazi kandi ari yo yabaremye. Ko iyo Mana ibakunda kandi ko ishaka ko bayimenya. Ko yabagiriye imbabazi n’ubwo batari bayizi. Ariko kandi ko Umusi w’Urubanza wegereje. Kandi ko nimba ivyo vyose bifatwa nk’aho atawovyizera, hariho ibimenyamenya vyo kurabirako ufatiye ku muzuko wa Kristo.

Ubu noneho kuba abantu bari bamaze kwumva no kwinovora ubwo butumwa, hari ahabo ho guhitamwo ubwabo nimba babwirengagiza ijana kw’ijana canke baja kubugendereza neza. Kukaba nkakwo, bamwe babandanije kubugendereza hama bahinduka abagendanyi ba Yesu (*Ivyakozwe 17: 34*).

**Akamo 1: Igihe usenga, saba ubuyobozi nyezina bw’Imana kugira ngo umenye neza cane ukuntu woshingira intahe umuntu usanzwe uzi.**

**Akamo 2: Suzuma imbuga ngurukanabumenyi uraba ko zishobora kuba nka “Areyopago” kuri wewe kugira ngo ushikirize ubutumwa bwiza – ukoresheje gushira ku mugaragaro n’ubwiyorobetsi vya Pawulo – abantu basanzwe batizera.**

## **Ku wa gatandatu**

**08 Kigarama 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

Kimwe mu bintu dukwiye kugenda dufise mur’iyi nkuru y’ubuzima bwa Pawulo mu gisagara ca Atenayi ni kwiga ibibera mur’ico kibanza ugezemwo kugira ngo umenye inzira wokoresha kugira ngo ushikane ubutumwa bwiza ku mugwi w’abantu basanzwe batizera, ibi na vyo bikaba vyatumye haboneka umugwi muto w’abizera watangujwe aho muri Atenayi.

“Amajambo y’iyo ntumwa, ubusobanuro bw’umwifato wiwe n’uw’abari bamukikije, nk’uko vyashikirijwe n’inyandiko zahumetswe, vyategerezwa guhererekanwa gushika ku runganwe rwinshi rwari rugiyeye kuza, bihetse igishingantahe ciwe c’icizere ntavuguruzwa, umwete wiwe n’ubwo yari wenyene kandi mu bihe bigoye, hamwe n’intsinzi yaronse ku neza y’Ubukristo mu gisagara cari ku ntimatima y’ubupagani butagira izina.

“Amajambo ya Pawulo yuzuyemwo ubutunzi bw’ubumenyi kw’ishengero. Yari mu kibanza aho yari gushobora kuvuga ibintu vyari vyoroshe gukabura ubwibone bw’abariko baramwumviriza kandi akishira mu ngorane ubwiwe. Iyo amajambo yiwe aja kugwanya neza na neza imana zabo n’abanyenkomezi bo mur’ico gisagara, yari

kugira ingorane nk'izashikiye Socrate. Ariko akoresheje ubuhinga butewe n'urukundo rw'Imana, mu bwitonzi bwinshi yashoboye kubakuramwo ivyiyumviro bari basanzwe bafise ku mana za gipagani, biciye mu kubahishurira Imana y'ukuri, imwe bobo batari basanzwe bazi.” - Ellen G. White, *The Acts of the Apostles*, pp. 240, 241.

Kubwo kwibonanira amaso ku maso n'abantu, mu kwiga imicokama yabo n'idini vyabo, no mukwubahiriza umwitwarariko wabo ku bintu bijanye n'ivy'impwemu, Pawulo yashoboye gutanguza ikintu gikomeye cane muri Atenayi – ikintu ari ubutunzi bw'ubumenyi kw'ishengero. Yaririnze gushavuzza abariko baramwumviriza. Iki cari ikintu ubwaco gihambaye cane, cahumetswe n'Imana. Iki, nk'uko Ellen G. White abivuga, ni ubutunzi bw'ubumenyi twebwe nk'ishengero dukeneye kuzirikana mur'iyi nkuru.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Dufashe iyi nkuru ya Pawulo mu gisagara c'i Atenayi nk'icitegererezo, mbega ni iyihe ntambwe ya mbere kuri buri muntu wese ariho agitanguza igikorwa c'ivugabutumwa mu gisagara gishasha?
- 2** Mbega ni ubuhe bwoko bw'umwifato Abakristo basabwa mu kwubaka imigenderanire n'abantu bo mu gisagara (kandi nk'uko biri, n'ahandi hantu hose) basanzwe batazi Imana?
- 3** Iyo dusomborokejwe n'ubwoko bw'ibigirwamana vyo muri kino gihe c'iterambere, mbega ni ibiki dukwiye kwirinda gukora, cane-cane ubwo nyene ubwa mbere na mbere, mu gihe dutanguza igikorwa gishasha mu bantu basanzwe bisengera ivyo bigirwamana?
- 4** Pawulo yari gushobora kugarukiriza ku kumenyesha abantu iyo Mana isanzwe ibakunda, kandi bari gushobora kubinezererwa cane. Ariko muri uwo mwanya yaciye arengana umusitari watumye abantu biyumvira ko yataye inzira aho amariye kubashikana mu vy'umuzuko. Mbega yari akwiye gukora ivyo? Kubera iki yari akwiye kubikora, canke kubera iki atari akwiye kubikora?

# ICIGWA CA 11

09 – 15 KIGARAMA 2023

**KUJANA UBUTUMWA KUBATARI BASHIKIRWE: Igice ca 2**



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 09 KIGARAMA 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *1 Abami 11:1–6; Matayo 4:23–25; Matayo 15:22–28; Mariko 7:24–30; Ivyakozwe n'Intumwa 10:34, 35; Matayo 8:10, 13.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Buno Yesu aramwishura, at'Ukwizera kwawe ni kw'ishyamba nyina wanjye: bikubere nk'uk'ugomba. Umukobwa wiwe aca akira uwo mwanya” (*Matayo 15: 28*).

Kuva mbere na mbere hose, Imana y'urukundo yamwye irondera abana bayo bazimiye (*Itanguriro 3: 9*); kandi, mur'ino misi yacu, iyo Mana y'urukundo nyene iguma irondera gushikira abazimiye (*raba Ivyahishuriwe Yohana 14: 6-12*), harimwo n'abazimiriye mu bisagara. Muri 2018, Ishirahamwe Mpuzamakungu ryashize ku mugaragaro ubushakashatsi bwaryo ryari riherutse gushikako, bwavugaga ko ivy'ijana 55 vy'abantu baba ku mubumbe w'isi baba mu bisagara, kandi ko ivyo bizobandanya vyongerekana (hamwe igihe coguma kibaho) gushikira ku vy'ijana 68 muri 2050. Ntakundi twogira: dutegerezwa kubwira abantu baba mu bisagara ubutumwa. Ariko kandi, benshi mu bana b'Imana bakora nk'uko Yona yabigenjeje igihe yahamagarirwa gushingira intahe ababa mu bisagara gikuru: kuko ku mvo izo ari zo zose bama bahungu ico gikorwa. “Kukw'ivyanditswe kera vyose vyandikiwe kutwigisha, kugira ngo kwihangana no guhumurizwa guheshwa n'ivyanditswe biduhe kwizigira ibizoba” (*Abaroma 15: 4*). Aha harimwo n'ivyanditswe kuri Yona.

Igihe yari akiri ng'aha kw'isi, Yesu ntiyatabaye gusa ababa mu bisagara vya Isirayeli ariko n'abari mu turere tundi, na two nyene; ni kuvuga, abari hanze y'ihanga ry'Abayuda n'abantu batoranijwe, na bo nyene yarabatabaye.

Ino ndwi tuzokwiga inkuru yo muri Bibiliya ijanye n'igikorwa ca Kristo co kubwira Abanyetiro n'Abasidoni ubutumwa bwiza hama dukuremwo ivyigwa twokurikiza mu buzima bwacu uyu musu.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw'igenekerezo rya 16 Kigarama 2023.*

### KUJANA UBUTUMWA MU TURERE TWA KURE

Dusoma ko Yesu yajanye n’abigishwa biwe bavuye i Genesareti (*Matayo 14: 34*) “aja ahagereye muri Tiro n’i Sidoni” (*Matayo 15: 21*). None ni kubera iki yabakuye i Galilaya akabajana mur’ivyo bibanza vy’abapagani? Yarongoreye abigishwa biwe muri urwo rugendo bashika ku mbibe z’izo ntara za kure kugira ngo bashobore kwiga, bari mur’ico kibanza, ivyo batari gushobora kwiga borohewe cane bari muri Galilaya. Yashaka kwigisha abo bigishwa biwe ivyigwa bibategurira ku muhamagararo wabo wo gushikana ubutumwa bwiza ku yindi migwi y’abantu, harimwo n’iyo mu bisagara bikuru.

**Soma Abacamanza 3: 1-6; 1 Abami 5: 1-12; na 1 Abami 11: 1-6. Mbega ni gute iyi mirongo idufasha gutahura gato ibijanye na kahise k’ivyo bisagara?**

---

Dutanguriye mu *Bacamanza 3: 1-6*, tubona ko abo bantu bo hambere bakoreshejwe n’Imana mu gupima ukwizera kw’Abisirayeli. Ikibabaje, abantu b’Imana barananiwe n’ico gipimo, vyongeye, nimiburiburi mur’iki kintu cashitse: “Barashingirana, batako basaba imana zabo” (*Abacamanza 3: 6*). Gurtyo rero, kuva mu ntango, abo bantu baba bahindutse igitsitaza ku Bisirayeli.

Mu gitabo ca *1 Abami 5: 1-11*, dushobora kuhabona imigenderanire ya hafi na hafi hagati y’Abasidoni n’Abaheburayo. N’ubwo ku rugero rumwe, urudandazwa bagiriranira rwari ngirakamaro kuri bompi, nta nkeka Abaheburayo bakomeje gukwegakwegerwa mu nzira mbi n’ubupagani hamwe no mu gusenga ibigirwamana vy’abo bantu bakorana urudandazwa.

Igitabu ca mbere c’*Abami 11: 1-6* kirerekana neza na neza ukuntu ubwo bwaku bwahavuye buba bubi: “Kuko Salomo yakurikiye Ashitoretu imanakazi y’Abasidoni, na Milikommu, ca kizira c’ubuyobe c’Abamoni” (*1 Abami 11: 5*).

Ariko kandi, n’ubwo hari ayo mateka mabi y’ubupagani no gusenga ibigirwamana, n’ubwaku bubi vyagize kw’ihanga ry’abatoranijwe, Yesu yabandanije ajana abigishwa biwe mur’ivyo bibanza. Muri ubwo buryo yariko abamenyereza kuja kuvuga ubutumwa mu bantu bo mu yandi moko, guhangana n’inyigisho n’amafuti vyabo, no guha abagendanyi biwe icitegererezo gikwiye c’ukuntu bakwiye kujana ubutumwa bwiza mu bantu bo mu yindi mico kama n’ayandi mahanga yose aba mu bisagara bikuru.

Hari ingorane nyinshi zihanze Abadivantiste mu bijanye no kuja kuvuga ubutumwa mu bisagara, mur’izo harimwo amagara n’imyitwarariko y’ibidukikije. Mu

bindi na vyo hashobora kubamwo ubuzima buzimvye, ivanguramoko, imyizerere, ivanguraturere, n'ibibazo bijanye n'umwidegemvyo w'idini n'uburenganzira bwo gushikiriza ikiri ku mutima. Ariko kandi, n'ubwo hari izo nzitizi, dutegerezwa kugira ico dukora mur'ivyo bisagara.

Mbega ni ibiki wokora kugira ngo ufashe abantu bitabiriye akamo ko kuja kuvuga ubutumwa mu bisagara bikuru?

---

---

## **Ku wa kabiri**

**11 Kigarama 2023**

### **KURONDERA ABANTU BATANDUKANYE**

Nubwo hariho ingorane, imbere muri twe no hanze yacu, Yesu, kubw'ubuntu bwiwe abandanya adutera ka kamo nyene ko kujana ubutumwa mu bisagara bikuru.

**Soma Matayo 9: 35-38. Mbega ni ibiki ibi bitwigisha mu bijanye no kujana ubutumwa bwiza mu bantu batandukanye, aho ari ho hose twobasanga?**

---

---

Yesu yumviye ikigongwe abantu batandukanye, nk'aba dusanga mu bisagara bikuru. *Luka 19: 41* herekana ukuntu Yesu yaririyeye Yerusalemu. Turashobora kudatahura uburebure bw'amajepfo bw'urukundo Yesu afitiye abana biwe, mbere na barya "bantu benshi batakigira mu maso" baba mu bisagara bikuru. Nico gituma muri *Matayo 9: 38* Yesu atubwira ngo dusenge, kugira ngo ibishika n'imitima yacu bishobore kumera nk'ivyawe.

**Soma Matayo 4: 23-25. Yesu agitangura igikorwa ciwe c'ubutumwa bwiza, mbega abantu baza baturutse mu tuhe turere tw'isi?**

---

---

Muri *Matayo 4: 25*, isinzi ry'abantu ryakurikira Yesu baturuka muri Galilaya, muri arya mareta cumi agize Dekapoli mu buseruko, abandi baturuka i Yerusalemu, no mu Buyuda mu bumanuko. Ukuyemwo Samariya, mbega ni iyihe yindi ntara yari ibuzemwo? Intara yo kurubibe rwa Tiro na Sidoni, igice ca Foyinike, n'intara ziri ku rubibe rw'ikiyaga Mediteraniya n'iziri mu buraruko bwa Galilaya. Ubu noneho turabona igituma Yesu yagiye mur'ako karere! Uru rugendo rwo kuja muri Tiro na Sidoni rwari rumwe mu ngendo za Yesu zo kujana ubutumwa mu bantu bo mu bindi bice vy'isi.

“Inyuma yo guhura n’Abafarisayo, Yesu yaciye ava i Kaperenawumu, maze ajabuka i Galilaya, atandukira igihugu co mu misozi yo ku mbibe na Foyinike. Yitegereje mu karere ku burengero, yashobora kubona, ikirere kinini c’ikiyaya kiri hasi, ibihugu vya kera bigizwe na Tiro hamwe na Sidoni, hamwe n’ingoro zavyo za gipagani, ingoro zishajije z’abami n’ibisagara bikorerwamwo urudandazwa vyaho, hamwe n’ibivuko vyinshi vyuzuyemwo amato.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 399.

**Mbega ni gute twofasha abantu kubona ukuntu, muribo ubwabo no kubwabo, “ubwiza bw’ingoro z’abami babo n’ibisagara vyabo badandarizamwo” ari impfagusa, n’igituma bakeneye Yesu?**

---

---

## **Ku wa gatatu**

**12 Kigarama 2023**

### **MURI TIRO NA SIDONI**

Abahinga mu vya Bibiliya bizera ko ubutumwa bwiza bwa Yesu bwanditswe na Matayo bwindikiwe neza na neza Abayuda, kandi ko ubwanditswe na Mariko bwandikiwe ahanini Abanyamahanga. Birafasha kugumiza ubu budasa imbere yacu mu gihe twiga burya Butumwa bwiza uko ari bune.

**Soma Matayo 15: 22-28 na Mariko 7: 24-30. Mbega ni ubuhe budasa ubona mu kuntu uwo mugore yerekanywe?**

---

---

Raba ukuntu Matayo yerekanye uwo muvyeyi akoresheje igihugu ciwe canke ubwoko bwiwe: Umunyekanani. Mariko yakoreshejwe na Mpemu Yera mu gukoresha ayandi majambo mu kwerekana uwo muvyeyi ngo ni “Umugirikikazi” canke “Umunyamahanga” hama kandi mu nyuma aca yongerako izindi nkuru ngo ni: “imvukira y’Umusiriya w’Umunyefoyiniki” canke ngo “Umusiriya w’i Foyinike” - aha na ho akaba ari ncuro ya mbere yonyene iryo jambo ryakoreshejwe muri Bibiliya.

Raba ukuntu iyi nkuru yo muri *Matayo 15* ishobora kuba yaragize ubwaku bubi ku bantu ariho bari bakiyumva ubwa mbere na mbere ufatiye ku mateka no ku vyiyumviro kama vyabo. Abo bantu batanguye kwumva Matayo bashobora kuba bafashe ko uwo muvyeyi ari umupagani wo kwiyamiriza. Ibi biterwa n’ubuzima bubi Abayuda ba kera bagiranye n’Abanyekanani kubera ko aba bantu bobo basenga ibigirwamana kandi imyifato yabo mibi n’imigenzo yabo mibi bikaba vyarigeze kubera igitsitaza ihanga ryabo mu kiringo kirekire. Mbere n’abigishwa ba Kristo

ntibabona ko bishoboka ko uwo mugore yizera kandi ko yoba mu bazoba mu bwami bw’Imana!

Muri *Mariko 7*, kubera ko abatanguye kwumviriza Mariko bari Abanyamahanga, bobo boba batahura iyo nkuru mu buryo butandukanye n’abo kwa Matayo. Abanyamahanga ntibaciye mu buzima bumwe n’ubw’Abayuda bivanye n’Abanyekanani. Ahubwo, Abanyamahanga bobo bari gushobora kwishushanya n’uwo mugore, “Umugirikikazi, Umusiriya w’Umunyefoyinike kavukire.” Yesu yarigeze kubakiriza umwe wo muri bo indwara! Kubw’Abanyamahanga, uwo mugore yari gushobora gufatwa nk’umuvyeyi akundwa yari yitwararitse amaherezo y’umukobwa wiwe kandi akaba yashaka ko uwo Mwigisha mukuru amuvura, atarinze kuraba ubwoko n’amavuko y’uwo muvyeyi.

“Kristo ntiyashotse yishura ku gisabo c’uwo mugore ubwo nyene. Yabanje afata ko uwo mugore aserukira ubwoko busuzuguritse nk’uko nyene Abayuda bahora babigenza. Muri ubwo buryo, yashaka kwereka abigishwa biwe umwifato ukanye no kubura umutima Abayuda bari gukoresha mu ngorane nk’iyo, hama, mu kwakira ico gisabo, yari atanze akarorero ko kubabarana n’abababaye abigishwa nabo bategerezwa kwerekana imbere y’ibihe nk’ivyo biteye agahinda.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 400.

Soma 1 Yohana 2: 2. Mbega ni ibiki uyu murongo ukwiye kutubwira mu bijanye n’ukuntu twese turi bamwe imbere y’Imana?

---

---

## **Ku wa kane**

**13 Kigarama 2023**

**“MWIRUKANE!”**

Mu kibano c’ibisagara bitarashikamwo ubutumwa bwiza, na ho nyene hariho abantu benshi barondera guhabwa ivyizigiro. Mu gihe ca Kristo, mbega ni ibiki vyabuza abantu b’Imana gutera ivyizigiro vya Mesiya mu bisagara bikuru nk’ibi vya Tiro na Sidoni? Igihugu c’amavukiro, kwishira hejuru, n’inzitwari ni vyo vyari vyarahumye amaso y’abantu b’Imana ku karyo keza bari barahawe ko kubona abantu bari hafi yabo bari bakeneye ivyizigiro vyari vyarahanuwe n’abavugishwa n’Imana bijanye n’umuzo wa mbere wa Kristo. Uyu musu mu bisagara bikuru, harimwo imigwi myinshi y’abantu Kristo ashaka ko abantu biwe baja kubwira ivy’inkuru y’ivyizigiro ijanye n’umuzo wiwe wa kabiri (*Tito 2: 13*). Kandi nk’uko Yesu atarinda kwitaho ibijanye n’igihugu ca bo c’amavuko canke ubwoko bwa bo, ni ko natwe nyene dukwiye kubigenza.

**Soma Ivyakozwe n'Intumwa 10: 9-16, 28, 34, 35. Mbega ni gute woshira mu ncamake iki cigwa cigishijwe ng'aha na Mpwemu Yera?**

---

---

Igihe Petero yari akirindiriye ibifungurwa, yahawe iyerekwa ari ku gisenge c'inzu hejuru ry'igihuzu cuzuyemwo ibikoko n'inyoni bihumanye. Incuro zitatu zose yabwiriwe mur'iryo yerekwa ngo nahaguruke abage arye. Imana yakoresheje iryo yerekwa kugira ngo irwanye ubwibone bwa Petero mu bijanye n'idini hamwe no gushuhagiza kwiwe yari afise mu kwanka Abanyamahanga. Nk'uko biri Petero yahavuye atahura ukwo kuri: "Petero yanzika kuvuga, ati N'ukuri ni ho nkimenya yukw'Imana itarobanura abantu ku butoni, ariko mu mahanga yose uyubaha, agakora ivy'ukugororoka, iramwemera" (*Ivyakozwe n'Intumwa 10: 34, 35*).

Dufatiye kur'ibi bintu vyashitse aha, nimureke twiyumvire ku nkuru zacu duhereye kuri Tiro na Sidoni. Nimwongere mwihweze ikiyago ciwe yagiranye na wa mugore. Mbega ni ibihe vyigwa abigishwa biwe bakuye muri urwo rugendo rw'ivugabutumwa ufatiye kur'iri yerekwa rya Petero? None ni gute dushobora gukurikiza ivyo bintu mu buzima bwacu uyu musu no ku muhamagararo wa Kristo wo mu misi y'iherezo ufatiye ku gikorwa ciwe co kujana ubutumwa mu bisagara bikuru? Mbega ni izihe nzitwazo zitubuza kubona ingorane zo mu bisagara bikuru? Mbega ni ayihe mahigwe Imana yaduhaye mu bisagara bikuru – yo gutuma ubutumwa bwacu mur'ivyo bisagara butahurika, kandi tukarwanya n'ubwitonzi bwinshi inzitwazo zacu, kuvangura intara kwacu, hamwe n'amanyama ajanye n'ukwizera kwacu?

Yesu yafashe umwanya ukwiye wo kwigisha abigishwa biwe, kuko batari bwatahure neza ijana kw'ijana ko integuro nyamukuru y'Imana y'agakiza yari iy'umuryango w'abantu bose, ko itari iy'ihanga rimwe rudende canke umugwi munaka w'abantu basangiye ubwoko baba ahantu hanaka. Mpwemu Yera arashobora kudufasha natwe kunesha ivyiyumviro vyacu bibi hamwe n'inzitwazo izo arizo zose kugira ngo turangize igikorwa cacu co kujana ubutumwa bwiza mu bisagara bikuru ivyo ari vyo vyose.

**Soma Ab'i Galatiya 2: 11-13. Mbega ni ibiki ibi bikwiye kutwigisha mu bijanye n'ukuntu bishobora kugorana kwikuramwo inzitwazo dufise twigishijwe uhereye mu bwana bwacu?**

---

---



### UKWIZERA MW'ISI?

Muri *Luka 18: 8*, Yesu yabajije ikibazo ciwe ku mpera y'umwe wo mu migani yiwe ngo: "Arik'Umwana w'umuntu ni yaza, mbeg'azosanga ukwizera mw'isi?" Nk'abigishwa ba Kristo uyu musu, turakeneye kubona ico Yesu ariko arondera. Mur'iyi nkuru, dushobora kubona ko Yesu ariko arondera ukwizera gukayanganira mbere mu mwiza.

**Soma *Matayo 8: 10, 13; Matayo 9: 2; Matayo 20: 29-34; Mariko 2: 5; Mariko 10: 46-52; na Luka 18: 34-43. Mur'iyi mironko yose, mbega ni bande Yesu yerekanye ko bafise ukwizera?***

---

Uru rutonde rurimwo abantu bari bafise ukwizera kwakayanganira mbere no mu bisagara bikuru bicuzemw'umwiza. Muri Kaperenawumu, Yesu yashize akatuzo kanini ku bantu benshi bari bafise ukwizera. Muri *Matayo 8: 10, 13*, tuhabona umusoda yaganza abasoda ijana w'umupagani yahavuye yihana kuko yari afise ukwizera kwinshi. Tubona kandi abagenzi bane bari buzuye ukwizera kwinshi bemeye gutobora igisenge c'inzu kugira ngo bururukirize ikimuga ca bo imbere ya Yesu (*Matayo 9: 2; Mariko 2: 5*). Muri *Mariko 10*, tuhasanga umuntu yahoze ari impumyi, Baritimayo, aho ukwizera kwiwe kwakayanganiye muri Yeriko yose.

Muri uwo mwanya nyene, twashobora kwitega ko mu bana b'Imana hari hakwiye kubaho abantu bafise ukwizera kwinshi. Ariko, mbere no mu gisagara c'amavuko ca Yesu, i Nazareti, kwizera guke – canke mbere ukutizera namba – ni yo ntambanyi yazibiye igikorwa c'ubutumwa bwiza ca Kristo. Mu bigishwa biwe, ku ncuro nyinshi Yesu yavuze ivya Isirayeli, ngo: "mwebwe ab'ukwizera guke mwe!" (*Matayo 6: 30; Matayo 8: 26; Matayo 14: 31; Matayo 16: 8*). Hama muri *Matayo 17: 17*, Yesu yitangaje, ngo: "Yemwe ab'iki gihe mutizera"!

Icigwa kimwe dushobora gukurikiza uyu musu ni uko ukwizera kuboneka mu bibanza utokwitezemwo: mu bisagara mu ba kavantara, abapagani, no mu bantu bafise ukwizera gutandukanye. Mu kwicisha bugufi, dutegerezwa kuja mu bisagara nk'uko na Yesu yabikora, tukarondera barya bantu iyo, tumaze kubabwira ukuri, bazobwakirana ukwizera kwinshi kuzobazanira agakiza muri Yesu. Kandi vy'ukuri bariho.

**Akamo 1: Niwugurure umutima wawe usenge cane usaba igice kinini c'ukwizera kuzokubashisha kuja gusabikanya urukundo rwawe n'abantu bari hafi n'abari kure.**

**Akamo 2: Mbega vyagenze gute ngo umenye Yesu na burya butumwa bw'igiciro kinini bw'abamarayika batatu? Gira urutonde rw'imihezagiye itatu waronse ivuye kuri Yesu mu buzima bwawe bwite. Itegurire gusabikanya n'abo musangiye umugwi w'ishuri ry'Isabato ivyo vyiyumviro.**

15 Kigarama 2023

## IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA

“Muri barya bantu Abayuda bahora bafata ko ari abapagani hari harimwo abari bafise ugutahura kwiza kw’ubuhanuzi bwo mu Vyanditswe Vyera kuvuga ivya Mesiya kuruta ukw’abigishwa b’ivyanditswe bo muri Isirayeli. Hari harimwo kandi abari bafise ivyizigiro vy’ukuza kwiwe ko azobatabara akabakura mu vyaha. Aba *philosophes* bagerageje gusesangura mu bisigabwenge vy’ivyari bigize ubutunzi bw’Abaheburayo. Ariko ugukumirana kw’Abayuda kwaca kuzibira ikwiragizwa ry’uwo muco.” - Ellen G. White, *The Desire of Ages*, p. 33.

“Umwami Yesu, Umukiza w’umunyenkomezi, yari yapfiriye n’abo bantu nyene. Rero arashobora kubakangura akabakura mur’urwo rwangara, arashobora gukangura urukundo rwabo, arashobora kworoshya imitima yabo, arashobora guhishurira imitima yabo ubwiza n’ububasha vy’ukuri. Umukoresha mukuru ni Imana, si umuntu apfa agahera; none ariko ahamagarira abantu kuba imiyoboro ashobora gucishamwo umuco ugashwara muri abo bose bakiri mu mwiza. Imana irafise abantu b’agaciro kanini mu mashengero yose, rero si ahacu ho kwagiriza abo mu yandi madini yo mw’isi, ariko kubwo kwicisha bugufi kandi mu rukundo rwinshi, nimuze tubereke ukuri nk’uko kuri muri Yesu. Reka abantu batubonemwo urukundo no kwitanga, reka abantu batubonemwo kamere nk’iya Kristo, aho ni ho tuzobazana ku gutahura ukuri. . . . Bategerezwa gushira Yesu hejuru, Umucunguzi w’isi, bategerezwa kwishimikiza ijambo ry’ubugingo.” - Ellen G. White, *Adventist Review and Sabbath Herald*, January 17, 1893.

## IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE

- 1 Mbega ni izihe ngorane ubona ubu nyene ziri aho ubaye zishobora kuguha, wewe ubwawe n’ishengero ryawe, akaryo keza ko kubwira ubutumwa bwiza abantu bataramenya ukuri nk’uko tumaze kukumenya natwe?
- 2 Raba aya majambo ya Ellen G. White yakoreshejwe aha haruguru ajanye na barya bantu tudahuje ukwizera: “Imana irafise abantu b’agaciro kanini mu mashengero yose, rero si ahacu ho kwagiriza abo mu yandi madini yo mw’isi.” Mu yandi majambo, mbega ni gute twokwereka abantu ikosa bakora ariko kandi tutabakengera ubwabo?
- 3 “‘Arik’Umwana w’umuntu ni yaza, mbeg’azosanga ukwizera mw’isi?’” (Luka 18: 8). Mbega Yesu yashaka kuvuga iki mur’iki kibazo kirimwo imvugo y’akajoreza? Mbega ni irihe tandukaniro riri hagati y’ukwizera n’inyigisho nshimikiro? Mbega ni gute abantu bafise inyigisho nshimikiro y’ukuri bashobora kuzosangwa batagira ukwizera Kristo niyagaruka?

# ICIGWA CA 12

16 -22 KIGARAMA 2023

ESITERI NA MORIDEKAYI



**KW'ISABATO KU MUGORоба, 16 KIGARAMA 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Daniyeli 1:1–12; Daniyeli 6:1–9; Esiteri 2:1–10, 20; Esiteri 3:1–15; Esiteri 4:1–14; Esiteri 9:1–12.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “Ndagushizeho ng’ube umuco wakira amahanga, kugira ngo n’abo ku mpera y’isi ubashikirize agakiza kanje” (*Yesaya 49: 6*).

Inwe mu nkuru zahumetswe zerekana “igikorwa c’ubutumwa bwiza mu bantu bo mu yindi mico kama” zivugwa muri Bibiliya ishobora kuba iyi dusanga mu gitabo ca Esiteri. Hari ibintu vyinshi vyagiye vyandikwa mu myaka ibihumbi n’ibihumbi kur’iki gitabo, kandi gushika n’uyu musu Abayuda baracigina umusi mukuru wa Purimu, bafatiye kuri *Esiteri 9: 26-31*.

Esiteri na Moridekayi, muvyarawe, bari Abayuda baba ku mugwa mukuru w’ubwami bw’Abaperesi, i Suza. Ku mvo tutazi, aho bitandukaniye n’abandi Bayuda bari barasubiye i Yudaya, bobo, hamwe n’abandi, basigaye mu gihugu bari barajanywemwo nk’inyagano.

Mu nyuma, biciye mu rukurikirane rw’uburinzi b’Imana, Esiteri yahavuye ahinduka umwamikazi. Dusoma ngo “Nuk’umwami agomwa Esiteri, amurutisha abamikazi bose, na we arakundwakara, aba intoni mu nyonga ziwe kuruta za nkumi zose; bituma amwambika igitsibo c’ubwami mu mutwe, amugira umwamikazi mu gishingo ca Vashiti” (*Esiteri 2: 17*).

Ni mur’ivyo bihe Esiteri, mbere n’ubwo wewe yari agikekeranya, yahavuye ashobora kugira uruhara ruhambaye mu mateka ya Bibiliya. Mu buryo bw’umwihariko, iyi nkuru yerekana ukuntu abana b’Imana, mbere n’ubwo baba bari mu bihugu vy’amahanga, bashobora gushingira intahe ukuri.

Igihe ico ari co cose ugezemwo, soma (canke cishamwo amaso) igitabo ca Esiteri mu gihe wiga icigwa c’ino ndwi.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 23 Kigarama 2023.*

**17 Kigarama 2023**

**KUJANWA MU BANTU B'IYINDI MICO KAMA**

Ntivyigera vyorooha kuba umunyamahanga mu kindi gihugu. Birashobora kugorana kuri twebwe uyu musu gutahura ivyo Abayuda bacyemwo, ubwa mbere muni y'ububasha bw'Abanyababuloni hama mu bw'Abaperesi.

Nta muntu n'umwe muri twebwe, nk'akarorero, aba mu gihugu kigizwe n'Abadivantiste gusa aho imyifato ngenderwako y'ukwizera kwacu, ku rugero runaka, ari yo igenga ico gihugu yonyene. Ariko imbere yo kujanwa ari inyagano, Abayuda bobo bahora bibera mu gihugu ca bonyene, aho imyifato ngenderwako y'ukwizera kwabo na yo nyene yari mu bigize amategeko agenga ico gihugu.

Ku rugero rumwe, niwiyumvire ukuntu ivyo vyategerezwa kuborohera cane kuba abizigirwa ku Mana. Uko biri kwose, mbega ni gute vyari vyoroshe cane kwubahiriza Isabato y'umusi w'indwi nimba, nk'uko biri, kwubahiriza Isabato y'umusi w'indwi vyari mu bigize amategeko y'iryo hanga?

Ku rundi ruhande naho, amateka meranda yatweretse ko uko amategeko y'ico gihugu yari atunganijwe kwose, mbere n'ubwo yashigikira ivyo kwizera, ubwizigirwa butegerezwa kududubiza buturutse mu mutima imbere, canke nk'uko biri icaha, ubuhakanyi, no kugwa nivyho bizozanana mu mutima imbere.

“ ‘Umwami Imana aravuga, at'Aba bantu ko bahora baza hafi yanje, bazanye akanwa kabo gusa, bakanyubahisha iminwa yabo, arikw'imitima yabo bakayishira kure yanje, n'ukunyubaha kwabo kukaba ar'icagezwe bigishijwe n'abantu' ” (Yesaya 29: 13).

Aho bitandukaniye, ku bantu bahisemwo kuba abizigirwa uko vyogenda kwose, mbere n'ubwo boba mu bihe bigoye ntibishobora kubabuza kwumvira Imana.

**Soma Daniyeli 1: 1-12; Daniyeli 3: 1-12; na Daniyeli 6: 1-9. Uko buri gihe cose cari kimeze kwose, mbega ni ibiki izi nkuru zihishura mu bijanye n'ingorane abantu b'Imana bashobora gucamwo iyo baba mu gihugu atari icabo?**

---

Uko turi kwose, aho tubaye hose, dusanzwe turi mu bihe bigoye ku rugero runaka, haba mu vy'amategeko ubwayo canke kubw'imico kama, canke vyompi uko ari bibiri, bishobora guteza ingorane ku kwizera kwacu no ku gikorwa cacu co gushingira Yesu intahe. Izi nkuru zo muri Daniyeli, n'ubwo zirangira mu buryo "bunejereje", zerekana ko n'ubwo hoba mu bihe bigoye gute abantu bashobora

kuguma ari abizigirwa ku Mana. Mbere n’ubwo atankuru n’imwe mur’izi yarangiye neza, nta nkeka aba bantu uko biri kwose bakoze ikintu ciza.

Mbega ni izihe zimwe mu ngorane ukwizera kwawe gucamwo mu gihugu cawe bwite? None uzifatamwo gute ?

---

---

## Ku wa kabiri

**18 Kigarama 2023**

### MURI SENTARE YO MU KINDI GIHUGU

Nk’uko biri, inyuma y’isenyuka rya Babuloni n’iyaduka ry’Abamedi n’Abaperesi, Abayuda benshi bahavuye basubira mu gihugu ca basekuruza babo. Ariko si bose basubiyeyo. Hariho bamwe bigumiye aho bahoze baba mu kiringo c’urunganwe rumwe canke rwinshi.

Dukurikije ako kahise mu bwenge bwacu, duca tumenya ibintu na bike vyariko biba igihe irya nkuru ya Esiteri yandikwa. “Ico gihe umwami Ahasiwerusi yar’ahanganye ku ngoma yiwe ku murwa i Shushani” (*Esiteri 1: 2*). Aha ni ho inkuru ya Bibiliya yerekanira ko ingoma y’Ubuperesi yari muni y’ubutware bw’uyu mwami.

Mu gice ca 1, umwamikazi Vashiti yatakaje ibakwe ry’umwami, ivyo bikaba vyacye bituma uwo mwami arondera uwundi mwamikazi, uwo gusubirira Vashiti atari agitonye ku mwami. Ni mur’ivyo bihe Esiteri na muvyarawe Moridekayi, baseruka ubwa mbere na mbere.

**Soma *Esiteri 2: 1-9*. Mbega ni ibiki iyi mirongo itwigisha mu bijanye n’uko ibintu vyari vyifashe kuri Moridekayi na Esiteri?**

---

---

Bisa n’aho Moridekayi nk’intwazangabo y’umwami, yari yicaye kw’irembo ry’ikirimba kandi ko mur’ico gihe yaba mu gisagara gikuru c’i Shushani aho yari yararereye umukobwa wiwe, canke muvyara wiwe Esiteri. Kubera icicaro cabo n’ukwo kuntu baba aho hantu, bari basanzwe bakurikiza imico kama y’Abaperesi. Ibi bitegerezwa kuba nimiburiburi biri mu mvo zatumye Esiteri atoranywa ngo arengutswe imbere y’umwami: “Esiteri na we ajanwa i bwami, ahabwa Hegayi nyene, yarinda abigeme” (*Esiteri 2: 8*).

**Soma *Esiteri 2: 10, 20*. Mbega ni ibiki vyariko biba ng’aha, kandi ni kubera iki vyabaye ngombwa ko Moridekayi amuha itegeko nk’iryo?**

---

---

N’ubwo ico gisomwa kitavuga neza na neza igituma, ntibigoye kwiyumvira. Nk’abanyamahanga mu kindi gihugu n’ukwizera kwabo gutandukanye nk’uko tuja kubibona, ivyo bishobora kuba vyari biteje ibibazo, babaye abanyabwenge mu kunyegeza umuryango wabo n’ubwoko bwabo.

**Mbega ni ibihe bihe wokwiyumvirako, aho bishobora kuba vyiza, kutagaragaza ibijanye n’ukwizera kwawe? Canke ntidukwiye kwigera tukunyegeza? Nimba tutokunyegeza, ni kubera iki atari vyo?**

---

---

## **Ku wa gatatu**

**19 Kigarama 2023**

### **IGISHINGANTAHE CO KWIZIGIRWA CA MORIDEKAYI**

Kubaho nk’uko bari babayeho mu gihugu c’amahanga, bitebe-bitebuke Moridekayi na Esiteri, nimba bategerezwa kuguma ari abizigirwa ku Mana, bishobora kuba vyabateje ingorane. Ibi, nk’uko biri, ni ko vyagenze kuri Moridekayi.

**Soma Esiteri 3: 1-15. Mbega ni ibiki vyashitse ng’aha, kandi ni kubera iki?**

---

---

Muri *Esiteri 3*, tubwirwa ko umwami Ahasiwerusi yari yaratonesheje Hamani mu kumuha igiti co hejuru cane kirangwa n’ububasha bwinshi. Abantu bose bari barabwiwe ko bategerezwa kumwunamira. Ariko dusoma ngo: “Ariko Moridekayi ntiyamwunamira, ntiyamwikubita imbere” (*Esiteri 3: 2*). Bibiliya ntitanga imvo zatumye Moridekayi adapfukamira uwo muntu. Ariko turazi igituma. Yari Umuyuda w’umwizigirwa ku Mana. Moridekayi ntiyagomba gutonesha umuntu yakomoka kuri Agagi, Abamaleki, abansi b’ubwoko bwiwe kuva muri Kuvayo (*Gusubira mu Vyagezwe 25: 19*). Mbega ni gute Umuyuda yari gushobora gupfukamira Umwamaleki? Canke, ku bw’ivyo, agasenga umuntu uwo ari we wese usivye Uhoraho?

“Maz’abagendanyi b’umwami bari ku kirimba ibwami, babaza Moridekayi, bati ‘N’iki gituma uca mu cagezwe c’umwami?’ ” (*Esiteri 3: 3*). N’ubwo tutazi mw’ido n’ido uko yishuye, umurongo ukurikira uvuga ko “Moridekayi yari yababariye ngo ni Umuyuda” (*Esiteri 3: 4*). Vy’ukuri mur’iyo nyishu, Moridekayi yararonse akaryo keza ko gusobanura ko wewe asanzwe asenga Imana yaremeye amajuru n’isi, ko

atokwubahuka gusenga ikiremwa muntu ico ari co cose gicumura. Ntankeka ku rugero runaka, Moridekayi yarashoboye gushingira intahe ukwizera kwiwe, ukwizera yari yumiyeko cane kugeza n’aho kumuteza imbogamizi ubwiwe, mbere, ikibabaje, n’abandi.

“Uhereye kuri Daniyeli na bagenzi biwe co kimwe na Moridekayi, umuco ukayangana cane warakayanganiye mu mwiza w’ivyo kwizera warangwa mu birimba vy’ubwami bwa Babuloni.” - Ellen G. White, *Adventist Review and Sabbath Herald*, May 13, 1884.

Igihe Namani yagomba guhonya Abayuda, yabagirije imbere y’umwami ngo ni “ubwoko busabagiye, bukwiye mu mahanga yo mu bihugu vyawe vyose; kand’ivyagezwe vyabo nta ho bihuriye n’ivy’ayandi mahanga yose, mwami: ni co gituma, mwami, bitabereye gupfa kubarekera ng’aho’ ” (*Esiteri 3: 8*). Ubwoko bufise imigenzo itandukanye n’iy’abandi bantu kandi butubaha ivyagezwe vy’umwami? Iki ni icagirizi gikwiye kwicisha umuntu.

**Mbega ni ubuhe buryo, mbere n’ubu, dushobora gusuzumwamwo nk’uko vyagezwe kuri Moridekayi? None dukwiye kwifata gute?**

---

---

## Ku wa kane

**20 Kigirama 2023**

**MU GIHE GISA N’IKI**

**Soma *Esiteri 4: 1-14*. Mbega ni kubera iki vyafashwe ko ico gihe cari kibereye ko *Esiteri* yimenyekanisha ubwiwe ko ari Umuyudakazi?**

---

---

Igihe Moridekayi yavugana na Esiteri ngo agire ico afasha, Esiteri yari amaze imyaka myinshi yubakanye na Ahasiwerusi, ariko hari hasanzweho itegeko mu Buperesi ryavuga ko ata muntu n’umwe yari gushobora kuza ku ntebe y’ubwami y’umwami adafise ubutumire buzwi bwavuye ku mwami. Umuntu wese atubahiriza iryo tegeko yaba ashize mu kaga ubuzima bwiwe. Esiteri, n’ubwo yari azi izo mbogamizi, yarashirutse umwete agenda mu cumba c’intebe y’umwami uko biri kwose, atatumwiwe.

Ukwizera kwa Moridekayi ni kwo kwakabuye ukwizera kwa Esiteri. Intimatima y’igitabo ca Esiteri iboneka mu majambo Moridekayi yabwiye Esiteri, ngo: “Maze Moridekayi na we arabatuma yishura Esiteri, ati Ntugire ngo ni wewe wenyene uzokira mu Bayuda bose, kuk’uri mu ngoro y’umwami. N’uko ni wapfa kwiyumya

mur'iki gihe, ntakizobuza Abayuda gutabarwa bakarokoka, ariko bivuye ahandi; ariko weho n'ab'inzu ya so muzohona? Nta wubizi, kumbure icakwimitse ng'ube umwamikazi n'ukugira ng'uz'useruke mu gihe gisa n'iki" (*Esiteri 4: 13, 14*).

Ukwizera kwa Esiteri kwashizwe ku munzane igihe Moridekayi yatera akamo ku rukundo afitiye ubwoko bwiwe. Nta muntu n'umwe yari bwamenye ko ari Umuyudakazi uretse gusa Moridekayi, kandi amaze gufata ingingo yo kugira uruhara, ntiyasusumiye gushira ubuzima bwiwe ku musitari.

Ukwizera Esiteri yari afitiye Imana kwari gukomeye cane, kandi yari asanzwe azi ko hatabaye gufashwa n'Imana ko atari gushobora kuroranirwa. Inyishu yahaye Moridekayi yahishura ukwizera kwiwe, aho yagira ngo: "Genda ukoranirize hamwe Abayuda bose bar'i Shushani, mwisonzeshe kubwanje, mumare imisi itatu ku murango no mw'ijoro mutagira ico murya canke munywa; nanje twe n'incoreke zanje tuzokwisonzesha durtyo nyene, mpeze mbone gushika ah'umwami ari, nah'ar'uguca mu cagezwe: kandi namba ndamukiwe no gupfa , mpefe!" (*Esiteri 4: 16*).

Moridekayi yaciye arungika ayo makuru mu Bayuda bose baba muri Shushani (Suza), kandi mu gihe bari bisonzesheje kandi basenga, Esiteri yaciye yitegurira ubwiwe ikiringo c'imbogamizi. Dusoma ngo: "Bukeye ku musu ugira gatatu, Esiteri yambara imyambaro yiwe y'ubwamikazi, aragenda ahagarara mu karusha ko ku ngoro y'umwami, aharabana n'iyi ngoro nyene; kand'umwami yar'avyagiye ku ntebe yiwe y'ubwami mu ngoro, atumberanye no mw'irebe. Nuk'umwami abonye umwamikazi Esiteri ahagaze mu karusha, Esiteri agira ubutoni imbere yiwe; umwami atunga Esiteri inkoni y'izahabu yar'afise mu minwe. Maze Esiteri aca yigira hafi, akora ku mutwe w'iyi nkoni." (*Esiteri 5: 1, 2*).

**Ku Bayuda mu gihe nk'iki nk'uko cavuzwe aha haruguru, gusenga neza na neza vyategerezwa kujanirana no kwisonzesha. Ni kuvuga, n'ubwo bakoze ivyo bashoboye gukora ku ruhande rwabo, gusenga ni vyo vyari biri ku ntimatima y'umwifato wabo. Mbega ni ikihe cigwa cibonekeza ng'aha dushobora gukura mur'ibi bintu?**



21 Kigarama 2023

## IGITANGAZA CA PURIMU

Abasesanguzi bo mu myaka ibihumbi n'ibihumbi yarenganye babonye ko izina ry'Imana ridaseruka mu gitabo ca Esiteri. Iki ni co gitabo conyene co muri Bibiliya ibintu nk'ivyo vyashitse. Ariko kandi, Abayuda bari bashoboye kubona ibikorwa vy'Imana mw'itabarwa rihambaye bagiriwe, kandi iki gitabo catoranjwe n'abantu b'Imana ngo gishirwe muri uyu muzingo wa Bibiliya.

Mbega turashobora kuvumbura ko Imana iri muni y'ivyo turabisha amaso yacu hejuru mu buzima bwacu bwa buri musi? Ibikorwa vy'Imana bishobora gufatwa nk'aho ari ibisanzwe, kama, kandi tubaye tutaravye neza ngo tubibone, ntituzomenya ko Imana iri kumwe na twe.

**Soma Esiteri 9: 1-12. Mbega ingaruka y'urya mwifato wa Esiteri yabaye iyihe ?**

---

Igitangaza ca Purimu cfashe ishusho idasanzwe. Ico gitangaza cari cinyegeje, ciyorobekeye mu bintu kama biboneka. Itegeko ryo kugeseza Abayuda ntiryavugurujwe, ariko haciye handikwa irindi tegeko, ryaha Abayuda bose uburenganzira bwo kwigwanirira.

Vyongeye, raba ikindi kintu cashitse, n'ukuntu Imana yashoboye gukora iciye mur'ivyo bintu. Abaperesi bahavuye babona ibikorwa vy'Imana vyo gutabara Abayuda.

None ni iyihe ngaruka?

“Maz'abantu benshi bo mu mahanga yo mur'ico gihugu batora idini y'Abayuda” (Esiteri 8: 1). Aka ni akarorero gahambaye kerekana ingene Imana yashoboye gukora kugira ngo igarure abari barazimiye ku kuyimenya.

Abarongozi bo mu Bayuda baramenye imikorere y'Imana. Igihe Abayuda baronka intsinzi mu kwigwanirira, baciye batangaza ikiringo ca buri mwaka (citwa Purimu) co kuzokwama bibuka kandi bigina ivy'intsinzi yabo. Iyi misi n'ubu bari cayimara bakengurukira Imana mu kwibuka ingene yabatabaye.

**Akamo 1: Senga usaba Imana kuguha ubushizi bw'amanga bwo kuzosabikanya n'umwe wo muri ba bandi bari kuri rwa rutonde rw'abo uzosengera mur'ino ndwi ivyo yagukoreye.**

**Akamo 2: Tanguza agatabo canke ikaye yo kwandikamwo ibintu bito bidasanze (canke bihambaye) Imana igukorera. Bisubiremwo kandi usenge ngo Imana izoshire ivyo bintu mu vyiyumviro vyawe igihe gikwiye gishitse kugira ngo ushobore kubisabikanya n'uwundi muntu.**

## **Ku wa gatandatu**

**22 Kigarama 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

“Kuri buri rugo rwose, kuri buri shuri ryose, kuri buri muvyezi wese, umwigisha wese, n'umwana wese yamaze gukayanganirwako n'umuco w'ubutumwa bwiza, mu bihe nk'ivyo bigoye hama haza nka kirya kibazo cabajijwe Esiteri umwamikazi mu bihe vyari bigoye mu mateka y'Abisirayeli ngo, 'Ntawubizi kumbure icakwimitse ng'ube umwamikazi n'ukugira ng'uz'useruke mu gihe gisa n'iki?' *Esiteri 4: 14.*” - Ellen G. White, *Education*, p. 263.

“Esiteri yari umwigeme w'akaranga keza w'Umuyudakazi, muvyara wa Moridekayi, yamurereye mu rugo rwiwe inyuma y'aho abavyeyi biwe bapfiriye, kandi yaramukunda nk'umukobwa wiwe yivyarira. Imana yakoresheje Esiteri mu gutabara Abayuda mu maboko y'Abaperesi.” (Icitonderwa: Aka gace gakurikira aha haruguru ni amajambo y'urwinjizo kashizwemwo ku bijanye na Esiteri mu gitabo *Daughters of God* ku rupapuro rwa 45 ariko ntiyanditswe na Ellen White. Ariko kandi, utu duce tubiri tw'aya majambo yakoreshejwe aha hepfo twotwo niwe yatwanditse).

“Mu bihe vya kera Uhoraho yama akora mu buryo bw'igitangaza aciye mu bagore bemeye kwitanga bakifatanya, mu gikorwa ciwe, n'abagabo yari yaratoranije ngo bahagarare nk'abaserukizi biwe. Yarakoresha abagore kugira ngo ashike ku ntsinzi zihambaye kandi ntabanduka. Ku ncuro zirenga imwe, mu bihe vy'ingorane zihutirwa, yarabashira imbere ku rugamba maze agakorera muri bo kugira ngo akize ubuzima bw'abantu benshi. Biciye muri Esiteri umwamikazi, Uhoraho yashoboye kurangura igikorwa c'ubutabazi gikomeme cane ku bana biwe. Mu gihe vyasa n'aho nta nkomezi zindi zoshobora kubakiza, Esiteri n'abandi bagore bari bafatanije nawe, biciye mu kwisonzeshya no mu gusenga n'igikorwa kinyarutse, yarahanganye n'ikibazo, maze azana agakiza ku bwoko bwiwe. . . .

“Icigwa c'ibikorwa vy'abakenyezi bafatanije n'ubugombe bw'Imana mu bihe vyo mw'Isezera rya Kera bizotwigisha ivyigwa bizotubashisha guhangana n'ibibazo vyihutirwa mu gikorwa c'Imana uyu musu. Turashobora kutarinda gushika mu kibanza kigoye kandi gihambaye nk'ico abana b'Imana babayemwo mu gihe ca Esiteri, ariko

kenshi na kenshi abagore bihanye nya kwihana barashobora kugira uruhara rukomeye mu bibanza bibayabaye. Ivyo ni vyo benshi bagiye bakora kandi ni na vyo n’ubu bagikora.” - Ellen G. White, *Daughters of God*, pp. 45, 46.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Igitabu ca Esiteri ntikidusigira ibibazo na bimwe bitishuwe, cane-cane birya bijanye n’uruhara rwa Esiteri mu kirimba c’umwami, mbere n’ubwo yari yarashizwe hejuru mu kibanza c’umwamikazi. None ni gute tujanisha ivyo bintu n’ukwizera kwiwe, canke ubwo turabishobora?
- 2** Arya majambo ahambaye ya Esiteri ngo: “ ‘namba ndamukiwe no gupfa, mpfe’ ” (Esiteri 4: 16), yagumye asamirana mu myaka ibihumbi n’ibihumbi yarenganye nk’akarorero k’ubwizigirwa n’imbere y’urupfu. Mbega ni gute aya majambo yiwe afatira ku bintu abana b’Imana bazocamwo mu misi ya nyuma, igihe ibibazo vyo mu Vyahishuwe 13 bizoshirwa mu ngiro?
- 3** Mu mugwi wanyu, nimuce irya n’ino kirya kibazo kiri ku mpera y’icigwa co ku wa kabiri, kijanye no kudaserura ukwizera kwawe mu bihe bimwe-bimwe. Mbega ivyo ni ko bikwiye kwama biri buri gihe cose kuri twe?

**23 – 29 KIGARAMA 2023****IHEREZO RY'IGIKORWA C'IMANA CO  
KURONDERA ABAZIMIYE****KW'ISABATO KU MUGORоба, 23 KIGARAMA 2023**

**IBISOMWA VY'ICIGWA CA RINO YINGA AHO BIBONEKA** *Ivyahishuriwe Yohana 1:1–7; 1 Petero 2:9; Ivyahishuriwe Yohana 14:6–12; Luka 11:23, 1 Timoteyo 2:4; Ivyahishuriwe Yohana 21:1–4.*

**UMURONGO WO GUFATA KU MUTWE:** “None, kw’ivyo vyose bizoshonga birtyo, mukwiye kumera mute mu ngeso zera no mu kwubaha Imana, no mu kurereka ukuza kw’umusi w’Imana muwuhahamiye, uzotuma amajuru ashongeshwa no gusha, kand’ivy’itanguriro vyose bikayagishwa n’ikibengebenge gikaze?” (2 Petero 3: 11, 12).

Igitabo c’*Ivyahishuriwe Yohana* cuzuza mu bwenge bw’abantu ibintu bizoshika mu gihe c’iherezo. Intimatima y’ico gitabo ivuga ibijanye n’intambara ihambaye hagati ya Kristo na Satani. Satani yaratakaje inganji yari afise kw’isi, none ubu asigaye akurikirana abantu bagumye ari abizigirwa ku Mana. Ico gitabo gisozerera ku muzo wa kabiri wa Yesu aje gucungura abana biwe, baba abagororotsi bazoba bakiri bazima n’abo bose bapfuye ari abagororotsi uhereye igihe Adamu na Eva bagwira mu caha. Ico gitabo kitwereka kandi, iherengetezwa rya Satani n’abanyavyaha hakoreshejwe umuriro, n’ishingwa ry’ubwami bwa Yesu buhoraho kw’isi yagizwe nshasha.

Abanyeshuri b’igitabo c’ *Ivyahishuriwe Yohana* banezerezwa no gusesangura canke kurondera kumenya birya bimenyetso vyahanuwe hamwe n’ibintu biranga amateka y’ishengero uhereye mu kinjana ca mbere inyuma ya Kristo gushika mur’ino misi yacu y’igihe c’iherezo. Bari mu kuri mu gukora ukwo.

Ariko kandi, muri kino cigwa canyuma c’ano mezi atatu, tuzobona ko iki gitabo c’ *Ivyahishuriwe Yohana* ari gitabo c’ivugabutumwa gitumbereza ku gikorwa c’Imana co kurondera abazimiye ba bandi iduhamagarira kuba ishengero ryo kurondera abazimiye. Umuhamagaro wacu wo kumenyekanisha “ukuri kwa kino gihe” kw’isi uzokwamaho gushika aho umuntu wese azohitiramwo kuza canke kutaza ku Mana.

*\*Nimwige icigwa ca rino yinga kugira ngo mwitegurire Isabato, yo kw’igenekerezo rya 30 Kigarama 2023.*

**24 Kigarama 2023**

**IVYAHISHUWE: IGIKORWA CANYUMA C'IMANA  
CO KURONDERA ABAZIMIYE**

Imirongo itangurira iki gitabo c' *Ivyahishuriwe Yohana* yereka umusomyi ko iki gitabo gishimikiye ku gikorwa ca nyuma c'Imana co kurondera abazimiye.

**Soma *Ivyahishuriwe Yohana* 1: 1-7. Mbega ni mu buhe buryo ubonamwo ibimenyamenya vyerekana ko igitabu c' *Ivyahishuriwe Yohana* gishimikiye koko ku gikorwa c'Imana co kurondera abazimiye mu misi y'iherezo?**

---

Inyuma yo guhishura mu mirongo ya mbere na mbere ko Yesu ari we soko n'umushinge w'iki gitabo c' *Ivyahishuriwe Yohana*, *Ivyahishuriwe Yohana* 1: 4, 5 hafatira kuri burya Butatu Bweranda bugize Imana imwe, bariko bakorera hamwe kugira ngo bakize ibiremwa bantu. Data yamaho ibihe bidashira yamyeho kandi ariho kandi agiye kuza. Mpwemu Yera, nawe akaba ari we ariko akorana inkomezi nyinshi mu mashengeru yo mu kinjana ca mbere, yaravuzwe. Hama Yohana yaciye yandika igihagararo ca Yesu Krito - "icabona co kwizigirwa," "imfura y'abari barapfuye," (*Ivyahishuriwe Yohana* 1: 5), yegukiye ububasha kuri uno mubumbe w'isi. Intumbero ya Satani yo gushaka gukoresha ab'isi ngo ashireho ubwami bwiwe yaraneshejwe. Ikindi kandi ku ntsinzi y'Imana kuri Satani, Umuremyi wacu yemeye asesha amaraso kugira ngo atwoze icaha n'isoni vyacu.

**Soma *Ivyahishuriwe Yohana* 1: 6 na *1 Petero* 2: 9. Mbega aya mabanga avugwa ku bacunguwe mur'iyi mirongo asigura iki?**

---

Intumbero y'igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye si iyo gukwega abantu bazimiye ngo ibahe uburuhukiro gusa. Agakiza k'Imana gatanga igihagararo n'agateka gashasha, kuko ishusho y'Imana yasubijwe itoto muri twe. Abo bacunguwe baca bahinduka abami kubera ko bogejwe n'amaraso y'Umwami w'ijuru n'isi biciye mu maraso Yesu yasheshe. Ubu rero, nk'abagize umuryango w'abami, duca tuja na twe mu gikorwa c'umuryango w'abami co kuronderera agakiza ibindi biremwa bantu. Ibi bituma ducika abaherezi! Yesu yahinduye ishengeru ryiwe "ubwami" hama abarigize na bo abahindura "abaherezi." Kuba umuntu wo muri ubwo bwami ni kuba umuherezi.

Mu *Ivyahishuriwe Yohana 1: 7*, tuhabona igituma igikorwa co kurondera abazimiye cihutirwa cane: Yesu agiye kugaruka, kandi amahanga azoboroga kuko yazimiye. Imana irondera abo bose bari nk'abanyamahanga kuri yo.

Igitabu c' *Ivyahishuriwe Yohana* gitangurwa, rero, n'igikorwa c'Imana co kurondera ibiremwa bantu vyazimiye.

**Ntitwaremwe gusa n'Imana, ariko kandi twacunguwe na yo, kandi harinze gutangwa ikiguzi kinini cane, nyene. None ni kuki ukuri nk'ukwo kutoduha ivyizigiro vyinshi, uko twoba tumeze kwose muri kino gihe?**

## **Ku wa kabiri**

**25 Kigarama 2023**

### **UBUTUMWA BW'ABAMARAYIKA BATATU N'IGIKORWA CO KUJA KURONDERA ABAZIMIYE**

Igitabo c' *Ivyahishuriwe Yohana* kiduha ishusho ikomeye kandi kigereranya ingingo y'intambara ihambaye, kumbure aho yavuzwe mu buryo buhambaye akaba ari mu *Ivyahishuriwe Yohana 12: 12*, ngo: "Nuko noneho munezerwe mwa majuru, namwe abayamwo. Ibara rizobonwa n'isi n'ikiyaga, kuk'Umurwanizi yabamanukiye, ari n'inzigo nyinshi, azi kw'afise igihe gito." Biragoye kwiyumvira ukuntu umuntu uwo ari we wese ashobora gutahura ikintu ico ari co cose mu Vyanditswe Vyera uretse imvo y'intambara ihambaye, iyo na yo ikazoshika mu misi y'iherezo.

**Soma *Ivyahishuriwe Yohana 14: 6-12*. Mbega ni igiki cavuzwe ng'aha, kandi ni ibiki iyi mirongo ihuriyeko n'ubutumwa bwacu bwo kuja kurondera abazimiye?**

---

Ikiri ku ntimatima y'igikorwa co kuja kurondera abazimiye, igikorwa c'Imana co kurondera abazimiye, ni ubutumwa, ubutumwa bw'Imana: ubutumwa bwiza. Ubwo butumwa, mu vy'ukuri, ni igikorwa co kuja kurondera abazimiye. Isi irakeneye kuburirwa ku bijanye n'ibintu bigiye kuyishikira, kandi buri muntu wese azohatigwa guhitamwo, guhitamwo kumbure ubugingo canke urupfu.

“ ‘Utamperereyeko aba ar'umwansi wanje, kand'udafataniye nanje kwegeranya aba asanzaje’ ” (*Luka 11: 23*).

**Mbega ni ibiki Yesu ariko avuga ngaha bihurirana neza na neza n'igikorwa cacu co kuja kuburira abazimiye?**

---

---

Burya butumwa bw'abamarayika batatu bwo mu Ivyahishuriwe Yohana 14 bugize ipfundo, intimatima, y'igikorwa twebwe Abadivantiste b'umusi w'indwi twahamagariwe, ico na co akaba ari kwamamaza kw'isi ubutumwa bwiza. Ku ntimatima yaco, hari ingingo zibiri: "ubutumwa bwiza butazoshira" (Ivyahishuriwe Yohana 14: 6) no gusenga Umuremyi. Izi ngingo uko ari zibiri ziseruka mw'isobanurwa ry'abera ngo: "Aho ni ho ukwihangana kw'abera guserukira, bitondera ivyagezwe n'Imana n'ukwizera Yesu" (Ivyahishuriwe Yohana 14: 12). Ivyo ari vyo vyose bindi dukora – ivyiza vyose dukora mu gufasha abantu - ntidutegerezwa namba kwigera dukora mu maso yacu uwo muhamagaro wacu udasanze n'igikorwa twahawe co kuja kurondera abazimiye, ivyo na vyo bikaba bijanye no gutangariza abazimiye mw'isi ivyizigiro bibonerwa mu "butumwa bwiza butazoshira," co kimwe no kuburira isi ibizohava biyishikira umusi umwe.

**" 'Utamperereyeko aba ar'umwansi wanje' " (Luka 11: 23). Mbega ni gute utahura ivyo Yesu ariko avuga ng'aha? Mbega ni kubera iki aya majambo akwiye kudukangurira gusuzuma aho imitima yacu iri mu vy'ukuri?**

## **Ku wa gatatu**

**26 Kigarama 2023**

### **INTAMBARA YA NYUMA**

Yesu yabwiye abigishwa biwe co kimwe na twe ngo: "Nuko ni mugende, muhindure amahanga yose abigishwa, mubabatiza mw'izina rya Data wa twese n'iry'Umwana n'irya Mpwemu Yera; mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Umve, ndi kumwe namwe imisi yose, gushitsa ku muhero w'isi" (Matayo 28: 19, 20). Iyi ni yo Nshingano Nyamukuru, kandi mu buryo bwinshi burya butumwa bw'abamarayika batatu, hamwe n'akamo ku "mahanga yose, imiryango yose, indimi zose, n'amoko yose" (Ivyahishuriwe Yohana 14: 6), si ikindi uretse gusa kuba ari kwo "ukuri kuri muri mwebwe" (2 Petero 1: 12) kwerekana iyo nshingano nkuru.

**Soma 1 Yohana 4: 8; 2 Petero 3: 9; 1 Timoteyo 2: 4; n'Itanguriro 12: 3. Mbega ni kubera iki buri mugwi wose w'abantu ari ngirakamaro ku Mana?**

---

Urukundo rwa Kristo ni urw'abantu bose, adakuyemwo umugwi n'umwe w'abantu. Ibi bitandukanye n'inyigisho nyobokamana yigisha ko Kristo yapfiriye gusa abantu batoranirijwe gukizwa gusa, Bibiliya iratomora ko urupfu rwa Kristo rwari urw'abantu bose, atarinze kurabira ku bwoko, kw'ihanga, canke ku kindi kintu ico ari co cose. Nimba uri ikiremwa muntu, Kristo yapfuye kubwawe. Nta kindi. Ikibazo conyene gisigaye kuri buri wese ni iki ngo, *Mbega wishura gute kuri urwo rupfu?*

Yesu niyagaruka, hazobaho gusa inkambi zibiri zibonekeza: barya bantu bishize muni y'ububasha bwa Satani biciye mu bigo vy'amadini no mu vya za politike nk'uko vyerekanywe mu *Ivyahishuriwe Yohana* 13 na 17, na barya biyeguriye Yesu Kristo ijana kw'ijana, bamwe ukwizera kwabo kwagaragajwe no kwitondera "ivyagezwe vy'Imana" (*Ivyahishuriwe Yohana* 14: 12).

Kuva mbere na mbere hose, ibiremwa bantu banye bafise ibimenyamenya vy'uwo Imana iri n'inzira yayo y'ubugororotsi n'urukundo (*Abaroma* 1: 18-21). Kubw'ivyo, abantu bose uherye mu myaka yarenganye bazocirirwa urubanza hisunzwe ukuntu bagendanye n'Imana n'ukuntu babayeho – hatisunzwe ivyo batahuye canke batatahuye uko bingana (*Abaroma* 2: 11-16).

Ariko muri kino gihe c'iherezo, hariho iyongerekana ry'uruvangitirane rw'ibintu, kandi ukwishira no kwizana kw'umuntu mu bijanye n'agatimanama kiwe ntibizongera kwubahirizwa. Abantu bazohatirwa kwifatanya n'uruhande rwa Satani. Birihutirwa rero ko ubutumwa bwiza buvugwa kandi ko inkuru ibabaje y'inzira n'imikorere vya Satani bishirwa ahabona. Kandi ivyo ni vyo neza na neza burya butumwa bw'abamarayika batatu, n'igikorwa cacu co kuja kurondera abazimiye, bitumbereyeke.

**Tsimbatara kuri uku kuntu Kristo yagupfiriye ubwawe. Mbega ni igiki kumbure cotuma wiyumvira ko ikintu icyo ari cyo cose wakoze, n'ubwo coba ari kibi gute, kitobura kuba carahongewe mu buryo buhagije kubw'urupfu rwa Kristo ku musaraba?**

---

---

**Ku wa kane**

**27 Kigarama 2023**

## **INTSINZI MU GIKORWA CO KURONDERA ABAZIMIYE**

Mbega intsinzi mu gikorwa co kurondera abazimiye ni iki? Duhakwa kugwa mu kigeragezo co kwiyumvira ko ari imibatizo myinshi, insengeru nini twubaka, n'iyongerekana ku bwinshi ry'ibitigiri vy'abizera. Duhakwa kandi kwishiramwo ko iyo ntsinzi igizwe no kwinjira mu migwi yose y'abantu mw'isi tujanyeyo ukuri kandi ko dushobora kubunyarutsa mu gukoresha amaradiyo, internets, na za televiziyo. N'ubwo ivyo vyose bishobora kuba vyiza, dutegerezwa kwibuka ko Pawulo yandikiye ishengeru ry'abizera b'i Korinto ngo: "Ni jewe nateye imbuto, Apolo arazivomera, arikw'Imana ni yo yazikujije" (*1 Ab'i Korinto* 3: 6). Mu yandi majambo, intumbero yacu ni iy'uko twoja ku gikorwa; intumbero y'Imana ni uko hobaho iyongerekana.



Twamaze kubona ko ihangiro ry'igikorwa c'Imana co kuja kurondera abazimiye ari iryo gukiza abazimiye bo muri buri mugwi wose w'abantu baba kw'isi biciye mu kubahindura abigishwa ba Yesu binjijwe mu gikorwa ciwe co kurondera abazimiye.

**Soma iyi mirongo ikurikira. Mbega ni ibiki itubwira bijanye na kamere ka barya bantu bahinduka abagendanyi ba Yesu?**

*2 Ab'i Korinto 11: 2*

---

*Yesaya 30: 21; Yohana 10: 27; Yohana 16: 12, 13*

---

*2 Ab'i Tesalonike 2: 9-11; Abaheburayo 3: 12, 13; 1 Yohana 1: 8*

---

*1 Yohana 1: 9; Ivyahishuwe 7: 14; Ivyahishuwe 19: 8*

---

Abigishwa ba Yesu baratunganye, baguma ari abizigirwa kuri we nk'uko umugeni aguma atunganiye umugabo wiwe. Bakurikira Yesu kuko abayoboresha akajwi kongorera ka Mpwemu Yera. Ibi birimwo kutuyobora no mu gikorwa co kuja kubwira abandi ubutumwa bwiza. Ntakumaramara kuri mu bigishwa. Ntibajanwa akayombekere no gukekeranya, inyigisho z'ibinyoma, canke ibikorwa vy'isoni nke. Kandi ntibigera biyumvamwo ko bari hejuru y'abandi mu bijanye n'imyifato runtu. Bemanga ko ari abanyavyaha, maze bagasaba kwezwa n'ubuntu bw'Imana kandi bakagirirwa imbabazi. Kubwo gutahura ivyo, baguma kandi biteze kwakira inkebuzo n'impanuro ziva ku bandi bizera. Kuroranirwa mu gikorwa co kurondera abazimiye birangirira mu gushiraho ubwoko nk'ubwo bw'abigishwa.

**Mbega kuba “inkumi itunganye” (2 Ab'i Korinto 11: 2) bishaka kuvuga iki? Mbega ni gute, twebwe abanyavyaha, dushobora kumera gurtyo imbere y'Imana kandi tukerekeza n'abandi ku kuba inkumi kuri Kristo, na bo nyene?**

**IGIKORWA CO KURONDERA ABAZIMIYE CARANGIYE**

**Soma Iyahishuriwe Yohana 21: 1-4 n' Iyahishuriwe Yohana 21: 22-22: 5. Mbega ni ibiki bizoba vyavuzwe ng'aha?**

---

Mbega ukuntu isi nshasha izoba ari paradizo! Urupfu n'icaha bizoba vyarangiye, Satani n'abanyavyaha barakuweho. Tuzohura n'Umukiza wacu w'umunyarukundo kandi twongere guhura n'abakunzi bacu. Kandi iyo si nshasha izoba igizwe n'abantu baturuka mu moko yose no mu ndimi zose.

Inama nshingwabikorwa ya Konferanse Jenerale yaratoye itegeko rishiraho ibikorwa vyo gushikana ubutumwa kw'isi yose (Misiyo Globale) rishobora gukoreshwa mu kuraba ko umugwi w'abantu munaka washikanywemwo canke utarashikanwamwo ubutumwa bwiza. "Umugwi w'abantu wabwiwe ubutumwa bwiza" ni urya ufise igitigiri kiboneka c'abizera n'uburyo buhagije buwubashisha gushingira Kristo intahe neza ku wundi mugwi w'abantu batarinze gusaba ubufasha bwo hanze; ukaba ukurikiza neza urutonde rw'imigirwa yo gusenga, ufise za Bibiliya, n'ibindi bitabu mu rurimi rwabo kavukire; kandi hakaba harimwo n'abizera bashobora kuba abarongozi b'ishengero na bo nyene bashobora gushingira intahe abandi basigaye bo muri uwo mugwi wabo batarinze gukenera umusemuzi.

"Umugwi w'abantu utarabwirwa ubutumwa" ni urya uba utararonka abagize ishengero ry'Abadivantiste b'imvukira ku gitigiri gifadika kandi batararonka uburyo bukwiye bwobabashisha gushingira intahe neza ababanyi babo batarinze kurondera ubufasha buvuye ahandi hantu hanze y'umuco kama wabo.

Burishengero ryose ry'intango na misiyoni bategerezwa kurondera imigwi y'abantu iri mu karere kabo ikeneye kubwirwa ubutumwa. Ubu harageze gusuzuma mu gikorwa c'Imana co kuja guhindura abigishwa mu migwi yose y'abantu, tunyarutse ukugaruka kw'Umukiza wacu, hama, tuzobane nabo mw'ijuru risha no mw'isi nsha twateguriwe ng'aha.

**Akamo 1: Mbega ni gute uriko urihutisha ukugaruka kwa Kristo? Mbega uriko uteragira imbuto z'ivyizigiro mu mitima ya barya bantu bakeneye kwumva inkuru nziza? Mbega uriko "uvomerera" abizera bashasha mu kubafasha kumenya ico ari co kubaho ubuzima bwo kwumvira Kristo? Senga kugira ngo uzoronke akaryo keza ko kubwira ba bantu washira kuri rwa rutonde rw'abo usengera buri musu isezzerano ry'isi yagizwe nshasha.**

Akamo 2: Bamwe mu “bigishwa” bawe bashobora kuba biteguriye kwakira Kristo. Ibi bikaba birimwo no kwifatanya n’ishengero canke umugwi w’abizera. Niwishire ubwawe mu kibanza c’uwo muntu hama wiyumvire ko uri mu rusengero ku ncuro ya mbere. Mbega ni ubuhe bwoko bw’ubuzima wogira? Mbega ishengero ryanyu ryiteguye gute kwakira no guhindura umwigishwa umuntu mushasha?

Mbega uriteguriye gutanguza imigwi mishasha y’abizera, aho kuguma mwongerereza gusa ibitigiri vy’ishengero ryanyu ryari rihasanze? Rondera inzira zotuma mushikana ubutumwa mu turere dushasha. Sangiza abarongozi b’ishengero ryawe ico cyumviro cawe, hama ukorane na bo mugushiraho integuro yotuma muba ishengero rifise ishaka rinini ryo guhindura amahanga abigishwa.

## **Ku wa gatandatu**

**29 Kigarama 2023**

### **IBINDI VYO KWIGA NO KUZIRIKANA**

“Umugambi uhambaye w’agakiza watumye isi yongera kugirirwa ibakwe n’Imana. Ivyo twari twaratakaje kubera icaha vyarongeye gusubizwa itoto. Si umuntu gusa ariko n’isi yose yaracunguwe, kugira ngo izobe ubwami buhoraho bw’abumvira. Mu kiringo c’imyaka ibihumbi bitandatu yose Satani yaguma anyinyurana ngo arabe ko yoguma yiganzira isi. Noneho ubu hoho intumbero kama y’Imana mu kurema isi yarashikijwe. ‘Abera b’Isumbavyose bagiye kwegukira ubwami, kandi baganze ubwo bwami ibihe bidashira, bongere bisubirize ibihe bidashira nyene.’ ” - Ellen G. White, *Patriarchs and Prophets*, p. 342.

Ariko imbere y’uko ivyo biba impamo, ni ahacu ho gukorana n’Imana mu gikorwa cayo co kurondera abazimiye mu gushikiriza ab’isi ubugumwa bw’imburi kugira ngo abantu nibabwemera bazoshobore kuba mw’isi nshasha Imana yasezeranye.

Nditeze kubona abakozi benshi ku gikorwa co kurondera abo bose batazi ibimenyamenya vyerekana ukwizera kwacu. Hari abantu benshi bakiwe n’umuco mwinshi biciye mu kwumva ubutumwa bw’abamarayika batatu, none ubu bategerezwa kuja kuvuga ubwo butumwa mu bice vyose vy’isi. Ndipfuza kurangura uruhara rwanje kandi nugururire abandi inzira yo gucamwo batwaye uwo muco w’ukuri. Ndasaba Imana ngo idufashe kwambara ibigwanishwa vyose. Abigishwa bategerezwa kwunga urunani mur’ico gikorwa gihambaye co kuvuga ubutumwa bw’imburi bwa nyuma kw’isi.” - Ellen G. White, *Letter 390, 1907* (iri ntiryashizwe mw’icapiro).

Muri ano mezi atatu yose twize ubwoko butandukanye bw’ibibazo bijanye n’igikorwa c’Imana co kurondera abazimiye. Iyi ndwi twaheraheje icigwa cacu mu guca irya n’ino ibintu nyamukuru vyo mu gitabo c’ Ivyahishuriwe Yohana bidufasha

gutahura uko imigenderanire yanaguwe hagati yacu n’Imana imeze, kandi, kw’iherezo y’iki cigwa twarabiye hamwe imbono y’igikorwa co kurondera abazimiye ko kigeze ku musozo waco – isi yagizwe nshasha kandi yasubijwe itoto. Mu gihe bizwi ko isenyurwa ry’icaha n’imibabaro azoba ari ibihe biteranye ubwoba cane kuruta ibindi vyose vyabayeho mu mateka y’isi, Imana yaciye itwereka igihe kirengeye iryo senyurwa maze iduha ihumure n’umwete biri mw’isezerano ry’isi yasubijwe itoto.

### **IBIBAZO VYO KWIGIRA HAMWE**

- 1** Mbega “ubutumwa bwiza butazoshira” ni iki? None ni kubera iki “butazoshira”? Kandi ni kubera iki ivyo bwigisha ari vyo bitegerezwa kuba umushinge w’igikorwa cacu co kurondera abazimiye?
- 2** Mbega ni kubera iki dushira akatuzo kanini kuri burya butumwa bw’abamarayika batatu? Mbega wishura gute ku ciyumviro kivuga ko dukeneye gushimikira gusa kuri Yesu aho gushimikira ku kintu dufata ko ari “kibi” nk’ubu butumwa, bumwe bwuzuyemwo imburi zikomeye cane?
- 3** Mbega ni gute iki cigwa c’aya mezi atatu cagufashije gutahura neza ko akamaro k’igikorwa co kuja kurondera abazimiye atari vyo vyonyene bihambaye gusa ariko kandi ko n’ukuntu wewe ubwawe n’ishengero mushobora kubigiramwo uruhara na vyo nyene bihambaye, kuko ari vyo twahamagariwe gukora?